ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HÁM ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAĞI QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI

Qoljazba huqıqında

UDK: 82-1/-9:371.3

Paxratdinova Aruxan Kerimberdiyevna

# Akademiyalıq liceylerde hám kolledjlerde «Ádebiyat qağıydaları» pánin oqıtıw usılları

Magistratura bólimi 5A120101-Ádebiyattanıw qánigeligi
(Qaraqalpaq ádebiyatı)
Magistr akademiyalıq dárejesin alıw ushın jazılğan dissertaciya

MAKda jaqlawğa ruxsat
Magistratura bólimi baslığı
_______doc. GulimovA.

Kafedra baslığı:_________________ doc.Dosımbetova A.

Ilimiy basshı: _________________doc.Genjemuratov B.

NÓKIS - 2018

# M A Z M U N I

KIRISIW ........................................................................................ 3

TIYKARĠI BÓLIM :

**I BAP. Akademiyalıq liceylerde hám kolledjlerde «Ádebiyat qaǵıydaları» pánin oqıtıwdıń teoriyalıq hám ámeliy áhmiyeti.............** 10

I.1.«Ádebiyat qaǵıydaları» páni boyınsha dúzilgen úlgi oqıw baǵdarlamasına sholıw........................................................................ 10

I.2. Pándi oqıtıwda ilimiy-teoriyalıq ádebiyatlar ........................................ 14

**II BAP. «Ádebiyat qaǵıydaları» pánin oqıtıwdıń usılları.........................** 23

II.1. «Ádebiyat qaǵıydaları» pánin ótiwde dástúriy oqıtıw usıllarınıń áhmiyeti........................................................................................ 24

II.2. «Ádebiyat qaǵıydaları» pánin interaktiv usıllardı qollanılıp ótiw máseleleri........................................................................................ 35

**III BAP. «Ádebiyat qaǵıydaları» páninde sabaqtan tıs jumıslar.............** 58

**III**.1. Dógerek jumısların shólkemlestiriw................................................... 60

**III**.2. Konferenciyalar, kitapxanalar, muzey hám teatrlarǵa sayaxatlar shólkemlestiriwdiń áhmiyeti...................................................................... 70

JUWMAQLAW........................................................................................ 76

PAYDALANÍLĠAN ÁDEBIYATLAR ...................................................... 80

## Kirisiw

**Temanıń tiykarlaması hám aktuallıǵı.** Watanımızdıń keleshegi bolǵanjas áwladtıń ruwxıy dúnyasın tárbiyalawda ádebiyattıń ornı ayrıqsha áhmiyetke iye. Kórkem shıǵarma oqıw insandı, onıń sanasın hár tárepleme jetilistiredi, oy-órisin rawajlandıradı. Joqarı poetikalıq talǵam menen jazılǵan shıǵarma xalıqtıń, millettiń, hátteki ulıwma insaniyattıńádebiy miyrası bolıp qalıwı múmkin.

Ózbekistan Respublikası Prezidenti SH.M.Mirziyoevtıń 2017-jıl 12-yanvardaǵı «Kitap ónimlerin basıp shıǵarıw hám tarqatıw sistemasın rawajlandırıw, kitap oqıwdı hám kitapqumarlıq mádeniyatın arttırıw jáne úgit-násiyatlaw boyınsha komissiya dúziw hakkında»[1]ǵı Biyligi óz waqtında shıqtı hám ol jas áwladtı tereń bilimli, joqarı mánawiyatlı etip tárbiyalawda kútá áhmiyetli. Ásirese, bul úlken áhmiyetke iye tariyxıy waqıya mekteplerdegi, akademiyalıq litseylerdegi hám kolledjlerdegi qaraqalpaq tili hám ádebiyatı muǵallimleri ushın quwanıshlı waqıya bolıp, jámiyetshilik onı joqarı kóterińkilik ruwxta kútip aldı.

Jaslardı erkin pikirge iye intellektual tulǵa etip qáliplestiriwde mekteplerde, akademiyalıq liceyler hám kollejlerde ótiletuǵın ádebiyat pánleriniń ornın hesh nárse toltıra almaydı. Ádebiy shıǵarmanıń tereń mazmunın tolıq túsiniw ushın ádebiy teoriyalıq túsiniklerdi tereńózlestiriw talap etiledi. Hámmemizge málim, Ózbekistan Respublikasında bilimlendiriw hám tárbiya sistemasın túp-tiykarınan reformalaw, onı globallasıw processiháwij alıp turǵan zaman talapları dárejesine kóteriw joqarı oqıw orınlarındaǵı jetilisken qánige kadrlardı tayarlawshı jámáátlerdiń tiykarǵı hám áhimyetli salasına aylandı.

“Bilimlendiriw haqqındaǵı Nızam”, sonday-aq, “Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması” bilimlendiriw tarawında, ásirese gumanitar tarawdagı pánlerdi oqıtıwda ámelge asırılatuǵın islerdiń maqsetin, wazıypaların hám baǵdarların anıq belgilep berdi. “Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması”nda oqıwshılardıń qabilyetleri hám imkaniyatlarına qarap, basqıshlarǵa ajıratılǵan bilimlendiriw sistemasın tolıq ámelge asırılatuǵınlıǵı ayrıqsha atap ótilgen. Usı talaplardı basshılıqqa ala otırıp hár qanday oqıw ornınıń oqıtıwshısı zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı qollanǵan halda tálim-tárbiya islerin júrgiziwi zárur.

Akademiyalıq liceylerde qaraqalpaq awızeki ádebiyatı, qaraqalpaq klassikalıq ádebiyatı hám qaraqalpaq ádebiyatı tarıyxı pánleri qanday áhimyetke iye bolsa, oqıwshılardıń dúnyatanımın, ómirge bolǵan kózqarasın

---

[1] Мирзиёев Ш.М. Китап өнимлерин басып шығарыў ҳәм тарқатыў системасын раўажландырыў, китап оқыўды ҳәм китапқумарлық мәдениятын арттырыў җәне үгит-нәсиятлаў бойынша комиссия дүзиў ҳаққында. «Еркин Қарақалпақстан» №7, 14-январь, 2017-жыл

qáliplestiriwde hám rawajlandırıwda “Ádebiyat qaǵıdaları” pániniń de atqaratuǵın funkciyasıúlken. Usınday joqarı talaplarǵa bola 2010-jıllardan baslap “Ádebiyat qaǵıydaları” páni Ózbekistan Respublikası hám Qaraqalpaqstandaǵı akademiyalıq liceylerde arnawlı ótilmekte. Biraq, tilekke qarsı bul pán boyınsha arnawlı sabaqlıq yáki oqıw qollanba elege shekem joq ekenligi sır emes.

Akademiyalıq licey oqıtıwshıları bul pán ótilgende, tiykarınan, S.Axmetov hám Q.Sultanovtıń “Ádebiyattanıw” (Nókis, “Qaraqalpaqstan” baspası, 1987), S.Axmetov, J.Esenov hám Q.Járimbetovtıń “Ádebiyattanıw atamalarınıń russha-qaraqalpaqsha túsindirme sózligi” (Nókis, "Bilim", 1994), Q.Járimbetovtıń “Ádebiyattanıwdan sabaqlar” (Nókis, “Qaraqalpaqstan” baspası, 2012) sabaqlıqların paydalanılıp kiyatır. Al, akademiyalıq liceylerdińózbek tili toparları ushın X.Umurovtıń avtorlıǵındaǵı “Adabiyot qoidalari” (Toshkent, “Oqituvchi”, 2002) sabaqlıqlarıbar. Qaraqalpaq akademiyalıq liceyleri ushın arnawlı sabaqlıq bolmaǵanlıqtan “Ádebiyat qaǵıydaları” pánin zaman talaplarına juwap beretuǵın usıllarda ótiw qıyınshılıq tuwdıradı. Usınıńózi biz tańlaǵan temanıń kútá aktuallıǵın belgileydi. Sonday-aq, sońǵı yarım jıl ishinde bilimlendiriw tarawındaǵı ózgerislergebaylanıslı “Ádebiyat qaǵıydaları” pánin arnawlı ótiw máselelerine dıqqat awdarmawshılıq sezilmekte. Bul nárse akademiyalıq licey oqıwshılarınıńádebiy teoriyalıq bilimlerdi ózlestiriwinde problemalardı hám tubalawshılıqtı payda etiwi múmkin. Házirgi waqıtta elimiz ádebiyatı rawajlanıwdıń joqarǵı  basqıshlarına kóterilmekte. Ádebiyatımızdıń ullı gumanistlik ideyalardı jırlawshı mazmunın jaslarımızdıń tereń túsiniwi ushın, sonday-aq, joqarı oqıw orınlarına joqarı kórsetkishler menen oqıwǵa túsiwi ushın ádebiyat qaǵıydaların dúnya talaplarına juwap beretuǵın dárejede ózlestiriwi lazım.Usı sóz etilgen máseleler temamızdıń aktuallıǵın kórsetedi.

**Temanıń izertleniw dárejesi.**Akademiyalıq liceylerde “Ádebiyat qaǵıydaları” pániniń ayrıqsha bir pán tárizinde ótilip atırǵanına kóp bolmadı. Usıǵan baylanıslı tek úlkemizde ǵana emes, al ulıwma Ózbekistan kóleminde bul pándi jańa pedtexnologiyaǵa tiykarlanıp ótiw hám onı ilimiy úyrenip shıǵıw, onıń metodların islep shıǵıw kewildegidey emes. Degen menen dúnya pedagogikası tarıyxına názer salsaqalpısınshı jıllarınan soń kórkem ádebiyattı oqıtıwdıń anaw yáki mınaw máseleleri boyınsha bir qatar kórnekli pedagog-alımlardıń izertlew jumısları júzege kele basladı. Solardan V.V.Golubkov, Z.Ya.Rez, N.I.Kudriyashev, A.V.Kan-Kalik, V.I.Xazan, V.G.Marancman, M.G.Kachurin, O.Bogdanova[2] sıyaqlı rus ilimpazları ilimiy-pedagogikalıq

[2]Голубков В.В. Методика преподавания литературы. - М.: "Учпедгиз", Рез З.Я Методика преподавания литературы. М.: "Просвещение", 1985. 1962. Кудряшев Н.И. Теоритическое основы методики литературы: Дис. ... д-ра пед. наук. - М., 1970 Кан-Калик А. В,Хазан В.И. Психолого-педагогическое основы преподавания литературы в школе. - М.:

máselelerdióz aldına hár tárepleme úyreniwde tabıslardı qolǵa kirgizgenligi málim. Sonday-aq, qazaq, túrkmen, ázerbayjan qusaǵan túrkiy xalıqlardıń metodist alımları tárepinen ádebiyattı oqıtıwdıń aktual máseleleri boyınsha salmaqlı ilimiy miynetleri de pedagog qánigelerge belgili.[3]Al,Ózbekistanlı alımlardan:S.Dolimov, A.Zunnunov, Q.Yóldashev, M.Mirqasimova, S.Matchanov, B.Tóxliev, K.Xusanbaeva, F.Egamberdieva, V.Qodirov, I.Rajabovalar[4] oqıw orınlarında milliy ózbek ádebiyatın oqıtıw metodikası salasında óz sheshimin kútip turǵan máseleler menen shuǵıllanıp, ilimiy izlenislerdi alıp barǵanlıǵı dıqqatqa sazawar.

Qaraqalpaq pedagogika ilimi tarıyxına názer salsaq, milliy pedagogika iliminiń rawajlanıwına belgili dárejede úlesin qosqan alımlar kóplep tabıladı. Biraq, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikasına baylanıslı dóregen ilimiy izertlew jumısları az sanda ekenligi málim. Biz sóz etip otırǵan pedagogikalıq máseleniń bazıbir problemaları boyınsha XX ásirdiń 50-90-jıllarında ádebiyatshı alım S.Axmetovtıń "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw-házirgi waqıttıń talabına juwap bersin" ("Sovet Qaraqalpaqstanı" gazetası,№65,1959-j), "Ádebiyattı oqıtıw jańa talaplar dárejesinde" ("Sovet Qaraqalpaqstanı" gazetası,№15, 1962 j), "Qaraqalpaq ádebiyatın mekteplerde oqıtıwdıń eń zárúrli máseleleri" ("Erkin Qaraqalpaqstan" gazetası,№167-168,1992-j), Q.Sultanovtıń "Kórkem ádebiyattı oqıtıwdıń geypara máseleleri" ("Ámiwdarya" jurnalı,№4,1987-j), "Oqıtıw sabaqlıqtan baslanadı" ("Erkin Qaraqalpaqstan" gazetası,№16,1992-j) degen atamadaǵı hám t.b maqalalarında dıqqat qaratılǵanlıǵı, olarda tujırımlı ilimiy-publicistikalıq pikirlerdiń beriliwi qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası salasında dáslepki qádemlerdiń biri boldı. Sonday-aq, belgili qaraqalpaq metodist-alımı Z.Ayjanova jeke pedagogikalıq is tájriybeleriniń nátiyjesi bolǵan

---

"Просвещение", 1988 Маранцман В.Г.Чирковская Т.В. Проблемное изучения литературного произведения в школе. - М.: Просвещение, 1977 Качурин М.Г. Организация исследовательской деятельности учашихся на уроках литературы. -М.: "Просвещение", 1989 Богданова О., Леонов С., Чертов С., Чертов В. Методика преподавания литературы. - М.: "Academa", 2004

[3]Көшімбаев А.Казақ әдебиетін оқыту методикасы.Алматы : «Мектеп» ,1969. Ақшолақов Т.Көркем шығарманың эстетикалық тәбиғатин таныту.Алматы. : «Мектеп»,1975 . Язымов О,Мырадурдыев А. !дебияты окатмак методикасы.Ашгабат : «Магариф»,1963. Язымов О.Түркмен мектеплериниң 4-7-класларында әдебияттан сапақлар. Ашгабат : «Магариф»,1983. Язымов О. Әдебияты окатмак методикасының меселери хақында. Ашгабат:«Магариф»,1975. Аһмедов А. Азербайчан әдебиjатиниң тедриси тарихинден. Баки: Маариф, 1971. Бабаев. А. IX синифда әдебеjат дэрслэри. -Баки: Маариф, 1976

[4]Долимов С, Убайдуллаев Ҳ., Аҳмедов К. Адабиёт ўқитиш методикаси. -Т.: "Ўқитувчи", 1967. Зуннунов А. Ўзбек мактабларида адабиёт ўқитиш методикаси тарихидан очерклар. -Т.: "Ўқитувчи", 1980. 1994. Йўлдошев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий-назарий асослари. -Т.: Ўқитувчи, 1996. Мирқосимова М. Адабий таҳлил методикаси. -Т.: РТМ, 1995.Ниёзметова Р.Таълим рус тилида олиб бориладиган мактабларда XX аср ўзбек адабиётини ўқитиш мазмунини белгилашнингназарий-методик асослари /ўзбек тили дарслари таркибида / Пед. фанл. ном. дисс. автореф. -Т.: 200о.Матчанов С. Умумтаълим тизимида адабиётдан мустақил ишларни ташкил этиш: Пед. фан. док. дисс. -Т.: 1998 Тўхлиев Б. Адабиёт ўқитиш методикаси. -Тошкент: Янги аср авлоди, 2006. Ҳусанбоева Қ. Адабиёт – маънавият ва мустақил фикр шакллантириш омили. –Т.: Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашриёти, 2009. Эгамбердиева Ф.Адабий таълимга илғор педагогик технологияларни татбиқ этиш методикаси. Пед. фанл. ном. дисс. автореф. -Т.: 2005. Қодиров В. Мумтоз адабиёт: ўқитиш муаммолари ва ечимлар. –Т.: Алишер Навоий номидаги Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашриёти. 2009. Ражабова И.Касб-ҳунар коллежлари адабиёт дарслари самарадорлигини оширишда интерфаол усуллардан фойдаланиш йуллари: Пед. фан. номз. дисс. –Т.: 2009.

“Ádebiyat sabaǵında ayırım prozalıq shıǵarmalardı úyreniw”[5], sonday-aq “Ádebiyat sabaǵında I.Yusupovtıń shıǵarmaların úyreniw”[6] atlı metodikalıq qollanbalardı baspadan járiyaladı. Bul miynetlerinde ol ulıwma orta bilim beriwshi mekteplerde qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlarında geypara prozalıq hám lirikalıq shıǵarmalardı oqıtıwdı ámeliyatta qollanıw usılları boyınsha teoriyalıq sheshim hám pikirlerin ilimiy tiykarlap beredi. Sonday-aq, prof Á.Paxratdinovtıń ilimiy metodikalıq izertlewleriniń arasında salmaqlı orın iyelegen “Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası”[7]dep atalǵan miyneti búgingi kúni de óziniń ilimiy tiykarlanǵanlıǵı menen áhmiyetli ekenligin ayrıqsha atap ótkenimiz maqul. Avtordıń bul kitabı basqa pedagogikalıq miynetlerge salıstırǵanda bilimlendiriw mekemelerinde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń metodikalıq máselelerin hártárepleme tereń dárejede úyrengenligi menen, ilimiy juwmaq hám sheshimlerge bay ekenligi menen názerge ılayıq. Alım Á.Paxratdinovtıń “Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası” atlı miyneti óz dáwiri ushın pedagogika tarawına, anıǵıraǵı, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw salasınıń rawajlanıwına qosılǵan úlken úles boldı. Sonıń menen bir qatarda K.Palımbetov, I.Pirniyazova, R.Berdimuratovalar avtorlıǵındaǵı “Ádebiyattı oqıtıw metodikası”[8] atlı metodikalıq qollanbası mektep oqıtıwshıları ushın shın mánisindegi oqıtıw qollanbasına aylandı. Yaǵnıy bul qollanba,tiykarınan,ulıwma orta bilim beretuǵın mekteplerdiń 8-klass oqıwshıları ushın dúzilgen “Qaraqalpaq ádebiyatı”[9] sabaqlıǵına qosımsha qural xızmetin atqaradı,yaǵnıy mekteptegi sabaqtıń sapalı bolıp ótiwi ushın kóbinese usı qollanbadan paydalanadı. Bul miynet “Qaraqalpaq ádebiyatı” sabaqlıǵında berilgen temalardı házirgi pedagogika iliminiń jetiskenlikleri hám tájriybelerinen keńnen paydalanǵan halda, qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlarınıń nátiyjeliligin asırıw maqsetinde dásturiy emes usılda oqıtıw túrleriniń usınıs qılınıwı, yaǵnıy qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda janásha oqıtıw metodların ámeliyatqa engiziw máselesin qozǵawı hám úyreniwi boyınsha basqa miynetlerden ajıralıp turadı.Sonday-aq, ilimpaz Q.Yusupovtıń ilimiy maqalalarında[10] bilimlendiriw máseleleri haqqında sóz etilgenligin atap ótiw kerek. Ǵárezsizlik dáwirinde Q.Yusupovtıń basshılıǵında Berdaq atındaǵı QMU

---

[5]Айжанова З. Әдебият сабағында айырым прозалык шығармаларды үйрениў.Нөкис : «Билим»,1991

[6]Айжанова З. Әдебият сабағында И.Юсуповтың шығармаларын үйрениў. Нөкис : «Билим»,1993

[7]Пахратдинов Ә.Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, «Билим»,2004

[8]Pali'mbetov K,Pirniyazov I, Berdimuratova R.Ádebiyattı oqıtıw metodikası.8-klass ushın metodikalıq qollanba . No`kis, Bilim, 2009

[9]Mámbetov K , Ayjanova Z,Daniyarova T .Qaraqalpaq ádebiyatı .Ulıwma bilim beretug’ın mekteplerdin’ 8-klassı ushın sabaqlıq. No`kis, Bilim, 2006

[10]Юсупов Қ.Академик лицейларда Ажаниёз лирикасини бўрчаклар методи билан ўрганиш.Илмий тўплам.Бухоро ,2009 . Юсупов Қ.Жазыўшылардың дөретиўшилигин үйрениў методикасы ҚМУ, «Хабаршы»журналы, 2009, № 3, Юсупов Қ. Бердақ шығармаларын үйрениўде конференция сабақ түринен пайдаланыў. Түркий халык әдебиятының гейпара мәселелери.Нөкис :2004.

Qaraqalpaq ádebiyatı kafedrasınıń kóp ǵana pitkeriwshi studentleri hám magistrantları Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası boyınsha kurs hám pitkeriw qánigeligi jumısların qorǵadı. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw usılları boyınsha Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutında da bakalavr jumısları hám magistrlik dissertaciyalar qorǵaldı. Degen menen, shınlıǵın aytıwımız kerek, "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin jańa pedagogikalıq texnologiya nátiyjelerine tiykarlanıp ótiw usılları boyınsha jetkilikli dárejedegi izertlew jumısları júrgizilmedi. Bul jóneliste filologiya ilimleriniń kandidatı J.Sagidullaeva basshılıǵında 2017-jılı Saparova Sáwlexan degen 4-kurs student ǵana "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin akademiyalıq liceylerde oqıtıw metodları" degen temada pitkeriw qánigelik jumısın jaqladı.

Juwmaqlap aytqanda, joqarıda tilge alınǵan ilimiy izertlewlerdiń birewinen basqasınıń hesh qaysısında "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin nátiyjeli oqıtıw metodikası máselesi ilimiy-pedagogikalıq problema sıpatında ayrıqsha ilimiy izertlew obiekti bolmaǵan edi. Sonlıqtan bul temazaman talabına ılayıq izertleniwin kútip turǵan áhimyetli máselelerdiń biri bolıp kiyatır.

**Izertlewdiń obiekti hám predmeti.**Izertlew jumısımızdıń obiekti etip Akademiyalıq liceylerdiń social-gumanitar hám shet tiller baǵdarlarında ótiletuǵın ádebiyat pánlerin oqıtıwdaǵı ilimiy-teoriyalıq miynetler hám "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha dúzilgen oqıw baǵdarlama, al jumıstıń predmeti sıpatında Ádebiyat qaǵıydaları páninen dásturiy hám interaktiv metodlarda oqıtıw usılları hám túrleri,sonday-aq dógerek jumısların shólkemlestiriw máseleleri tiykar etip alındı.

**Izertlewdiń tiykarǵı maqseti hám wazıypaları.**Izertlew jumısımızdıń tiykarǵı maqseti – akademiyalıq liceylerde "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıwdıń teoriyalıq hám ámeliy áhmiyetin anıqlaw, pándi oqıtıwdaǵı zamanagóy nátiyjeli usıllardı belgilew, "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen ótilgen temalardı oqıwshılardıńózlestiriwin bekkemlew, teoriyalıq bilimlerin tereńlestiriw ushın sabaqtan tıs jumıslardı shólkemlestiriw máselelerin ilimiy jaqtan sholıw.

Izertlewdiń maqseti etip tómendegilerdi belgiledik:

- "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıw úlgi baǵdarlamasın ilimiy analizlew;
- Ádebiyat pánlerin oqıtıw boyınsha járiyalanǵan ilimiy-teoriyalıq hám metodikalıq miynetlerdi úyrenip shıǵıw;
- "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıwda dástúriy metodlardıń jetiskenlikleri hám kemshiliklerine dıqqat awdarıw;
- Pándi oqıtıwda interaktiv usıllardı qollanıwdıń progressiv funkciyasın ilimiy tiykarlap beriw;

- Oqıwshılardıń pándi ózlestiriwin bekkemlewde, alǵan teoriyalıq bilimlerin tereńlestiriwde sabaqtan tıs jumıslardı shólkemlestiriw usıllarınıńáhmiyetin ashıp beriw.

**Izertlewdiń metodologiyalıq hám teoriyalıq tiykarı.**Qaraqalpaqstanda "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin akademiyalıq liceylerde oqıtıwda oqıtıwshılar úlkemizdegi Joqarı oqıw orınlarındaǵı qaraqalpaq filologiyası qánigeligine arnalǵan S.Axmetov, Q.Sultanovlardıń "Ádebiyattanıw", K.Mámbetovtıń "Ádebiyat teoriyası", S.Axmetov, Q.Sultanov,J.Esenovlardıń "Ádebiyattanıw terminleriniń russha-qaraqalpaqsha sózligi", Q.Járimbetovtıń "Ádebiyattanıwdan sabaqlar" sabaqlıqların paydalanadı. Al, "Ádebiyat qaǵıydaları" páni ushın arnawlı sabaqlıq joq.Akademiyalıq liceylerdińózbek toparlarına bolsa, X.Umurovtıń avtorlıǵında shıqqan "Adabiyot qoidalari" sabaqlıǵınan paydalanıp oqıtıladı. Biziń dissertaciya jumısımızǵa joqarıda atları aytılǵan avtorlardıń teoriyalıq jumısları, sonday-aq, ózbek metodist alımları S.Dolimovtan, A.Zunnunovtıń, Q.Yóldoshevtıń, Q.Husanbayevanıń, B.Tóxlievtıń, I.Rajabovanıń, rus metodist ilimpazları V.V.Golubkovtıń, N.I.Kudriyashevtıń, O.Bogdanova, S.Leonov hám V.Chertovtıń ilimiy miynetlerin, sońǵı jıllarda ádebiyattı oqıtıw metodikasına úles qosıp atırǵan qaraqalpaq ilimpazları Z.Ayjanovanıń, K.Palımbetov, K.Pirnazarov hám P.Berdimuratovanıń, J.Sagidullaeva hám J.Qaniyazovanıń, A.Tobanazarovtıń ilimiy dóretpeleri metodologiyalıq hám teoriyalıq tiykar xızmetin atqardı.

**Dissertaciyanıń teoriyalıq hám praktikalıq áhmiyeti.** Akademiyalıq liceylerde jańa pedagogikalıq texnologiya tiykarında bilim dáwirimizdiń keshiktiriwge bolmaytuǵın talabı esaplanadı. Jumıstıń praktikalıq áhmiyetiniń zárurligi sonda – licey oqıwshılarına "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha tereń túsinik beriw ilimiy-pedagogikalıq iskerliktiń ajıralmas bir tarawı ekenligi.Ádebiyat qaǵıydaların tolıq túsinbey turıp oqıwshılar ádebiyat haqqında tolıq túsinikke iye bola almaydı.

Házirgi waqıtta akademiyalıq liceylerde insannıń ruwxıy kámilligin qáliplestiriwde hám rawajlandırıwda jetekshi orındı iyeleytuǵın Ádebiyat pánleriniń eńáhimyetli tarawı "Ádebiyat qaǵıydaları" páni sabaq kestelerinen ulıwma alıp taslanıw hám pán sıpatında ótilmey qalıw qusaǵan unamsız jaǵdaylar kózge taslanbaqta. Qaraqalpaq akademiyalıq liceylerinde "Ádebiyat qaǵıydaları" páni sabaqlarınótiw hám óz aldına sabaqlıq shıǵarıw, bul pándi ótiwdiń jańa pedagogikalıq metod hám usılların jetilistiriw, rawajlandırıw qusaǵan máseleler dissertaciyanıń teoriyalıq hám ámeliy tiykarların quraydı.

**Jumıstıń aprobaciyası**. Dissertaciya jumısı boyınsha usı kúnge shekem ilimiy basılımlarda bir qansha maqalalar járiyalandı. «QMU Xabarshısı» jurnalınıń 2017-jıl №2 (35) sanında «Akamediyalıq licey hám kásip-óner

kollejlerinde «Ádebiyat qaǵıdaları» páninen «Tildiń kórkemlew quralları» temasın ótiw metodikası», QMU Magistrlar toplamınıń 2017-jilǵı sanında «Akademiyalıq liceyde «Ádebiyat qaǵıydaları» pánin jańa pedagogikalıq texnologiya hám interaktiv metodlarda ótiwdiń bazıbir máselerleri», QMU Shet tiller fakultetiniń 2017-jılǵı «Til bilimi hám shet tillerin oqıtıwdıńáhimyetli máseleleri» toplamında «Akademiyalıq liceylerde «Ádebiyat qaǵıydaları» páninen «Kórkem ádebiyat: Poeziya haqqında túsinik» degen temanı ótiw usılları», 2018-jılǵı QMU Shet tiller fakulteti Rus tili hám ádebiyatı kafedrasınıń «Мирнаукиидуховногокультурывусловияхглобализации: опытиперспективи»atlı maqalalar járiyalandı.

**Jumıstıń qurılısı.** Jumıs kirisiw hám juwmaqlaw bólimlerinen tısqarı úsh baptan turadı, baplar tiykarǵı altı bólimnen hám paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen ibarat.

Birinshi bap eki bólimnen ibarat bolıp, birinshi bólimde akademiyalıq liceylerde "Ádebiyat qaǵıydaları" pániniń oqıw baǵdarlamasındaǵıótiletuǵın temalarǵa ilimiy sholıw jasaldı. Ekinshi bóliminde bolsa, akademiyalıq liceylerde "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıwda baspalarda shıqqan ilimiy-teoriyalıq ádebiyatlardan paydalanıp bilim beriwdińáhimyeti úyrenilip, sabaq nátiyjeliligine tásiri haqqında teoriyalıq pikirler sóz etiledi.

Ekinshi bap ta eki bólimnen ibarat.Birinshi bólimde akademiyalıq liceylerde "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıwda dástúriy oqıtıw usıllarınıń jetiskenlikleri hám kemshiliklerine ilimiy dıqqat awdarıladı.Ekinshi bólimde "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin interaktiv usıllar járdeminde ótiwdiń progressiv funkciyası ilimiy tiykarlanılıp beriledi.

Úshinshi bap eki bólimnen turadı. Birinshi bólim "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin ózlestiriwdi bekkemlew ushın sabaqtan tıs waqıtlarda oqıwshılardıń bos waqtın ónimli paydalanıw, oqıwshılar arasında dógerek jumısların shólkemlestiriw boyınsha áhimyetli máseleler úyreniledi, usı baptıń birinshi bólimindegi pikirler ekinshi bólimde rawajlandırıladı, bul pán boyınsha oqıwshılardıń bilimin jáne de jetilistiriw, tereńlestiriw ushın olardı konferenciyalarǵa tartıw, kitapxanalarǵa alıp barıw,teatr hám muzeylerge sayaxatlar shólkemlestiriwdiń zárúrligi ilimiy jaqtan tiykarlap beriledi.

Juwmaqlaw bóliminde dissertaciya jumısınıń tiykarǵı nátiyjeleri, ilimiy sheshim hám kózqaraslar óz mazmunın tapqan.Dissertaciya sońında Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi berildi.

## I. Bap. Akademiyalıq liceylerde hám kolledjlerde "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıwdıń teoriyalıq hám ámeliy áhmiyeti

Mámleketimizdiń ǵárezsizlik jolına túsiwi xalqımızdıń rawajlanıwına júdá úlken múmkinshilikler jaratıp berdi. Elimizdiń barlıq tarawlarında, máselen ishki hám sırtqı siyasatında, ekonomikalıq hám sociallıq tarmaqlarında, ilim-bilim hám iskusstvo, mádeniyat salalarında rawajlanǵan dúnya mámleketleri menen teń dárejede qádem basıwdıń jańa basqıshları baslandı. Ásirese, bunday progressiv alǵa ilgerilewler Ózbekistan Respublikası Joqarı hám Orta arnawlı bilimlendiriw mekemeleriniń iskerliginde sezilerli dárejede kózge túspekte. Ǵárezsizlik turmısımızdıń bárshe tarawında unamlı reformalardı iske asırdı, bul nárse búgingi kúnde dawam etpekte. Jaslarımızdıń barǵan sayın tezlesip baratırǵan globallasıw dáwirinde hár qanday konkurenciyaǵa beyimlesiw uqıplılıǵın qáliplestiriw ushın mekteplerde, akademiyalıq liceyler hám kolledjlerde ótiletuǵın pánlerdiń sapalılıǵın támiynlew, teoriyalıq bilimlerin jáne de jetilistiriw boyınsha kóplegen ilajlar islep shıǵıldı. Solardan biri - akademiyalıq liceylerde "Ádebiyat qaǵıydaları" páni óz aldına ótiletuǵın boldı. Bul iláj oqıwshılardıń folklor, klassikalıq ádebiyat , dúnya xalıqları ádebiyatı, házirgi qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı, ádebiy process tuwralı túsiniklerin rawajlandırıwda úlken xızmet atqaratuǵın unamlı baslaması boldı. Usıǵan baylanıslı, Ózbekistan Respublikası Joqarı hám Orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń qararına tiykarlanıp, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler KeńesiOrta arnawlı, kásiplik bilimlendiriw basqarması dúziwshileri filologiya ilimleriniń doktorı, professor Q.Orazımbetov, QMU qasındaǵı akademiyalıq liceydiń Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı oqıtıwshıları M.Xudaynazarov hám G.Ásenbaevalar bolǵan "Akademiyalıq liceyler ushın "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen úlgi oqıw baǵdarlamasın" (QMU qasındaǵı akademiyalıq liceydiń 2013-jıl 6-fevraldaǵı ilimiy - pedagogikalıq keńesiniń 1-sanlı protokolı qararı menen usınıs etilgen) tastıyıqladı, "Ádebiyat qaǵıydaları" páni turaqlı túrde ótile basladı. Akademiyalıq liceylerde "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıwdıń teoriyalıq hám ámeliy áhmiyetin anıqlaw ushın biz usı baptıń birinshi bóliminde sóz etilip otırǵan pándi oqıtıwdıń úlgi baǵdarlamasına ilimiy dıqqat awdarıw, ekinshi bóliminde bolsa, pándi oqıtıwda paydalanılatuǵın basqa da ilimiy-teoriyalıq ádebiyatlardı úyreniw arqalı erisiwdi niyet ettik.

### I.1. "Ádebiyat qaǵıydaları" pániniń oqıw baǵdarlamasına sholıw

"Ádebiyat qaǵıydaları" pánin zaman talaplarına bola akademiyalıq liceylerde ótiliw zárúrligi tuwıldı. Usıǵan baylanıslı 2013-jılı Qaraqalpaqstandaǵı akademiyalıq liceyler ushın "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen úlgi oqıw baǵdarlaması islep shıǵıldı (dúziwshiler: prof. Q.Orazımbetov hám QMU qasındaǵı Akademiyalıq liceydiń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshıları M.Qudaynazarov,G.Ásenbaevalar).

Úlgi oqıw baǵdarlamasınıń abzallıqlarınan biri,akademiyalıq liceylerdiń "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin ótetuǵın oqıtıwshı usı baǵdarlamaǵa tiykarlanıp óziniń jeke jumıs baǵdarlamasın dúzip alatuǵın edi. Úlgi oqıw baǵdarlama tiykarınan 5 bólimnen ibarat bolıp, onıń "Ádebiyat qaǵıydaları" dep atalǵan birinshi bólimi annotaciyalıq áhmiyetke iye, yaǵnıy bunda baǵdarlamanıń dúziliwine Ózbekistan Respublikasınıń "Bilimlendiriw haqqındaǵı Nızamı", "Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması", Ministrler Keńesiniń 1998-jıl 5-yanvardaǵı "Úzliksiz bilimlendiriw sisteması ushın mámleketlik bilimlendiriw standartların islep shıǵıw hám engiziw haqqındaǵı" 5-sanlı, 1998-jıl 13-maydaǵı "Ózbekistan Respublikası orta arnawlı, kásiplik bilimlendiriwdiń shólkemlestiriw ilajları haqqındaǵı" 204-sanlı hám 2000-jıl 16-oktyardegi "Orta arnawlı kásiplik bilimlendiriwdiń mámleketlik tálim standartların islep shıǵıw haqqındaǵı" 400-sanlı qararları tiykar etip alınǵanı[11] sóz etiledi. Úlgi oqıw baǵdarlamasınıń "Túsindiriw xatı" dep atalǵan ekinshi bóliminde Ózbekistandaǵı bilimlendiriw sistemasında jańa talaplar qoyılıp atırǵanlıǵı, bul talaplar kórkem ádebiyattı oqıtıw sapasın túp-tamırınan jańalawdı maqset etip atırǵanın, "Ádebiyat qaǵıydaları" páni orta arnawlı bilimlendiriw sistemasına birinshi ret engizilip atırǵanın, sonday-aq, bul dúzilgen baǵdarlama bolajaq filologlardı kórkem ádebiyatqa kórkem óner kózqarasınan qarawǵa, onı kórkem ónerdiń bir túri sıpatında úyreniwge, gózzallıq tiykarına qurılatuǵın nızamlılıqları sırlarınan xabardar etiwge jol-joba kórsetetuǵınlıǵı tuwralı[12] qısqasha tusinik beriledi.

Bunnan sońǵı "Ádebiyat qaǵıydaları páni oqıw baǵdarmasınıń mazmunı" dep atalǵan tiykarǵı bólimge keńirek orın ajıratılǵan. Bul bólimde "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha akademiyalıq liceylerde ótiletuǵın sabaq temaları usınıladı. Ózbekistan Respublikası Joqarı hám Orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, Orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw orayınıń akademiyalıq liceyler tálim jónelisi boyınsha dúzilgen 2013-jıl úlgi oqıw rejesiniń oqıw processi kestesinde "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen 80 saat teoriyalıq, 40 saat ámeliy sabaqlar ótiletuǵını belgilep berilgen. Prof.Q.Orazımbetov basshılıǵında dúzilgen "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen úlgi oqıw baǵdarlamada ótiletuǵın

[11]Akademiyalıq liceyler ushın Ádebiyat qaǵıydaları páninen úlgi oqıw baǵdarlaması. Nókis, 2013-jıl, 3-bet.
[12] Сонда, 4-бет.

sabaqlar 20 atamadağı temanı óz ishine aladı,bul akademiyalıq liceylerdiń 2-kursında II semestrinde hám 3-kurstıń I hám II semestrlerinde ótiletuğın edi. Úlgi oqıw bağdarlamanıń mazmunı “Kórkem ádebiyat haqqında túsinik” degen atama astındağı “Kórkem ónerdiń áhmiyeti hám belgileri”, “Kórkem ádebiyat-kórkem ónerdiń bir túri sıpatında”, “Jazıwshı hám onıń kórkem shığarmanı dóretiwde tutqan ornı”, “Ádebiyat hám estetika. Ádebiyattıń tárbiyalıq áhimyeti”, “Ádebiyat qağıydaları haqqında ilim hám onıń rawajlanıw tarıyxı”, “Áyyemgi kúnshığıs oyshıllarınıń miynetlerinde ádebiyat qağıydası haqqında táliymatlar”, “Batıs oyanıw dáwiri hám ádebiyatı estetikalıq táliymat”, “Qaraqalpaq klassikleriniń ádebiyattanıw haqqında oyları”, “Ádebiy kórkem shığarma”, “Forma hám mazmun haqqında túsinik”, “Tema hám ideya”, “Ádebiy kórkem obraz hám olardıń túrleri”, “Portret hám peyzaj”, “Syujet hám kompoziciya”, “Kórkem shığarmanıń tili”, “Tildiń kórkemlew quralları”, “Qosıq qurılısı”, “Ádebiyattıń túr hám janrlarğa bóliniwi”, “Kórkem metod hám onıń túrleri”, degen 20 temanı óz ishine aladı.Bağdarlamanı dúziwde tiykarınan K.Mámbetovtıń “Ádebiyat teoriyası”, S.Axmetovtıń hám Q.Sultanovtıń “Ádebiyattanıw”, sabaqlıqların basshılıqqa alğanın ańlawğa boladı.Úlgi oqıw bağdarlamanı dúziwde prof. Q.Orazımbetov hám QMU qasındağı akademiyalıq liceydiń qaraqalpaq tili hám ádebiyatı páni oqıtıwshıları M.Qudaynazarov hám G.Ásenbaevalar aytarlıqtay izleniste bolğanlığı seziledi. Biziń pikirimizshe bağdarlamadağı ayrım temalardı qayta kórip shıqsa maqsetke muwapıq bolar edi. Sebebi, “Ádebiyat qağıydaları” páni tiykarınan teoriyalıq qağıydalar tuwralı túsinik beriw bolğanlıqtan, ádebiyattanıw terminlerine tiyisli temalar tańlap alınıp, solar úyreniliwi logikalıq jaqtan durıs boladı, degen oydamız. Biziń oyımızsha bağdarlamada berilgen “Jazıwshı hám onıń kórkem shığarmanı dóretiwde tutqan ornı”, “Ádebiyat hám estetika. Ádebiyattıń tárbiyalıq áhimyeti”, “Áyyemgi kúnshığıs oyshıllarınıń miynetlerinde ádebiyat qağıydası haqqında táliymatlar”, “Batıs oyanıw dáwiri hám ádebiyatı estetikalıq táliymat” degen temalardı akademiyalıq licey oqıwshılarınıń ózlestiriwi qıyınlaw keshedi. Bul temalardı Joqarı oqıw orınlarınıń filologiya qánigeliginde bilim alıp atırğan studentler tereńlestirilgen planda ózlestiriwi múmkin. Bul temalar ápiwayı ádebiyat qağıydalarına onsha jaylaspaytuğınlığı anıq hárse.

Sóz etilip atırğan úlgi oqıw bağdarlamanıń “Ámeliy shınığıwlar’ dep atağan bóliminde 19 tema berilgen. Akademiyalıq liceylerdiń mekteplerden parqı sonda, sabaqlar juplıq saatlar kóleminde 40+40=80 minut ótiledi. Bundağı berilgen temalardıń kópshiligi ámeliy shınığıwlardı orınlağanda licey oqıwshılarında qıyın poblemalardı payda etiwi múmkin.Máselen ámeliy shınığıwlar ushın “Omar Hayyamnıń rubayılarınan úlgiler tiykarında qosıq formaların úyreniw”, “A.Nawayınıń ǵázzelleri hám qasıydaların

talıqlaw”,“Mánáwiy kórkem-óner túrlerin úyreniw”, “Aruz ólsheminiń eń kóp tarqalǵan baǵdarlarınan biri” degen temalardı oqıwshı ǵana emes, arnawlı ilimiy dárejege iye emes licey oqıtıwshılarınıń ózleride túsiniwi hám oqıwshılarǵa túsinik beriwi múshkil is.

Sonday-aq, “Ádebiyat qaǵıydaları” páni ótilgende paydalanılatuǵın ádebiyatlar dizimi de kewilge qonımlı emes, yaǵnıy baǵdarlamanıń “Ádebiyatlar” dep atalǵan sońǵı bóliminde tek 10 atamadaǵı miynettiń dizimi kórsetilgen, olar tómendegiler: K.Mámbetovtıń “Ádebiyat teoriyası”, S.Axmetovtıń hám Q.Sultanovtıń “Ádebiyattanıw”, Q.Orazımbetovtıń “Qaraqalpaq poeziyasında qosıq qurılısı”, X.Muratbaevtıń “Qaraqalpaq poeziyasında qosıq qurılısı”, M.Nurmuhammedotıń “Qaraqalpaq prozası”, Q.Maqsetovtıń “Qaraqalpaq folklorı poetikası”, Q.Sultanovtıń “Qaraqalpaq prozasında tip hám xarakter”, Q.Kamalovtıń “Qaraqalpaq ádebiyatında kórkem metodtıń evolyuciyası”, Z.Nasrullaevanıń “Ádebiy qaharman” miynetleri. Tilekke qarsı, miynetlerdiń avtorları kim, atamaları qanday ekenligi belgili, biraq tilekke qarsı, qaysı baspada hám qaysı jılı shıqtı, bular tuwralı maǵlıwmatlar kórsetilmegen. 2012-jılı belgili ádebiyatshı, prof.Q.Járimbetovtıń “Ádebiyattanıwdan sabaqlar” dep atalǵan oqıw qollanbası “Qaraqalpaqstan” baspasınan shıqtı. Bizlerdiń xabarımız bar, akademiyalıq licey oqıtıwshıları “Ádebiyat qaǵıydaları” pánin ótkende Q.Járimbetovtıń atı atalǵan oqıw qollanbasınan ónimli paydalanar edi.Usı oqıw qollanbanıń baǵdarlamada dizimge alınbaǵanlıǵı da onı dúziwshilardiń juwapkershilikti onsha ańlamaǵanınan derek beredi.

Oqıw orınlarına Jaqında (2018-jıl) Ózbekistan telekanalında belgili jurnalist Q.Aǵzamov alıp baratuǵın “Munasabat” kórsetiwinde oqıw orınları ushın ádebiyat sabaqlıqların dúziw boyınsha tartıslı pikirler kóterildi. Diskussiya-debat mazmunındaǵı bul kórsetiwge akademik B.Nazarov, akademik A.Asqarov, docent G.Jórayeva, docent Sh.Ergashevalar óz kózqarasları menen qatnasıp, qızǵın pikirlerin bildirdi. Ataqlı qánigelerdiń pikirleri boyınsha oqıw oqınlarına baǵdarlama dúzilgende, olar 5 jıl ushın tastıyqlanadı. Dáslep baǵdarlama, bunnan soń baǵdarlama tiykarında dástúr, dásturden soń oqıw reje islep shıǵıladı.Ózbekistanda úlken abıroyǵa iye ilimpazlarımız Ádebiyat teoriyasına baylanıslı baǵdarlamalardı, dástúrlerdi, oqıw rejelerdi hám sabaqlıqlardı sapalı dúziw isleri úlken dıqqattı hám juwapkershilikti talap etetuǵınlıǵın ayrıqsha atap ótti.Ásirese, B.Nazarovtıń ádebiyat sabaqların joqarı oqıw orınlarınıń barlıq fakultetlerinde ótiliw kerek, ádebiyat sabaqlıqların dúzgende mektep hám licey, kollejlerdiń tájriybeli muǵallimleri hám metodistleri menen oylasqan halda ámelge asırıw kerek degen usınısı kópshilikke maqul tústi. Bul pikirler qaraqalpaq akademiyalıq liceylerinde

ótiletuǵın “Ádebiyat tarıyxı” hám “Ádebiyat qaǵıydaları” pánleri ushında áhimyetli ekenligi de sózsiz.

## I.2. Pándi oqıtıwda ilimiy-teoriyalıq ádebiyatlar

Belgili nemec pedagogı A.F.Disterbech muǵallimler tuwralı: "Qábiletsiz oqıtıwshı haqıyqatlıqtı aytıw menen sheklenedi, al jaqsı oqıtıwshı bolsa onı tabıwǵa úyretedi", degen eken. Ǵárezsizligimizdiń dáslepki jıllarınan baslap mekteplerde, akademiyalıq liceyler hám kolledjlerde, orta arnawlı bilimlendiriw tarawınıń bilim beriw hám tarbiya jumıslarında úlken ózgerisler boldı, jańalanıwlar iske asırıldı, oqıtıw sistemasında túp-tiykarınan unamlı burılıslar iske asırıldı. Bilimlendiriwdiń usı salasında tolıp atırǵan jetiskenlikler menen bir qatarda kemshiliklerdiń de bar ekenligi hámmemizge málim. Solardan biri akademiyalıq liceylerde elege shekem "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen hár tárepleme jetilistirilgen úlgi oqıw baǵdarlamanıń, usı pán boyınsha sabaqlıq yáki oqıw qollanbanıń oqıtıwshılardıń hám oqıwshılardıń qolına barıp túspegenliginde. Sabaqlıq yáki oqıw qollanba túwe úlgi oqıw baǵdarlamanıńózi "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen sabaq beretuǵın geypara oqıtıwshılardıń qolında bar bolsa, bazı birewlerinde joqtıń qasında. Biz bunday pikirge magistrlikdissertaciya jumısın jazıw procesinde, pán muǵallimleri menen sáwbetlesiw payıtınlarında anıqladıq. Al, "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha qaraqalpaq akademiyalıq liceyleri ushın arnawlı islep shıǵılǵan oqıw qollanba joq. Ózbek ádebiyatshı metodist alımlarınıń iskerligi, jasıratuǵın jer joq, qaraqalpaq metodist ádebiyatshılarınan on-onbes jıl alǵa ilgerilep ketti. Bunıń ayqın dálili sıpatında ádebiyatshı teoretik Hotam Umurovtıń akademiyalıq liceyler ushın arnawlı dúzilgen "Adabiyot qoidalari" (2002)[13] oqıw qollanbasın kórsetiwimiz múmkin. H.Umurovtıń jazǵan bul qollanbasınıń logikalıq tariyxı bar, yaǵnıy usı kitap shıqqanǵa shekem 3 jıl burın, 1999-jıl "Ózbekistan Respublikasınıń "Tálim haqqında"ǵı Nızamı, Kadrlar tayarlawdıń Milliy dástúriniń talapları tiykarında Joqarı hám Orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw orayınıń ilimiy-metodikalıq keńesi tárepinen akademiyalıq liceyler ushın “Ádebiyat qaǵıydaları” páninen oqıw baǵdarlaması islep shıǵıldı hám kópshilikke málim boldı. Bul oqıw baǵdarlamanı Ózbekistandaǵı abıraylı ádebiyatshı teoretikler, metodist pedagoglar bolǵan H.Boltaboev, A.Kattabekov, U.Juraqulov, D.Farmanov, B.Qasımov hám Q.Yóldashevlar dúzgen edi. Usı oqıw baǵdarlamaǵa tiykarınan jazılǵan "Adabiyot qoidalari" oqıw qollanbasında avtor (H.Umurov -A.P.)" kórkem ádebiyat hám ádebiy procestiń áhmiyetli nızamlılıqların tereńirek,

[13] Умуров Ҳ. "Адабиёт қоидалари". "Ўқитувчи" нашриёти, Ташкент, 2002.

sistemalı túrde bayan etiwge umtılǵanına, **qollanba akademiyalıq liceylerdiń oqıwshılarına**, ádebiyattı úyreniwshilerge mólsherlengenligi[14]ne ayrıqsha dıqqat qaratılǵan. Bul oqıw qollanbaǵa pikir bildiriwshiler filologiya ilimleriniń doktorı prof. R.Arzıbekov hám Nawayı atındaǵı qánigelesken iskusstvo mektebiniń oqıtıwshısı, filologiya ilimleriniń doktorı X.Ahmedovlar óz pikirlerinde bul oqıw qollanbanıń Joqarı oqıw orınlarınıń filologiya fakultetiniń studentlerine arnap jazılmaǵanın, filolog studentler ushın óz aldına mazmunı boyınsha terenlestirilgen oqıw qollanbalar bolatuǵınlıǵın esapqa alǵanlıqtan "akademiyalıq licey oqıwshılarına" degen túsinikke názerimizdi qaratadı.

Berdaq atındaǵı QMU hám Ájiniyaz atındaǵı NMPI qasındaǵı akademiyalıq liceylerde "Ádebiyat qaǵıydaları" páni ótilgende, licey oqıwshıları ushın arnawlı sabaqlıq yáki qollanba bolmaǵanlıqtan, licey oqıtıwshıları, tiykarınan S.Axmetov, J.Esenov hám Q.Járimbetov[15]lardıń, S.Axmetov ham Q.Sultanov[16]tıń, sonday-aq, K.Mámbetov[17]tıń miynetlerinen paydalanıladı. "Ádebiyattanıw atamalarınıń orıssha-qaraqalpaqsha túsindirme sózligi"niń avtorları Kiris sózinde áhmiyetli máseleni qozǵaydı. "Sózlik"ti dúziwshilerdiń "Mekteplerde ádebiyat teoriyasınan kútá az maǵlıwmat beriliwi ádebiy terminler boyınsha jaslardıń tolıq túsinikke iye bolmawına alıp kelmekte. Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxına baylanıslı kóplegen terminlerdiń mánisin ashıp beriwge jeterli dıqqat awdarmaydı... "Sózlik" ... ádebiyat muǵallimleri óz oqıwshılarına ádebiy terminlerdiń mánisin ańlawına, onı ámelde qollana biliwine járdem etiwi tiyis. "[18] Bul pikir, bizińshe, akademiyalıq liceylerdiń oqıwshıları hám oqıtıwshılarına da tiyisli, sonıń ushın da áhmiyetli. "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıwshı muǵallimler "Sózlik"ten nátiyjeli paydalanǵanı málim. Bul miynet alfavit tártibine ǵárezli jaǵdayda dúzilgen bolıp, tek ǵana ádebiyatqa tiyisli russha terminlerge túsinik berip sheklenilmeydi. Shınlıǵın aytar bolsaq, bul "Sózlik"tegi terminlerdiń 80-90 payızdan kópshiligi Evropa ádebiyattanıwı arqalı rus ádebiyattanıwına kirip kelgenligi sır emes. Avtorlar qaraqalpaq ádebiyattanıwdaǵı elewli problemalardı "... orıs, ózbek hám t.b. rawajlanǵan ádebiyatlardaádebiyatamalar ústinde islew, olardı jetilistiriw hám jıynaqlap túwellew jumısları bizden burınıraq alıp barıldı"[19], dep real bayalaydı. "Sózlik" "Ádebiyat qaǵıydaları" páni ótilgende qosımsha qural sıpatında qollanıldı desek durıs boladı.

---

[14] Сонда, 2-бет

[15] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ., Әдебияттаныў атамаларының орысшы-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. "Билим", Нөкис, 1994.

[16] Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў, "Билим", Нөкис, 1994.

[17] Мәмбетов К. Әдебият теориясы ."Билим", Нөкис 1995.

[18] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ., Әдебияттаныў атамаларының орысшы-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. "Билим", Нөкис 1994, 4-5-бетлер

[19] Сонда, 5-бет

S.Axmetov hám Q.Sultanov dúzgen "Ádebiyattanıw"[20] oqıw quralı xrestomatiyalıq sıpatqa iye bolıp, filologiya fakulteti studentleri ushın arnalǵan. Xrestomatiyaǵa erte dáwirlerdegi filosof-estetikler Aristotel, Farabiy, Bualolardıń ayırım miynetlerinen, rus ádebiyatın oyshılları hám jazıwshıları N.G. Chernishevskiydiń, V.G.Belinskiydiń, N.Dobrolyubovtıń, M.Gorkiydiń, A.N.Lunacharskiydiń, D.S.Lixachevtıń ádebiy-teoriyalıq ilimiy kózqaraslarınan awdarma úzindiler, qaraqalpaq ilimpazları N.Dawqaraevtıń, M.Nurmuxammedovtıń, I.Sagitovtıń, Q.Ayımbetovtıń, Q.Maqsetovtıń hám usı xrestomatiyanı dúzgen eki avtordıń maqalaları kirgizilgen.

Dissertaciya jumısın jazıw dáwirinde akademiyalıq liceylerdiń"Ádebiyat qaǵıydaları" pánin ótetuǵın muǵallimler menen gápleskenimizde olar bunnan ádewir jıllar, yaǵnıy ótken ásirdiń 80-jılları shıqqan prof. S.Axmetov hám Q.Sultanov birgelikte jazǵan "Ádebiyattanıw"[21] qollanba oqıw qurallarınan da paydalanatuǵınınıń guwası boldıq. Bul kitap ta filologiya fakultetiniń studentlerine arnalǵan bolıp, bul miynette, tiykarınan, avtorlardıń ózleri eskertip ótkenindey, "Teoriyalıq máselelerdi túsindiriwde qaraqalpaq folklorı, klassikalıq ádebiyatı, sovetlik dáwirdegi shıǵarmalar múmkin bolǵanınsha negiz etip alınǵan".[22] Teoriyalıq máselelerge jantasıwdı totalitar dúzim dáwirindegi kommunistlik ideologiyanıń siyasıy kózqaraslar maydanınan shıǵıp ketpew tendenciyası anıq kórinip turadı.

1995-jılı qaraqalpaq ádebiyattanıw ilimi tariyxında elewli waqıya boldı. Atap aytqanda Ózbekistan Respublikası Joqarı hám Orta arnawlı tálim ministrligi bekitken "Ádebiyat teoriyası" baǵdarlamasına negizlenip prof.K.Mámbetov avtorlıǵında qaraqalpaq filologiyası ilimi tariyxında birinshi ret ádebiyat muǵallimleri hám studentlerge arnalǵan "Ádebiyat teoriyası"[23] oqıw quralı óz aldına kitap sapasında jarıq kórdi. Bul miynet házirgi waqıtqa shekem joqarı oqıw orınları oqıtıwshıları hám studentler ushın teoriyalıq bilimlerin jetilistiriwde aktiv qollanatuǵın oqıw qurallarınan birine aylandı. Ǵárezsizlik jıllarında "Ádebiyat qaǵıydaları" páni akademiyalıq liceylerde ótile baslaǵan eń dáslepki kúnlerden baslap bul pándi oqıtıwshılar K.Mámbetovtıń "Ádebiyat teoriyası" kitabındaǵı ilimiy pikirlerdi basshılıqqa aldı. Degen menen, tilekke qarsı bul oqıw qollanbadaǵı temalardıń kópshiligi "Ádebiyat qaǵıydaları" páni ushın arnawlı dúzilgen úlgi oqıw baǵdarlamadaǵı temalarǵa tolıq sáykes kelmeydi. Sebebi, K.Mámbetovtıń atı aytılǵan shıǵarması baspadan shıqqan

---

[20] Ахметов С., Султанов Қ., Әдебияттаныў, "Билим", Нөкис. 1994.
[21] Ахметов С., Султанов Қ., Әдебияттаныў. "Қарақалпақстан", 1987
[22] Сонда ,3-бет
[23]Мәмбетов К., Әдебият теориясы. "Билим" Нөкис, 1995

jıllarda qaraqalpaq akademiyalıq liceylerinde "Ádebiyat qaǵıydaları" páni ótilmeytuǵın edi.

2012-jıl yaǵnıy "Ádebiyat qaǵıydaları" pániniń úlgi oqıw baǵdarlaması ele dúzilmegen waqıtta prof. Q.Járimbetovtıń Joqarı oqıw orınlarınıń filologiya qánigeligi studentlerine arnalǵan "Ádebiyattanıwdan sabaqlar"[24]oqıw qollanbası jarıq kórdi. Oqıw qollanbanıń annotaciyasında "Qollanba joqarı oqıw orın filologiya qánigeligi studentlerine arnalǵan. Biraq onnan akademiyalıq licey hám kásip-óner kolledjleri studentleri, sonday-aq ádebiyat pániniń oqıtıwshıları, ádebiyat teoriyası menen qızıǵıwshılar keńnen paydalanıwı múmkin"[25], dep túsiniknama berilgen. Dıqqat penen názer salǵan hár qanday ádebiyatshı alım "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha úlgi oqıw baǵdarlama usı "Ádebiyattanıw sabaqları" oqıw qollanbasına qarap otırıp dúzilgenge uqsaydı, degen oylarǵa barıwı múmkin. Al, negizinen alıp qaraǵanda, dáslep úlgi oqıw baǵdarlama, bunnan soń oqıw qollanba jazılıwı aqılǵa muwapıq bolar edi. Solay bolsa da, 2013-jıl úlgi oqıw baǵdarlama dúzilgennen keyin de akademiyalıq liceyler ushın "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha búgingi kúnge shekem arnawlı qollanba islep shıǵılmaǵanı sır emes.

Joqarıda aytıp ótkenbiz, ózbek ádebiyattanıw ilimi hám pedagog-metodistleri sóz etilip atırǵan problemalardı unamlı tárepine qarap sheshiwde aytarlıqtay alǵa ilgerilep ketti, yaǵnıy ózbek akademiyalıq liceyleri ushın 2002-jıl prof. H.Umurov tárepinen islengen "Adabiyot qoidalari" oqıw qollanbası 5000 nusqada óz aldına kitap sapasında basıp shıǵarıldı. Oqıw qollanba annotaciyasında "Qollanba akademiyalıq liceylerdiń oqıwshılarına, ádebiyattı úyreniwshilerge mólsherlengen" dep ayrıqsha belgilep ótedi, al joqarı oqıw orınlarınıń studentlerine yáki oqıtıwshılarına degen kórsetpe ushıraspaydı. Avtor hám oǵan pikir bildiriwshiler "Ádebiyattı úyreтiwshiler" degende, biziń oyımızsha, filolog qánigelerdi yamasa sol qanigelik boyınsha joqarı bilim tarawında oqıp atırǵan studentlerdi emes, al ádebiyatqa qızıǵıwshı ápiwayı oqıwshılar qatlamın názerde tutqan bolsa kerek. Sonlıqtan, H.Umurov avtorlıǵındaǵı "Adabiyot qoidalari" oqıw qollanbası tiykarınan tek akademiyalıq liceyler ushın arnawshı jazılǵanlıǵı menen bahalı. Solay bolsa da, akademiyalıq liceylerdiń ózbek toparlarına "Adabiyot qoidalari" páninen sabaq beretuǵın oqıtıwshılarınıń pikirinshe, bul H.Umurovtıń oqıw qollanbasında da óz sheshimin kútip turǵan máseleler barshılıq. Máselen, Berdaq atındaǵı QMU akademiyalıq liceyinde ózbek toparlarına sóz etilip atırǵan pánnen sabaq beretuǵın tajiriybeli oqıtıwshılar Iskandar Qurbanbaev hám Jamila Avezbaevalardıń pikirinshe H.Umurovtıń "Adabiyot qoidalari" oqıw qollanbasın

[24]Жәримбетов Қ. Әдебияттаныўдан сабақлар. «Қарақалпақстан», Нөкис,2012
[25]Сонда, 2-бет

ózlestiriw oqıwshılarda qıyınshılıq tuwdıradı. Dissertaciya jumısımızdı jazıw dáwirinde biz "Adabiyot qoidalari" oqıw qollanbasın úyrenip shıqtıq ham licey oqıtıwshıları I.Qurbanbaev hám J.Avezbaevalardıń pikirleriniń durıs ekenligine kózimiz jetti. Máselen, bul oqıw qollanba kirisiw, sabaq, juwmaq hám niyetler dep atalǵan bólimlerden tısqarı "Ádebiyattanıw-sóz óneri haqqında ilim", "Kórkem ádebiyat tuwralı táliymat", "Shıǵarma - sóz óneriniń kámil perzenti", "Poeziya", "Ádebiy procestiń rawajlanıw negizleri", "Ádebiy túr hám janrlardıń nızam-qaǵıydaları", "Stil, dóretiw metodı hám aǵımlar" dep atalǵan úlken 7 bólimnen ibarat.

Al birinshi bap 3, ekinshi bap 9, úshinshi bap 8, tórtinshi bap 4, besinshi bap 1, altınshı bap 5, jetinshi bap 4, ulıwma 30 bólimnen turadı.[26] Ádebiyattanıw ilimine tiyisli teoriyalıq pikirler, ilimpazlardıń hám sóz ustalarınıń kózqarasları, derek hám maǵlıwmatlar, mısallar hám dáliyllewlerge, túsiniknamalarǵa kútá kóp orın berilgen, sozılıńqırap ketken, sonlıqtan "Adabiyot qoidalari" oqıw qollanbasın Joqarı oqıw orınlarınan filologiya qánigeligi studentleri ushın tereńlestirilip keń planda jazılǵan "Adabiyotshunoslikka kirish", yáki "Adabiyot nazariyasi" oqıw qollanbalarınan ayırmashılıǵın tabıw qıyın. Degen menen H.Umurov avtorlıǵındaǵı "Adabiyot qoidalari" oqıw qollanba licey oqıtıwshıları hám oqıwshıları ushın paydalı tálim quralı bolıp xızmet etkenligin biykarlay almaymız. Házirgi waqıtta da bul kitap akademiyalıq liceylerdiń oqıtıwshılarınıń eń kerekli oqıw qollanbalarınan biri bolıp qalıp otır. Biraq, qaraqalpaq akademiyalıq liceyleri oqıtıwshılarınıń bul oqıw qollanbanı paydalanbay atırǵanlıǵı, hátteki usınday kitap bar ekenligin geyparalarınıń elege shekem bilmeytuǵınlıǵı ókinishli.

Kóp jıllıq pedagogikalıq tájiriybege iye, qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası boyınsha bahalı ilimiy miynetleri baspadan shıqqan filologiya ilimleriniń doktorı, professor Á.Paxratdinov mekteplerge jańa pedagogikalıq talaplardı engiziwdiń baslı talapları tuwralı pikirleriniń birinde "Bul talaplardı tolıq iske asırıw ushın Qaraqalpaqstanda búgingi kúnde mekteplerdiń awhalı qalay? - degen soraw turadı. Bul máselede eń baslısı, birinshi, **oqıwshınıń talapqa juwap beriwshi oqıw quralı bar ma?**Ekinshi másele: Oqıtıwshınıń talapqa say oqıw quralı bar ma? Bul Respublika kóleminde úzliksiz bilim beriwdegi eń bir zárúrli máselelerdiń biri bolıp esaplanadı. Haqıyqatın aytıw kerek. Oqıwshınıń oqıw quralı bar! Oqıtıwshınıń oqıw quralı joq[27], ... hár bir temanı ótiwdiń usılların kórsetetuǵın metodikalıq qollanbaǵa muǵallim iye emes... Sabaqta hámme tema, hámme janrlar bir qálipte ótiledi de turadı.Barlıǵı bir manera bir tonda bolǵanlıqtan sabaqta balaǵa zerigerli jaǵday tuwǵızadı.

---

[26] Умуров Ҳ. Адабиёт қоидалари. Академик лицейлар учун. "Ўқитувчи", Ташкент. 2002, 206-207-бет.
[27]Пахратдинов Ә. Педтехнология тийкарлары. "Қарақалпақстан", Нөкис, 2009, 37-бет.

Hátte bala muǵallimniń sabaǵınan túńilip ketedi,[28]degen edi. Bul jaǵday akademiyalıq liceylerge detiyisli."Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha akademiyalıq licey oqıwshısı konkret qaysı kitaptı, al oqıtıwshılar konkret qaysı metodikalıq qollanbasın paydalanıwı múmkin? Pánniń metodikasısız, metodikalıq qollanbasız klassta sabaq ótiw múmkin be? Máselen: Ózbekistanda ózbek tili, ózbek ádebiyatı boyınsha jeterli metodikası, metodikalıq qollanbaları bar. Bizde mektepler ushın joq![29],degen pikiri jáne bir márte tastıyıqlaydı.

Qaraqalpaq ádebiyatın mekteplerde oqıtıw metodikası boyınsha Á.Paxratdinovtıń kóp ǵana tıyanaqlı ilimiy miynetleri járiyalandı."Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdan metodikalıq geybir máseleleri"[30]qollanbası 5-9-klasslarǵa arnalǵan bolıp, tiykarınan sabaq ótiwdiń jetilisken dástúriy usılların analizlewi menen bahalı. Al, "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası dep"[31]dep atalǵan qollanbasında ǵárezsizlik ideyasınan unamlı tásirleri bar, degen menen bul miynette oqıtıwdıń interaktiv metodları tuwralı kózqaraslar ushıraspaydı. Ádebiyat pánlerin oqıtıwdaǵı jańa pedagogikalıq texnologiya máseleleri metodist ilimpazdıń "Pedtexnologiya tiykarları" metodika qollanbasında sóz etiledi. Biraq, mekteptiń qaysı klasslarında qaysı temanı qalay ótiw usılları tuwralı konkret usınıslar bolǵanında kútá maqul bolar edi.

2009-jılı K.Palımbetov, Q.Pirniyazov hám R.Berdimuratovalar avtorlıǵında "Ádebiyattı oqıtıw metodikası"[32]dep atalǵan 8-klass ushın metodikalıq qollanba shıqtı. Metodikalıq qollanba K.Mámbetov, Z.Ayjanova, T.Daniyarovalar birgelikte tayarlaǵan "Qaraqalpaq ádebiyatı" sabaqlıǵı (ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdiń 8-klası ushın sabaqlıq, Nókis, "Bilim", 2006) berilgen temalardı ótiwde dástúriy emes usılda oqıtıw úlgileriniń usınıs etiliwi, oqıtıwda jańasha metodlardıń ámeliyatqa engiziw máselelerine dıqqat awdarıwı menen qunlı. Bul qollanbada qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda oyın texnologiyaların sheber shólkemlestiriwdiń jolları, mashqalalı oqıtıwdı jolǵa qoyıwǵa ayrıqsha itibar beriledi. Sóz ustalarınıń ómiri hám dóretiwshiligi boyınsha shıǵarma jumıslarınıń temaları, krossvordlardıń túrleri, test sorawları hám t.b. kirgizilgen, jazıwshılardıń toplamlarınıń, olar tuwralı jazılǵan ilimiy maqalalardıń dizimi berilgen. Degen menen avtorlardıń jeke kózqarasları, pikirleri, ilimiy pedagogikalıq usınıs hám niyetlerine kóbirek orın ajıratılǵanda maqsetke muwapıq bolar edi.

---

[28]Сонда 37-бет.
[29] Сонда 39-бет
[30] Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыўдың методикалық гейбир мәселелери. "Билим", Нөкис, 1991.
[31] Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. "Билим", Нөкис, 2004.
[32]Palımbetov K., Pirniyazov K., Berdimuratova R. Ádebiyattı oqıtıw metodikası (8-klass ushın metodikalıq qollanba). Nókis. K.Ubaydullaev atındaǵı Respublikalıq pedagog kadrlardı qayta tayarlaw hám qánigeligin arttırıw institutı, 2009.

Jas ádebiyatshı metodist oqıtıwshılardan biri A.Tobanazarovtıń "Kásip-óner kolledjlerinde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdın bazı bir máseleleri"[33]degen atamadaǵı metodikalıq qollanbası qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń geypara máselelerin, qaraqalpaq ádebiyatı pánin ótiwdegi sabaq túrlerin, oqıtıwdıń mashqalalı túrli shólkemlestiriw jolların, sabaqlardıń nátiyjeliligin asırıwda oqıtıwdıń interaktiv usılların, qaraqalpaq ádebiyatı sabaqlarında kórkem shıǵarmanı analizlew metodların úyreniwi menen tartımlı.

Avtor metodikalıq qollanbanıń "Kásip-óner kolledjleri oqıwshıları ushın "Qaraqalpaq ádebiyatı" sabaqlıqlıǵı haqqında" dep atalǵan bóliminde Q.Járimbetov hám Q.Orazımbetov birgelikte baspadan shıǵarǵan "Qaraqalpaq ádebiyatı" kásip óner kolledjleri oqıwshıları ushın sabaqlıqtıń ámeliy áhmiyetin ilimiy tiykarlawǵa xızmet etedi. A.A.Tobanazarovtıń jazıwınsha, "Bul sabaqlıqta qaraqalpaq folklorı, qaraqalpaq jazba ádebiyatı derekleri hám ádebiyatımızdıń tariyxına baylanıslı kóplegen materiallar, ádebiyat teoriyasınan maǵlıwmatlar, temalar boyınsha soraw-tapsırmalar, testler orın alǵan.Sabaqlıqtaǵı materiallar baǵdarlamaǵa say ráwishte jaylastırılıp, kolledj oqıwshılarınıń jas ózinshelikleri esapqa alınǵan..."[34]A.Tobanazarov bul sabaqlıqtaǵı geypara kemshiliklerdi sınap-mineydi. Máselen, jas alımnıń pikirinshe, "awızeki ádebiyat úlgisi aytıslar, 1945-1960-jıllar aralıǵındaǵı qaraqalpaq ádebiyatınıń rawajlanıw baǵdarları sóz etilmegen..., sabaqlıqtaǵı berilgen konseptual soraw-tapsırmalar az muǵdarda..., temalar boyınsha kolledj oqıwshılarıúyreniwi lazım ádebiy bilimler, túsinikler, kónlikpelerdiń muǵdarı "Qaraqalpaq ádebiyatı" sabaqlıǵında… ajıratılǵan waqıt kólemi menen barabar emes"[35]

Oqıw qollanbanıń tabısları menen bir qatar kemshilikleri de ushırasadı. Máselen, avtor oqıw qollanbanıń "Oqıtıwdıń interaktiv metodları haqqında túsinik" dep atalǵan bóliminde "Sinkveyn" metodın ámelge asırıw shártleri boyınsha óz kózqarasların bildire otırıp, gáp qaraqalpaq ádebiyatı tuwralı bolıp atırǵanın yadtan shıǵaradı hám qaraqalpaq til bilimine tiyisli materiallardı ilimiy analizge qosqanın ózi de ańlamay qaladı. Avtor "Sinkveyn" metodı. "Sinkveyn" sózi fransuz tilinen alınıp, bizińshe "Bes qatarlı qosıq" degen maǵanaǵa jaqın keledi,[36] dep anıqlama jasaydı da, bul anıqlamanı ámeliy túsindiriwge kelgende qaraqalpaq ádebiyatınan emes, al sóz shaqaplarınan mısallar keltiredi: "1-qatarda. Temanıń atın ańlatatuǵın atlıq sóz beriledi (Zatlıq mánisin bildiriwshi).

---

[33]Тобаназаров А. Кәсип-өнер колледжлеринде қарақалрақ әдебиятын оқытыўдың базы бир мәселелери. "Билим", Нөкис, 2015
[34]Тобаназаров А. Кәсип-өнер колледжлеринде қарақалрақ әдебиятын оқытыўдың базы бир мәселелери. "Билим", Нөкис, 2015
[35] Сонда 13-16-бетлер
[36] Сонда 74-бет

2-qatarda. Eki kelbetlik sóz beriledi (Temanı súwretlep beriwshi). 3-qatarda. Úsh feyil sóz beriledi (temanıń sheńberindegi is háreketti ańlatıwshı). 4-qatarda. Tórt sózden ibarat frazeologiyalıq xarakterge iye bir gáp beriledi (sol temanıń mazmunına baylanıslı). 5-qatarda. Sinonim sózler beriledi (temanıń mazmunın qaytalawshı). Bunday kemshilikler kitaptıń basqa orınlarında da ushırasadı. Lekin, bul metodikalıq qollanba kásip-ónerkolledjleri muǵallimleriniń pedagogikalıq islerinde aktiv paydalanılatuǵınlıǵı sózsiz.

Metodikalıq qollanba tayarlaw islerindegi jańalaqlardan biri QMU qáraqalpaq ádebiyatı kafedrası oqıtıwshıları J.Sagidullaeva hám J.Kaniyazovalardıń "Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar"[37] degen metodikalıq qollanbası boldı. Qollanbadaǵı sabaq temalarının texnologiyası professor Q.Járimbetovtıń "Ádebiyattanıwdan sabaqlar" (Nókis, "Qaraqalpaqstan", 2012) oqıw qollanbası tiykarında islep shıǵılǵan)[38]. Qollanbanıń áhmiyetli tárepleriniń biri, onı tek ǵana joqarı oqıw orınlarındaǵı ádebiyatshı pedagoglar emes, al akademiyalıq licey hám kolledj oqıtıwshıları da járdemshı qural sıpatında paydalanıwı múmkin.

"Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovatsialıq texnologiyalar" metodikalıq qollanbasınıń basqa metodikalıq qollanbalardan baslı ayırmashılıǵı sonda - bul qollanba "Ádebiyattanıw" páni boyınsha qaysı temalar ótiletuǵın bolsa, sol temalardıń hár birin innovaciyalıq usıllardıń qaysı túri menen otiw kerekligi anıq hám túsinikli kórsetip bere algan. Atı atalǵan pán boyınsha lekciya sabaǵın "Asessment" texnikası hám "Blic-soraw" metodı menen "Ádebiyattanıw haqqında túsinik" temasın, "Venn diagramması" hám "Túsinikler analizi" texnologiyaları menen "Kórkem ádebiyat - kórkem ónerdiń bir túri" temasın, "B/B/B" metodı menen "Estetikalıq kategoriyalar hám olardıń kórkem ádebiyattaǵı kórinisleri," temasın, "Aqıl kartası" usılı menen, "Kórkem obraz hám onıń túrleri" temasın, "Túsinikler analizi" texnologiyası menen "Kórkem shıǵarmanıń syujeti, konflikti, kompoziciyası" temasın "Aqıl kartası" hám "Assesment texnologiyaları menen "Ádebiy túrler hám janrlar. Epos, lirika, drama" temasın, "Klaster" hám "Sparqıpálek" metodları menen "Kórkem shıǵarmanıń tili" temasın, "Insert kestesi" texnologiyası menen "Qosıq qurılısınıń tiykarları temasın, "B/B/B/" usılı, "Teksheme-tekshe," "PSMU" (Pikir-Sebep-Mısal-Ulıwmalastırıw), "Problema", "Túsinikler analizi" usılları menen "Kórkem metodlar, aǵımlar hám stil temasın, "SWOT analiz" (Strenhts - kúshli tárepi, Weakness - kúshsiz tárepi, Opportunitios - imkaniyatlar, Thrats -

[37] Сагидуллаева Ж, Каниязова Ж. Әдебият теориясын оқытыўда инновацион технологиялар. "Қарақалпақстан", Нөкис, 2016.
[38]Сагидуллаева Ж, Каниязова Ж. Әдебият теориясын оқытыўда инновацион технологиялар. "Қарақалпақстан", Нөкис, 2016, 3-бет.

tosıqlar) hám "Eki bólimli kúndelik" metodları menen "Ádebiy process hám onıń rawajlanıw nızamlılıqları" temasın oqıtıw jollarınıń tiyimli táreplerin kútá túsinikli etip tiykarlap bere alǵan. Sabaqtıń ótiliw sapasın támiynlewde ayrıqsha funciya atqaratuǵın túrli kesteler, esletpeler, vizual material úlgileri, prezentaciya jasaw túrleri, kespe qaǵaz formaları hám kórsetpeler metodikalıq qollanbada úlken ıqlas penen paydalanılǵan.

Avtorlar "Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovacion texnologiyalar" oqıw qollanbasın jazıw ústinde islew procesinde úlken inta hám jiger menen islegen, bilim beriwdiń sapasın joqarılatıwǵa barlıq ıqlası menen jantasqanı seziledi. Bul metodikalıq qollanbanıń konkret bir pándi hám ondaǵı konkret temalardı innovaciyalıq texnologiyalar járdeminde ótiwge arnalǵanı, biziń ańlawımızsha, ǵárezsizlik jıllarındaǵı ádebiyattı oqıtıw metodikası tariyxındaǵı birinshi waqıyalardan biri boldı desek qátelesken bolmaymız. J.Sagidullaeva hám J.Kaniyazova islep shıqqan bul metodikalıq qollanba óziniń metodikalıq tiykarlanǵanlıǵı hám joqarı sapası boyınsha ádebiyat pánlerin oqıtıw boyınsha ǵárezsizlik jıllarında shıqqan basqa metodikalıq qollanbalardan ayrıqshalanıp turadı. Solay bolsa da, biz magistrlik dissertaciyanı jazıw barısında usı metodikalıq qollanbanı úyrene otırıp, oqıw qollanbada usınıs etilgen innovaciyalıq texnologiya túrleri "mektep oqıwshılarınıń oyınına" uqsańqırap ketińkireydi me? degen pikirlerge de keldik. Álbette, mektep, akademiyalıq liceyyáki kásip-óner kolledjleri oqıwshılarınıń jas ózgesheliklerin, olardıń sabaqtı qabıllaw hám ózlestiriw jaǵdaylarına qarap sabaq oqıtıwdıń hár qıylı oyın metodların qálegeninshe paydalanıwǵa bolatuǵın shıǵar. Biraq, joqarı oqıw ornına mektep, licey hám kolledjlerdi pitkerip, ádewir dárejede tayarlıqlı kelgen fizikalıq jaqtan hám oy-órisi, sanası tolısqan er jetken studentlerge sabaq ótiwdiń "salmaǵı basımıraq" usıllardan paydalanıw zárúrdey sezile beredi. Máselen, alısqa názer salmay-aq, Rossiyanıń joqarı oqıw orınlarındaǵı dúnyaǵa belgili ataqlı professor hám akademiklerdiń sabaq ótiw metodların úyrensek, bárimiz ushın paydalı bolar edi.

Juwmaqlap aytqanda, ǵárezsizlik jıllarında ádebiyattı oqıtıwdıń anaw yáki mınaw problemaların qozǵaǵan maqalalar, ilimiy miynetler, metodikalıq qollanbalar, miynetler belgili dárejede islengenligi málim. Biraq, akademiyalıq liceylerde ótiletuǵın "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen arnawlı oqıwlıq joq ekenligi sheshiliwi tiyis bolǵan ayrıqsha problemalardan esaplanadı. Sabaqlıq joq bolǵanlıqtan pan boyınsha metodikalıq qollanba islep shıǵıw múmkin emes. Bul máselelerdi durıs jolǵa salıw Berdaq atındaǵı QMU hám Ájiniyaz atındaǵı NMPI ádebiyatshı ilimpazlarınıń, pedagog alımlarınıń keshiktiriwge bolmaytuǵın wazıypalarınıń biri.

## II Bap. "Ádebiyat qağıydaları" pánin oqıtıw usılları

Ózbekstandağı belgili metodist alım, pedagogika ilimleriniń doktorı, prof. Qazaqbay Yóldashev ádebiyat pánlerin oqıtıw boyınsha ilimiy izertlewleriniń birinde "... ádebiyat sabaqlarınıń hámmesine tán ózgeshelik sonda, ol álemdi estetikalıq jaqtan ańlay alatuğın, kórkem shığarmalardağı ruwxıy qádiriyatlardı qátesiz ańlay alatuğın hám olardı múmkinshiligi bolǵanınsha óz tábiyatınan ajıralmas bóleklerine aylandıratuğın oqıwshılardı tárbiyalawdan ibarat"[39],- degen edi. Joqarı sanalı, ruwxıy jaqtan gózzalinsan bolıp jetilisiwde, ádebiyat pánleriniń, olardağı estetikalıq zawıqtı seziniwge tárbiyalaytuğın, kórkem shığarmanıń mazmunı astarındağı poetikalıq mağananı túsiniwge úyretetuğın pán "Ádebiyat qağıydaları" sabaqları ekenligi bárimizge málim. Jáne bir tájiriybeli metodist ilimpazlardan biri Q.Xusanbaev ádebiyat sabaqlarınan insan qálbin tárbiyalaw strukturası tuwralı "... oqıwshını sizden tásirleniw, onı seziw hám lázzetleniwge úyretiw, kórkem sóz járdeminde insanda gózzal qásiyetlerdi, unamlı páziyletlerdi tárbiyalaw múmkin. Gózzal minezli, ruwxıyatı bay adamlardan sózleri de, isleri de"ózlerine múnásip ekeni, taza kewil iyesi hámiyshe xoshametlerge hám sıy húrmetlerge ılayıqlığın ádebiyat arqalı ańlawǵa boladı. Usını ańlap jetken bala (insan, oqıwshı -A.P.) ózin-óz qadaǵalap barıp, ózin ruwxıy kámillikke qaray talpındıradı. Bul isler tikkeley ádebiy shığarmalardı úyreniw, tekstlerdi analizlew jolı menen ámelge asırıladı,[40] dep jazǵan edi. Meyli, ol milliy ádebiyatqa yáki jáhán ádebiyatına tiyisli me, hár qanday poetikalıq kúsh joqarı shığarmanı tereń úyreniw tekstti ilimiy analizlew ushın mekteplerde, akademiyalıq liceyyáki kolledjlerde ádebiyat tuwralı túsiniklerdi bayıtatuğın hám rawajlandıratuğın ádebiyat qağıydaların ózlestiriw talap etiledi. Ideyalıq mazmunı tereń, kórkemlik dárejesi joqarı shığarmalar jaslardı ruwxıy jaqtan kamalatqa jetistiredi. Óz pikirine, jeke kóz qarasına iye intellektual xarakterdegi insanlardı jetilistiriw ushın akademik liceylerde ótiletuğın "Ádebiyat qağıydaları" pánin oqıtıwdıń jetilisken usılların paydalanıw zamanımızdıń áhmiyetli máseleleriniń biri. Usı máselelerdi biz dissertaciya jumısımızdıń "Ádebiyat qağıydaları" panin ótiwde dástúriy oqıtıw usıllarınıń áhmiyeti hám "Ádebiyat qağıydaları" páni interaktiv usıllardı oqıtıw máselleri dep atap bólimlerinde úyretiwdi maqset etip belgiledik.

---

[39]Yóldashev. K. Pedadodik tafakkur va umumta'lim maktablarida adabiyot o'qitishning ilmiy-metodik asoslari. Ped.fak.dok.diss. Tashkent, 1997, 131-bet.

[40] Xusanbaev K. Adabiy ta'lim jarayonida o'quvchilarni mustaqil fikrlashga o'rgatishning ilmiy-metodik asoslari. Ped.fak.dok.diss. Tashkent, 2006, 66-bet.

## II.1. "Ádebiyat qaǵıydaları" panin ótiwde dástúriy oqıtıw usıllarınıń áhmiyeti.

Házirgi waqıtta akademik liceylerde "Ádebiyat qaǵıydaları" pani sabaqları tiykarınan dástúriy hám interaktiv metodlardan paydalanıp ótiledi.

Akademiyalıq liceyde ámeliyatta bolǵan hám magistrlik dissertaciya jazıw procesinde "Ádebiyat qaǵıydaları" páni sabaǵın ótiw usılları máselesin úyrengen dáwirimizde, licey oqıtıwshıları kóbinese dástúriy oqıtıw metodikalarınan paydalanǵanlıǵınıń gúwası boldıq. Al, interaktiv oqıtıw usıllarınıń bazıbir túrlerinen tek zárúr dep tabılǵan ashıq sabaqlarında ǵana paydalanılatuǵınlıǵı kópshilikke belgili. Olar mınalar: birinshisi passiv metod, ekinshi aktiv metod. Passiv túrinde oqıtıwshı ótiletuǵın tema boyınsha oqıwshıǵa tek túsinik beriledi, oqıwshılar oǵan aktiv qatnaspaydı, olar ótilgen temanı tıńlap túsiniw menen ǵana sheklenedi. Aktiv túrinde ótilip atırgan tema tuwralı oqıwshılarǵa túsinik beredi, oqıwshılar bul tema boyınsha túsinik alǵanların muǵallimge bildiriwge qatnastırıladı, olar óz ańlaǵanları, túsingenleri tuwralı oqıtıwshıǵa bildiriwge aktiv qatnasadı. Sabaq barısında ótilgen temalar boyınsha óz múnásibetlerin bildiriwge háreket etedi. Muǵallim hám oqıwshılar arasında janlı baylanıs shólkemlestiriledi. Oqıtıwdıń possiv hám aktiv túrlerin tómendegi sızılmalar menen kórsetiwimiz múmkin.

**Oqıtıwdıń passiv túri:**

1-súwret.




**Eskertiw:**

Strelkalar sabaq barısında muǵallimniń aktiv bolatuǵınlıǵın kórsetedi.

**Oqıtıwdıń aktiv túri:**

2-súwret.




**Eskertiw**: Strelkalar sabaq barısında muǵallim menen birge oqıwshılardı da aktivlestirip kórsetedi.

Oqıtıwdıń interaktiv túrinde bolsa oqıtıwshı temanı oqıwshılarǵa túsindiredi, oqıwshılar ótilgen tema boyınsha qanday túsinikke iye bolǵanın muǵallimge aktiv bildirip otıradı, eń tiykarǵısı, oqıwshılar ótilgen tema boyınsha kózqarasların klasta birge otırǵan oqıwshılar menen ortaqlasadı. Muǵallim menen oqıwshı, oqıwshı menen oqıwshı arasında aktiv dóretiwshilik qatnas shólkemlestiriledi. Oqıwshılardıń tema boyınsha túsinikleriniń tereńlesiwine, sap pikirlerdi ańlawına, doretiwshilik izlenislerdi qáliplestiriwge, klasta otırǵan hár bir adamnıń aktivlesiwine keń múmkinshilik jaratıladı. Oqıtıwdıń interaktiv túrin tómendegishe sızılma menen belgilewdi maqul kórdik.

**Oqıtıwdıń interaktiv túri:**

3-súwret.



**Eskertiw**: Strelkalar sabaq barısında muǵallim menen oqıtıwshılar arasında, oqıwshılar menen oqıwshılar arasında demokratiyalıq múnásibet bolatuǵınlıǵın kórsetedi.

Ukrainalı belgili metodist ilimpaz A.V.Manzura "Mekteplerde ádebiyattı oqıtıw metodikası"[41] dep atalǵan oqıw qollanbasında joqarıda sóz etilgen metodlar boyınsha bılayınsha túsinik beredi. Onıń anıqlaması boyınsha:

1. Passiv metod - bunda oqıtıwshı sabaq barısında basqarıp barıwshı hám tiykarǵı háreket etiwshi figura sıpatında kórinedi. Al, oqıtıwshı bolsa passiv tıńlawshı rólin atqaradı hám oqıtıwshınıń direktivasına baǵınıshlı boladı.

2. Aktiv metod - oqıtıwdıń bul túrinde oqıtıwshı hám oqıwshı sabaq barısında biri-biri menen birge islesedi. Oqıwshılar bul oqıtıw túrinde passiv tıńlawshılar emes, al sabaqtıń aktiv qatnasıwshılarına aylanadı. Oqıtıwshı hám oqıwshı tek huqıqlı boladı.

3. Interaktiv metod - oqıtıwdıń bul túrinde oqıwshı tek ǵana oqıtıwshı menen emes, al oqıwshılar menen de keń túrde birge islesedi, aktivligin asıradı. Unteraktiv Metodlardı qollanıw barısında bilim alıwshı oqıwshılar materialdı ózlestiriw procesinde tolıq huqıqlı qatnasıwshılar retinde kórinedi. Oqıtıwshı tek ǵana tayar bilimler berip qoymastan, oqıwshılardı óz betinshe izlenisler alıp barıwǵa talpındıradı.

Qaraqalpaqstanda házirgi kúnde mekteplerde, akademiyalıq liceyler hám kásip-óner kolledjlerinde muǵallimler pánlerdi kóbinese dástúriy usıllarda ótiwdi maqul kóredi. Bul usıllar XX ásirdiń jetpis-seksen jılı dawamında oqıw orınlarınıń bárshe pedagogları tárepinen úzliksiz hám nátiyjeli paydalanılǵan. Biz magistrlik jumısımızdıń usı bóliminde "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin akademiyalıq licey oqıwshılarına dástúriy usıldıń birlesken sabaq túrinde ótiw máselelerin kórip shıǵıwdı maqul kórdik.

Prof. Á.Paxratdinov birlesken sabaq túri boyınsha "Bul sabaq túriniń barlıq basqıshlarında qaraqalpaq ádebiyat muǵallimi sabaqtı oqıtıwshılardan soraw túrleri metod hám usıllardı qollanıw shártlilikleri, metodikasınıń talapları boyınsha durıs, ózgerissiz alıp bara beredi"[42] dep bul usıldıń keń múmkinshilikleri bar ekenligine dıqqat awdaradı. Birlesken sabaq túri eger auditoriyada ótiletuǵın temanıń ádebiy materialı oqıtıwshınıń kóp waqıtın alatuǵın bolsa, sonday-aq, muǵallim óz oqıwshılarınan úy tapsırmasın tolıq orınlap kelgenine kózi jetken jaǵdayda[43] ótiledi. Eger usı problemalar esapqa alınbasa licey oqıwshısı ushın keshegi ótilgen hám endi ótiletuǵın temanı

[41]Манзура В.А. Методика преподавания литературы в школе. Учебник для студентов педвузов. Горловка, 2010.
[42]Пахратдинова Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, "Билим", 2004, 163-бет.
[43]Сонда 164-бет.

ózlestiriwi, úlgeriwi qıyınshılıq keltirip shıǵaradı. Joqarıdaǵı eskertip ótkenimizdey, akademiyalıq liceylerde gi sabaqlar mekteptegidey 45 minutta emes, al 80 minutta, yaǵnıy juplap saatlardı ótiledi. Demek, oqıtıwshınıń taza temanı ótiwine de, úyge berilgen tapsırmalardı da sorawına, sabaqtı bekkemlewine de waqıt emin-erkin jetedi.

Berdaq atındaǵı QMU qasındaǵı akademiyalıq liceyde 2018-jıldıń 12-fevraldan baslap 7-aprel kúnine shekem pedagogikalıq ámeliyat ámeliyatta boldım. Liceyde qaraqalpaq ádebiyatları pánlerin, solardıń qatarında metodist muǵallimlerdiń másláháti menen "Ádebiyat qaǵıydaları" paninen sabaqlar óttim. Liceydiń qaraqalpaq tili ádebiyatı oqıtıwshıları M.Allambergenov, N.Allamuratov, Z.Allamuratova hám R.Najimovalardıń sabaqlarına qatnasıp, olardıń pedagogikalıq tájiriybelerin úyrendim. Geyde olardıń tajiriybelerine súyengen halda sabaqlar óttim. Olar maǵan "Ádebiyat qaǵıydaları" páni interaktiv metodlardan paydalanıp oqıtıwdan aldın dástúriy usıldıń birlesken túrinde ótiwimdi másláhát etti.

Birlesken sabaq túri ádebiyat boyınsha teoriyalıq túsiniklerdi hár tarepleme keń hám tereń túsinik beriwde qol keldi. Sabaqtıń nátiyjeliligine erisiw ushın, daslep sabaqtı jobalastırıp alamız. Sabaqtıń jobalastırıw, álbette, sabaq ótiletuǵın kúnnen ilgeri kúnleri dúziledi, ondaǵı hár bir minut hám otiliw barısı anıq bólistiriliwi lazım boladı, sol jaǵdayda ótilgen tema hám ótiletuǵın tema arasında sistemalı baylanıslılıq boladı, sabaqtıń bekkemleniwine aqılǵa muwapıqlı júzege keledi.

**Birlesken sabaq jobası:**

Sabaqtıń teması hám túri.

Sabaq teması: Etika haqqında túsinik. Etikanıń kishi janrları.

Sabaq túri: Birlesken sabaq túri

Sabaqtıń maqseti:

1. Ádebiyat tuwralı bilim beriw
2. Tárbiya beriw
3. Bilim hám oy-órisin rawajlandırıw

Sabaqtı qurallandırıw: "Ádebiyat teoriyası" (Ádebiyat muǵallimi hám studentlerge arnalǵan oqıw quralı). K.Mámbetov. 1995-jıl, 172-205-betler, "Ádebiyattanıw" (sabaqlıq). S.Axmetov, K.Sultanov. 1987-jıl, 185-208-betler, "Ádebiyattanıwdan sabaqlar". Q.JárimbYuetov. 2012-jıl, 28-35-betler,

Kórsetpe qurallar: Etika hám onıń kishi janrları boyınsha texnikalı qural (máselen, plakatqa salınǵan súwret, sızılma), "Ádebiyattanıw atamalarınan orıssha-qaraqalpaqsha túsindirme sózligi". S.Axmetov, J.Esenov, Q.Járimbeov. 1994-jıl h.t.b.

Sabaqtıń barısı:

1. SHólkemlestiriw: 1-2 minut
2. Taza tema boyınsha túsinik beriw: 25-35-minut
3. Úy tapsırmasın soraw hám sabaqtı bekkemlew: 30-35-minut
4. Oqıwshılardıń bilimin bahalaw: 5-7 minut
5. Úyge tapsırma beriw: 1-2 minut

Hámmesi 80 minut

Bul sabaq túriinde sabaqtıń teması hám sabaq túrinen kelip shıqqan halda sabaqtıń maqseti anıq belgilenedi, yaǵnıy sabaqtın tiykarǵı maqseti úshew, birinshisi - ádebiyat tuwralı bilim beriw, ekinshisi - tárbiya beriw, úshinshisi bilim hám oy-órisin, sanasın rawajlandırıw.

Birinshisi - bilim beriwshilik, bunda oqıwshıǵa tiykarınan kórkem ádebiyattıń úsh túri (lirika, epika, drama) bolatuǵınlıǵı, solardan epika túri haqqında, epikanıń kishi, ortasha, úlken janrları bolatuǵınlıǵın, kishi janrlarına awızeki ádebiyatta ertek, ańız, anekdot, tımsal, naqıl-maqal, al jazba ádebiyatta gúrriń, novella, sYujetli qosıqlar bolatuǵınlıǵı túsiniklerdi qáliplestiriw.

Ekinshi - tárbiya beriwshilik, bunda oqıwshıǵa epikanıń kishi janrlarınan adamnıń estetikalıq sana-sezimin, oy-órisin rawajlandıratuǵın áhmiyeti tuwralı túsiniklerin qáliplestiriw.

Úshinshi - ózlestirilgen bilim tuwralı túsiniklerin rawajlandırıw ádebiyattan insan ruwxıy dúnyasın tárbiyalawdaǵı atqaratuǵın xızmeti tuwralı kózqarasların tereńlestiriw. Oqıwshılardan ádebiyatqa qızıǵıwshlıǵın arttırıw, oqıwshılardıń ádep-ikramlılıq, gózzallıw, Watandı súyiwshilik, doslıq, tuwısqanlıq, mártlik sezimlerin, olardıń ayrımların rawajlandırıw.

Kórgizbeli qurallar: Joqarıda atap ótilgen "Ádebiyat teoriyası", "Ádebiyattanıw", "Ádebiyattanıwdan sabaqlar", "Ádebiyattanıw atamalarınan orısshı-qaraqalpaqsha túsindirme sózligi" oqıw qollanbaları. Bularǵa qosımsha Hatam Umarovtıń "Adabiyot qoidalari" oqıw qollanbasın (Toshkent, 2002) paydalanıw múmkin.Qaraqalpaq xalıq ertekleri, belgili jazıwshılardıń gúrriń hám novellalar toplamları da unamlı nátiyje beredi.Epikalıq kishi janrları boyınsha plakatqa súwret-sızılmalar salıp alıp keliw oqıwshılardıń sabaq temasına qızıǵıwshılıǵın arttıradı.Plakattaǵı sózler kútá anıq salınıwı kerek.Klastaǵı eń keyingi partada otırǵan oqıwshılardıń da kóre alıwı talap etiledi.Plakattaǵı jazıwlar tómendegishe kórinislerde bolıwı múmkin.

**1-súwret: Kórkem ádebiyattıń úsh túri bar.**




**2-Súwret: Epikalıq janrlar.**




**3-Súwret: Epikalıq kishi janrlarǵa bóliniwi.**



Eskertiw: bularǵa qosımsha muǵallim ádebiyattanıw terminleri boyınsha anıqlamalardı da hár qıylı kólemdegi plakatlarǵa sulıw hám anıq etip salıp kelip kórgizbeli qural sıpatında paydalanıw múmkin.

Birlesken sabaq túrindegi eń tiykarǵı etap sabaqtıń barısı. Sabaqtıń barısı oqıtıwshı tárepinen puxta islenip shıǵılıwı zárúr. Sabaqtıń barısınıń birinshi basqıshı shólkemlestiriw.

Shólkemlestiriw: sabaq barısınıń bul etabı ápiwayı bolıp kóringen menen oqıtıwshılardıń barlıǵında mashqalalı keshetuǵını sır emes. Birinshiden, sabaq barısın shólkemlestiriw basqıshına tek 1-2 minut waqıt ajıratılıp oqıtıwshı, sol minutlar ónimli paydalanıw talap etiledi. Máselen, oqıwshılardıń sabaqqa qatnasın bolmastan burın taza temaǵa tiyisli plakatlardı ildiriwimiz kerek. Al, auditoriyada bolsa jazıw taxtası birew ǵana. Taza temanı ótip atırǵan payıtta taxtadan ónimli paydalanıw ushın oǵan kórgizbe qural xızmetin atqaratuǵın teoriyalıq túsinik hám anıqlamalar jazılǵan plakatlardı tolıq qıstara almaymız. Sebebi, taxtada orın qalmawı múmkin. Taxta qaptallarında arnawlı ildirgishler geyde bolsa, kóbinshe bolmay qalıw jaǵdayları liceylerde kóp ushırasadı. Jáne bir tarepi, auditoriya diywalına shege qaǵıp, onıń arxitekturalıq kelbetine zıyan tiygizip, onıń sıbawların túsiriw onıń estetikalıq sániniń buzılıwına alıp keledi. Sol 1-2 minuttıń ishinde oqıwshılardıń qatnasın da barlap úlgeriw kerek. Sonlıqtan kópshilik muǵallimler liceydegi bir sabaq penen ekinshi sabaqtıń aralǵındaǵı tánepis waqtınan paydalanǵandı maqul kóredi. Usı kishigirim máselelerdiń ózi sabaq ótiwdiń dástúriy usılları XXI ásir oqıw orınları ushın morallıq jaqtan gópirip baratırǵanın bildiredi. Usıǵan qaramastan elege shekem akademiyalıq liceylerdiń kópshilik oqıtıwshıları kúndelikli sabaq ótiwlerinde dástúriy usıllardan paydalanıp kiyatır. Interaktiv usıl túrlerinen tek ashıq sabaqlarda paydalanatuǵınlıǵı sır emes.

SHólkemlestiriw etabınan soń licey oqıtıwshısı 25-35 minut taza temanı túsindiriwdi baslaydı. Mekteplerde taza temaǵa 15-18 minut beriledi, sebebi olardaǵı waqıt ulıwma 45 minut. Al akademiyalıq liceylerde bolsa sabaq ótiw ushın 80 minut ajıratılǵan, sonlıqtan taza tema ótiwde 25-35 minut kóplik etpeydi.

Taxtaǵa sabaq ótilgen kún, ay, hám sáneleri, bunnan soń taza tema jazıladı.

Tema: Epika haqqında túsinik. Epikanıń kishi janrları sabaq túrinde ótilip atırǵanlıqtan oqıwshılardı 2-3 toparǵa bóliw de, bólmewi de múmkin. Bolsa toparlarǵa jarasıqlı, oqıwshılardıń jaqsı niyetlerinen kelip shıǵıp at qoyıladı. Muǵallim tayarlaǵan lekciya tekstinen, yáki awızeki túsindiriw sheberliginen, ya bolmasa oqıwshılar menen gúrrińlesiw, sáwbetlesiw usıllarınan paydalanıw múmkin. Kórgizbe qurallardı iske qosadı. Ádebiyatshı-teoretiklerdiń qollanbalarınan, olardıń anıqlamalarınan salıstırmalı túrde paydalanadı. Zárúr

dep tabılǵan orınlarda ádebiyat terminlerindegi shálkem shalıs kózqaraslardı da ortaǵa taslawı múmkin. Máselen, epikanıń kishi janrları bolǵan "ańız" hám "legenda" tuwralı. "Ańız" dep ataw kerek pe, "legenda" dep ataw kerek pe? Bunı oqıwshılardıń ózlerine taslap, olardı dóretiwshilik qatnas jasawǵa baǵdarlaw kerek. Demek sabaq dástúriy sabaq ótiwdiń aktivlesken metodı iskke qosıladı, degen sóz. Epikalıq awızeki jazba kishi janrlar bar ekenligin tereńirek túsindiriwge baslı dıqqattı awdarıw zárúr. Epikanıń kishi janrları boyınsha qaraqalpaq folklorınan mısallar keltiriw oqıwshılardıń túsinik alıwların ańsatlastıradı. Máselen, kishi janrlar boyınsha túsinikli etip aytıp bergen soń oqıwshılarǵa ertek, ańız, ápsana sózleriniń anıqlamasın jazdıramız. Onnan soń gúrrińlesiw usılınan paydalanıp muǵallimniń ózi ańız, ápsanalar aytıp oqıwshılarǵa túsinik beredi. Ásirese, bul olardı epikalıq kishi janrlar kólemi boyınsha qısqa bolatuǵınına ayrıqsha dıqqat awdarıwı shárt.

Áyyemgi zamanlardan biziń kúnimizge shekem kóp ǵana folklorlıq dóretpeler jetip kelgen. Folklorist ilimpaz professor Q.Maqsetov: ""folklor" degende xalıqtın hár qıylı tematikadaǵı qosıqların, naqıl-maqalların, jumbaqların, aytısların, aytımların, tolǵawların, ańız-áńgimelerin, anekdotların, erteklerin, dástanların hám t.b. túsinemiz"[44] degen edi.

Folklorist ilimpazlarımızdıń ózi xalıq awzınan kóp ǵana dóretpelerdi, folklorlıq epikalıq janrlardı jazıp alǵan. Usınday janrlardıń biri ańız hám ápsanalar esaplanadı. Ańız-ápsanalardı folklorist ilimpazlar Q.Maqsetov hám Á.Tájimuratovlar "Legendalar" dep ataǵan. Olar haqqında bılayınsha anıqlama beredi: "Ásirler dawamında toplanıp, úzliksiz xalıq tárepinen jetilistirilip kelgen xalıqtıń ájayıp awızeki xalıq dóretpeleriniń biri - xalıq legendaları bolıp esaplanadı.

Legendalar - jer, suw, kosmos keńligi, tariyxıy orınlar menen adamlar tábiyattaǵı hár qıylı zatlardıń kelip shıǵıwı menen haqıyqatlıqtı óz boylarına jámlestirip, folkorlıq planda súwretlep beretuǵını sóz etiledi"[45].

Ańız hám ápsanalar tábiyat, haywanatlar, tariyxıy shaxslar haqqında aytılıwı múmkin. Usı jerde oqıtıwshı xalıq arasında keńnen tarap ketken "Bayıwlı qus" haqqında ápsananıń qısqasha mazmunın keltirip beredi. "Ertede bir bay kisiniń ul perzenti bolıptı. Bay kisi hayalı dúnyadan ótkennen soń, ekinshi mártebe úyleniwge tuwra kelipti. Ógey ana baydıń ulın jek kóredi eken. Barlıq waqıtta qalay bolmasın balanı joq etiwdi oylap júripti. Bir kúnleri bay kisi sawda ushın uzaq saparǵa ketipti. Al hayalı ol kisi kelemen degenshe sumlıq oylap qoyıptı. Aradan kóp waqıt ótip, sawdadan qaytqan kúyewiniń aldına hayalı bet-awzı daladay qan bolıp, eńirep jılap shıǵıptı. Bunı kórgen kúyewi

[44]Қ.Мақсетов, Ә.Тәжимуратов, Қарақалпақ фольклоры.Нөкис, Қарақалпақстан. 1979-жыл.
[45]Сонда 182-бет.

saǵan ne boldı?- dep dárhál soraptı. Sonda ógey ana: Sen joǵıńda qor boldım. Balań kúnimdi bermedi. Hár kúni kórgenim azap, jegenim tayaq boldı. Mine, óziń kóreǵoy - dep jılap jiberipti. Ógey ananıń hiylesine aldanǵan bay, qáhárlenip balanı shaqırıptı. Hesh nárseden xabarsız bala juwırıp kelipti. Ákesi bolsa ashıwǵa minip, balasın qarǵap-silep, ilaya, bul úyden joq bolǵaysań, qaytıp bul jerde kórinbegeyseń, anańa bergen azabıń ushın úyden joǵal, kózime kórinbe",- depti. Ol waqıtları adamlar ne aytsa sol keletuǵın zamanlar eken. Úyden bas alıp ketken baydıń ulı heshkimniń kózine kóriniwdi qálemepti hám góne tamlarda kúnin ótkeripti. Sonnan "Bay ulı" sózi "Bayıwlıǵa" aylanıptı. Áne usı orında "Bayıwlı" ápsanasınan kishi kólemli janr ekenligin oqıwshıǵa maqullatıw kerek.

Xalqımızda kóp jasaǵan qariyalar "Bayıwlı" sózin kiyeli sóz dep bilip, onı kóbinese "Muradalı qus" dep ataydı.

"Áyyemde bir kisiniń bir ulı, bir qızı bolıptı. Ol kisi balaların janınan artıq jaqsı kóredi eken. Balaları sonday erinshek, xoshjaqpas eken. Ápiwayı úy jumısların islewge erinip, nalına beredi eken. Úyinde azǵana jetispewshilik bolsa, ekewi bul úy qurıp baratır, bas alıp uzaqlarǵa, hesh kim kórmeytuǵın jaqlarǵa ketsek, erkin jasasaq dey beredi eken. Olar bul gápti hár kúni takirarlap, nalına beripti. Bir kúnleri ákesi qara miynetten úyine sharshap kelse, balaları ele sol gápti tákirarlap atırǵanın kóripti. Miynetten dińkesi qurıǵan ákesi, balalarına qattı ashıwlı nazer menen qarap: "Búytip otırǵansha maǵan járdemlesseńizǵo" - depti. Sonda balaları jáne: "Bul úyden ketkeymiz, adam joq jaqlarda jasaǵaymız, bul úy qurıp baratır" - desipti. Ashıwǵa buwlıqqan áke: "Ilaya, muradıńız hasıl bolǵay. Adamı joq jaqlarǵa ketkeysiz" - depti.

Ákesi bul gápti aytıp bolıwdan, birden bólmeniń ishinde qara shańǵıt kóterilipti. Ol ákesiniń eki perzenti birden kórimsiz qusqa aylanıp ushıp, sol ketisten qaytıp kelmepti. Olar áke ǵarǵısına ushırap, muradalı hasıl bolıp, muradları qusqa aylanıp qalıptı.

Xalqımızdıń "Muradalı qus" termini "Muradlı hasıl" sózinen payda bolıp, waqıttıń ótiwi menen ózgeriske ushırap "Muradlı qus" terminine aylanǵan bolıwı múmkin.

Usı orında da bunnan aldıngı "Bayıwlı" ápsanası qusap "Muradalı qus" ápsanası da kishi kólemli janr ekenligine dıqqat awdarılsa epikalıq kishi janrlarına olardıń kólemi kishilig tiykar bolǵanlıǵınbilip aladı.

Haywanatlar haqqında ańız-ápsanalar sóz etilgende SHıńǵısxannıń jerleniw waqtındaǵı "Aq túyeni kórdińbe?" ápsanasın úyreniw oqıwshılardıń kishi janrlar tuwralı túsiniklerin jáne de tereńlestiredi. Bul ápsananıń xalıq awzında hár qıylı variantları bar. "Dúnyaǵa belgili Shıńǵısxan qaytıs bolar waqtında balalarına: "Men ólgen soń meniń qabirimdi hesh kimge kórsetpeń, aytpań" - dep

zinxarlaptı. Sebebi, Shıńǵısxan tirisinde kóp ellerge búlginshilik islegeni ushın óliminen keyin qábirimdi wayranlap ketedi - dep qorqıptı. Balaları ákesine sadıq qalıp, jerlew máresimine qatnasqanlardıń barlıǵın óltirip jiberipti. Usınday kúnlerdiń birinde belgisiz bir aq túye payda bolıp, Shıńǵısxannıń qábiriniń ústine jata beripti. Bunı kórgen adamlar aq túyege hayran qalıp, SHıńǵısxannıń balalarına kelip, belgisiz aq túyeniń payda bolǵanın, aq túye bir úyin qumnıń ústine kelip jatqanın, adamlar sol jerde ne nárse bar eken dep qızıqsınıp qazıp kórmekshiligin aytadı. Bunı esitken Shıńǵısxannıń ulları aq túyeni kim kórdim dese bárin qılıshtan ótkeripti. Tek ǵana "Aq túyeni kórdiń be?" degen sorawǵa yaq dep juwap bergenler tiri qalıptı. Bul sózdiń payda bolıwına usı waqıya sebepshi bolǵan eken" - dep oqıtıwshı oqıwshılarǵa epikanıń kishi janrı tuwralı oqıwshılarǵa qısqasha maǵlıwmatlar beredi.

Licey oqıtıwshısı folklordaǵı kishi epikalıq janrlar tuwralı túsinik berip bolǵannan keyin jazba ádebiyattaǵı kishi epikalıq janrlardı túsindiriwge ótedi. Gúrriń, novella, anekdot, naqıl-maqal hám basqa da janrlar tuwralı belgili teoretik alımlardıń bergen anıqlamaları oqıwshılarǵa jaydarı, anıq sózler menen túsindiriledi. Ádebiy jazba kishi epikalıq janrlardan mazmulı kórkem oqıp esittiriledi, yáki yadtan aytıp beredi.Oqıwshılarǵa unamlı tásir etiw effekti qadaǵalap barıladı.Jazba kishi epikalıq janrlar folklorlıq kishi janrlar menen salıstırmalı úyretiledi.

Muǵallim epikanıń kishi janrları tuwralı ádebiy mısallar hám teoriyalıq anıqlamalar berip bolǵannan soń topar oqıwshıları menen gúrrińlesiwi múmkin.

Topar oqıwshıları kishi epikanıń janrları boyınsha tekstler oqıp yáki aytıp beredi.Oqıwshılardıń aktivligi jedellesedi. Máselen, 1-topar oqıwshısı: "Ay menen quyash ne ushın bir waqıtta kórinbeydi" degen ápsana haqqında sóz aytıp beriwi múmkin. "Áyyemgi zamanda Quyash hám Ay isimli apalı-sińli bolıptı.Olar sonday sulıw eken.Bir kúnleri ekewi toǵayǵa barıp awqat pisirip jemekshi bolıptı. Toǵayǵa barıp awqatlanıp otırsa, Aydıń maqtanshaqlıǵı tutıp ketip: Men sonday sulıwman, hámmeniń maǵan háwesi keledi, dey beripti. Quyashtıń buǵan ashıwı kelip, qızǵanshaqlıǵı tutıp ketipti: Hesh qanday da saǵan qaraǵanda men sulıwman dep, eki ortada úlken tartıs baslanıptı. Tartıstıń izi jánjelge aylanıptı.Ashıwǵa shıdamaǵan Quyash qazan uslaytuǵın kúye tutqıshtı Aydıń betine ılaqtırıp jiberipti.Aydıń beti kúye bolıp, daq payda bolıptı.Quyashqa ókpelegen Ay eńirep jılap toǵaydıń ishine qaray kirip ketipti.Ashıwı basılǵannan soń Quyash Aydı ári izlep, beri izlepti hesh taba almaptı.Házirge shekem olar bir-birin tawa almaydı eken.Sol Sebepli Quyash penen Ay bir waqıtta korinbeydi eken" - dep juwmaqlaydı.

"Ádebiyat qaǵıydaları" pánindegi ótilgen sabaqtıń nátiyjeliligi oqıwshılardıń teoriyalıq anıqlamanı biliw menen sheklenbeydi, ámeliyatta

mısallar keńirek qollanılǵanı menen bayanlanadı tekstler aytıp, yáki oqıp beriwleri menen anıqlanadı.

Bunnan soń ekinshi, úshinshi, ya bolmasa tórtinshi oqıwshı dawam etiwi múmkin.

2-topar oqıwshısı: Usınday ańız-ápsanalardan "Bes barmaq ne ushın birdey emes" degen ápsana haqqında aytpaqshıman:

"Burında bir kisiniń bes ulı bolıptı. Olar Alla taalanıń úyine urlıqqa túspekshi boladı. Úlken ulınıń atı Basbarmaq, ekinshi ulı Balan úyrek, úshinshi Ortan terek, tórtinshi SHúldir shúmek, besinshi Kishkene bóbek eken. Bas barmaq urlıqqılayıq depti, Balan úyrek aǵasınıń pikirine qosılıp zatlardı tayarlaptı.Ortan terek bolsa agalarım-inilerim bulay islemeyik dep jalınıptı. Shúldir shúmek bolsa, Kishkene bóbek penen urlıq islew ushın jolǵa tayın bolıp turıptı. Hámme aǵaları urlıqqa ketipti tek ǵana Ortan terek urlıqqa barmay qalıptı. Qalǵanları sıyırdı urlap kelipti hám Allanıń zeyinine tiyipti.Sol pikirdi oylap tapqan Bas barmaqtıń boyı kishkene, Balan úyrek sál onnan uzınlaw, urlıq qılmaǵan Ortan terektiń boyı sol qalpinde qalıptı. Shúldir shúmek penen Kishkene bóbek jazaların alıptı. Sonlıqtan adam qolınıń bes barmaǵı birdey emes bolıptı"- dep pikirin juwmaqlaydı.

Usılay etip pikirlesiw yaǵnıy gúrrińlesiw arqalı sabaq dawam etedi.

Taza tema boyınsha oqıwshılarǵa konspekt jazdırǵannan keyin jáne sabaq tuwralı túsindirip berip sabaqtı bekkemleymiz.Sońınan ótken sabaqta ótilgen tema tuwralı úyge tapsırma soraw etabına ótiledi.Úyge tapsırmanı soraǵanda al ózinen aldıńǵı hám házir ótilgen "Epika haqqında túsinik. Epikalıq kishi janrları" degen taza tema menen baylanıslı alıp barılǵanlıǵı maqul boladı. Bul nárse ótilgen temalardaǵı izbe-izliktiń logikalılıǵın tamiynleydi.Negizinde, birlesken sabaq túrinde aralas sabaq túrine qaraǵanda úyge berilgen tapsırmanı kóbirek oqıwshıdan sorawı kerek.Máselen, oqıwshı mekteplerde aralas sabaq túrinle eń keminde 5-6 oqıwshıdan úy tapsırmasın sorasa, birlesken sabaq túrinde minimum 9-11 oqıwshıdan sorawı kerek.[46] Bizge belgili, mekteplerde hár sabaqqa 45 minut, al liceylerde 80 minut ajıratılǵan. Sonlıqtan akademiyalıq liceylerde úyge tapsırmanı sorw eń keminde 11-20 oqıwshıdan soraw kerek. Bul demeklik, eger toparda 25-30 oqıwshı bolatuǵın bolsa olardıń úshten eki payızı, yaǵnıy alpıs protsentten aslamınan úyge tapsırma sorap úlgeriledi. Oqıtıwshı sabaq barısında oqıwshılardan úy tapsırmasın tolıq orınlap kelgenine tolıq isenim payda bolǵan jaǵdayda kóp oqıwshılardan úyge tapsırmanı soraw nátiyje beredi.Oqıwshılardıń bilimin bahalawǵa 4-7 minut waqıt ketedi.Kimge ayrıqsha, kimge jaqsı, kimge qanaatlandırarlı ball qoyılǵanı anıq, tujırimlı

[46]Пахратдинова Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, "Билим", 2004, 163-бет.

pikirler menen dálillenedi.Bunnan soń ótilgen taza tema boyınsha úyge tapsırma beriledi.Sabaq juwmaqlanadı.

Dástúriy usıllarda sabaq ótiw arqalı oqıwshılardıń oy-órisi, bilim dárejesi artadı.

Epika haqqında túsinik.Epikalıq janr dep atağan úsh temanı QMU qasındağı akademiyalıq liceyde ótkenimizde 309-topar belsendi qatnastı. Toparda ulıwma 27 oqıwshı bar edi, taza temanı ótken kúni 14 oqıwshı sabaqqa aktiv qatnasıp, óz pikirlerin emin-erkin bildire aldı. Olar: A.Abdullaeva, L.Dáwletmuratova, P.Keńesbaeva, S.Keńesbaeva, G.Qurbaniyazova, G.Perdebaeva, M.Sultamuratova, R.Usmanov hám basqalar sabaqtıń mazmunlı bolıp ótiwine úleslerin qostı. Social-gumanitar bağdarınıń 2-kursına "Forma hám mazmun haqqında túsinik" degen temanı birlesken sabaq usılında óttim hám dástúriy metodikalıq birlesken sabaq túri qanday áhmiyetke iye ekenin ámeliyatta túsinip jettim.

Juwmaqtap aytqanda akademiyalıq liceylerde "Ádebiyat qağıydaları" pánindegi temalardı dástúriy metodtan birlesken sabaq túrin shólkemlestiriw arqalı sabaqtıń mazmunlılığın, nátiyjeliligin jáne de asırıwğa boladı, degen pikirge keldik. Dástúriy usıllardan ózine tán kemshilikleri de bar, degen menen onıń paydalı tárepleri de kóp ekenligi dissertaciya jumısımızdı jazıw procesinde, liceyde ámeliyattı ótken dáwirimzde kózimiz jetti. Dástúriy metodtıń birlesken sabaq túri licey intellektual sana sezimin, ruwxıy dúnyasınıń rawajlanıwına da unamlı tásirin tiygizedi. Degen menen birlesken sabaq túri oqıw procesindegi ayrıqsha usıl, dep qaraw múmkin emes. Biziń pikirimizshe oqıtıw usıllarınan hesh qaysısınan da paydası joq.Oqıtıwshıdan ayrıqsha bilim, izleniwshenlik, pedagogikalıq talant, sheberlik talap etiledi.

## II.2. "Ádebiyat qağıydaları" pánin interaktiv usıllardı qollanıp ótiw máseleleri.

Ádebiyattı oqıtıw metodikası boyınsha belgili Ukrainalı qánige metodist alım interaktiv metodlar tuwralı, oqıtıw barısında oqıwshı tek oqıtıwshı menen ğana emes, al oqıwshılar menen de keń masshtabta birge islesip atırğanına, aktivliginiń joqarılawına tiykarlanatuğınlığına dıqqat awdaradı. Metodist ilimpazlardıń pikirinshe, oqıtıwshı interaktiv usıllardı qollanıw procesinde bilim alıp atırğan oqıwshılar materialdı ózlestiriw barısında oğan tolıq huqıqqa iye shaxs tárizinde qatnasadı... Muğallim tek tayar bilimlerdi berip sheklenbesten, oqıwshılardı óz betinshe izleniwine múmkinshilik jaratıp beredi... Interaktiv oqıtıwda muğallim bilim alıwshı oqıwshı menen birge islesedi, pikir almasıwı júzege asırıladı. Oqıtıwshınıń aktivligi bilim alıwshı oqıwshınıń aktivligine

ótedi, muǵallim minneti oqıwshılardı kóteriwine jaǵday dúzip beriwden ibarat.[47] Demek, V.A.Manzuranıń aytıwınsha, interaktiv oqıtıw metodı degenimiz tek ǵana muǵallimniń emes, oqıwshınıń muǵallim menen, oqıwshınıń oqıwshı menen aktiv túrde ótilip atırǵan ya bolmasa burın otilgen temalar boyınsha janlı pikirlesiwi, iniciativanı oqıwshılardıń óz qollarına alıw ushın janlı hám qızǵın umtılıwı, dep túsinsek te boladı.

Oqıtıwdıń interaktiv metodları degen túsinikti tolıq bilip alıwımız ushın "Interaktiv" degen sózdiń ózi ne ekenligin durıs uǵıp alıwımız kerek boladı. Interaktiv ("inter"-birge, birgelikte, "akt"-háreket etiw, islesiw) qaysıdur bir adam menen sóyleskende, sáwbetleskende birgelikte hárekette bolıw, birge islesiw degendi ańlatadı. Basqa metodlardan onıń tiykarǵı ayırmashılıǵı sonda, interaktiv usılda oqıtqanda bilim alıwshılar tek ǵana oqıtıwshı menen birgelikte háreket etip sheklenbeydi, bul oqıtıw metodında oqıwshılardıń biri-biri menen islesiw aktivligi de jetekshilik etedi. Interaktiv metod rawajlanǵan mámleketlerdegi zamanagóy eń aktiv metod esaplanadı. Interaktiv metodlardıń túrleri kóp. Máselen, interaktiv metodtan diskussiya, evristikalıq sáwbet, "aqılıy hújim", "iskerlik" oyınları, treningler. keys metodı, proektler metodı, toparlardıń ilyustrativ materiallar menen islesiw metodı, videofilmler dodalaw metodı, izertlew metodı, oyın metodları ham taǵı basqalar. Usı tilge alınǵan metodlardıń ózleri jáne hár qıylı túrlerge bólinip kete beredi. Oqıw orınlarındaǵı oqıtıwshılar ótiletuǵın pánniń hám temanıń ózgesheliginen kelip shıqqan halda qaysı metod nátiyjeli bolatuǵın bolsa, sol usılda ózlestirip sabaq process inde qollanıwı múmkin.

Metod tuwralı problema qozǵalǵanda eki túsinikti ayrıqsha dıqqatqa alıw talap etiledi. Metodikalıq ádebiyatlarda olardan birinshisi "bilim beriw metodı" dep, al ekinshisi "bilimdi qabıl etiw metodı" dep ataladı. Muǵallim bilim beriw metodları menen jetkilikli dárejede qurallanǵan bolıwı múmkin, al oqıwında bilimdi qabıl etiw metodı jetkiliksiz bolsa, onda hár qanday oqıtıwda sabaq nátiyjesiz ótken bolıp esaplanadı. Oqıtıwshınıń bilim beriw metodı bir neshe quramalı basqıshlardan ibarat boladı, sonlıqtan qabıl etiw bolsa, kóp nárseni qısqa waqıtta bilip, uǵıp alıw uqıbına baylanıslı boladı.

"Oqıtıwdıń interaktiv metodları", "Interaktiv oqıtıw" dep atalǵan pedagogikalıq terminler "interaksiya" termini menen óz ara túbirles sózler. "Interaksiya" degen sóz de "interaktiv" degen sózge uqsap, anglichan tilinen qaraqalpaqshaǵa awdarǵanda birge islesiw degen maǵananı beredi. Oqıtıwdıń interaktiv usılları Amerika Qurama Shtatlarında, Ullı Britaniya, Germaniya, Izrail, Fransiya, Yaponiya qusaǵan ilim-bilim rawajlanǵan mámleketlerdiń oqıw

[47]Манзура В.А. Методика преподавания литературы в школе. Учебник для студентов педвузов. Горловка, 2010

orınlarınıń barlıq tarawlarında álleqashan jolǵa qoyılǵan.Burıngı Keńes awqamı dáwirindegi kommunistlik ideyalogiya húkimdarlıq etken dáwirlerde interaktiv metodlarǵa jatırqaw tendenciyası menen qatnas bolǵanlıqtan bul oqıtıw usılları, hátteki, Rossiyanıń ózinde SSSR qulaǵannan keyin shın mánisinde qolǵa alına basladı. Óz ǵárezsizligine erisken jıllardan baslap Ózbekstanda da interaktiv metodlar tiykarında oqıtıw islerine keń jol ashıldı. Innovatciya degen termin dúnya xalıqları pedagogikasında burınnan olardan leksikonına kirip ketken sóz. Innovatciya degen sóz xalıqaralıq leksikonda "jańalıq", "reforma" degen túsinikler menen teń qollanıladı. Bul sóz jámiyetlik turmıstaǵı bárshe jańalıqlarǵa qollanıla bergeni sıyaqlı bilimlendiriw sistemasındaǵı jańalıqlarǵa da keńnen qollanılmaqta. Bilimlendiriwdegi pedagogikalıq texnologiya degen atamanıń kelip shıǵıw sebebi usında.[48]

Ózbekstan óz ǵárezsizligine erisken dáwirdiń dáslepki on jıllıqlarınan baslap elimizdegi bilimlendiriw salasında sezilerli darejede ózgerisler payda boldı, oqıtıw sistemasında jańa pedagogikalıq texnologiya máselesi boyınsha qánigelerdiń ilimiy miynetleri kitap sıpatında shıǵa basladı. Ózbek metodist ilimpazları R.Ishmuxammedov, A.Abdikadirov, A.Pardaevlerdiń "Tálimdi innovacion texnologiyalar" (2008), usı avtorlardıń "Tarbiyada innovacion texnologiyalar" (2010), R.Ishmuxammedov, M.Yuldashevlardıń "Ta'lim va tarbiyada innovacion pedagogik texnologiyalar"(2013), B.Tuxlievtıń "Adabiyot óqitish metodikasi" (2010), T.Atamuratova, X.Ergasheva, M.Qurbonovlardıń "Mutaxassislik fanlarni óqitish metodikasi" (2008), N.T.Omonov, N.X.Xojaev, S.A.Madiyarova, E.U.Esjanovlardıń "Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat" (2009), qaraqalpaq metodist ilimpazları Á.Paxratdinovtıń "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń metodikalıq geybir máseleleri" (1991), usı avtordıń "Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası" (2004), "Pedtexnologiya tiykarları" (2009), A.Tobanazarovtıń "Kásip-óner kolledjlerinde qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń bazı bir máseleleri", (2015), N.V.Pirniyazovanıń "Teoriyalıq hám ámeliy oqıw sabaqlarınıń oqıtıw texnologiyaları", (2016), G.K.Karamovanıń "Tariyxıy oqıtıw metodikası", (2016), J.Sagidullaeva hám J.Qaniyazovalardıń "Ádebiyat teoriyasın oqıtıwdıń innovaciyalıq texnologiyaları", (2016) metodikalıq qollanbaları óz aldına kitap sapasında baspadan shıqtı. Házirgi waqıtta mekteplerde, akademiyalıq licey hám kolledjlerde ádebiyat pánleri, sonıń ishinde "Ádebiyat qaǵıydaları" páni ótilgende oqıtıwshılar atamaları atalǵan oqıw metodikalıq qollanbalardan paydalanadı.

"Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıwdıń sapasın hám nátiyjeliligin arttırıw ushın pedagogikalıq texnologiyalardı zamanagóy texnologiyalardan

[48] Юлдашев Ж. "Янги педагогикалық технология". "Халқ таълими" журналы, 1999 й. №4.

múmkinshiligi bolǵanınsha ónimli paydalanıw talap etiledi. "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıw procesinde qollanılıwı múmkin bolǵan trenningler (texnologiyalar) sanı kútá kóp.Solardıń arasınan bazı birewlerine ǵana metodikalıq sıpatlama bermekshimiz.Solardıń biri - "Tarmaqlar" metodı.Sabaq ótiwdiń bul usılında pán oqıtıwshısı oqıwshını logikalıq pikirlewge, ulıwma pikirlew maydanın keńeytiwge, kórkem shıǵarmalar hám ilimiy materiallardan paydalanıwda óz ústinde islewge úyretiwge qaratılǵan. Máselen, akademiyalıq liceyler ushın "Ádebiyat qaǵıydaları"[49] páninen úlgi oqıw baǵdarlamasına tiykarlanǵan oqıtıwshınıń ótetuǵın birinshi teması "Kórkem ádebiyat haqqında túsinik" dep ataladı. Bul temada muǵállim kórkem-óner (iskusstvo) sóziniń hár qıylı sózliktegi mánisine, kórkem-ónerdiń túrleri hám olarǵa sıpatlamalar beredi. Licey oqıwshılarınıń kópshiligi kórkem-óner (iskusstvo) keń tarmaqlı ekenligin bilmewi múmkin. Kórkem-ónerdiń kórkem ádebiyattan basqa, arxitektura, jivopis, muzıka, skulptura degen túrleri bar. Kórkem-ónerdiń Batıs Evropa elleri hám Rossiyada "Iskusstvo", ózbeklerde "Sańat", qaraqalpaqlarda "kórkem-óner" ("iskusstvo" dep te paydalanadı) dep ataydı. Muǵallim usı temanı ótkende kórgizbe qural sıpatında bir túsinikti ózinde sáwlelendiretuǵın kórgizbe qurallar alıp keliwi múmkin.Máselen, súwretshiniń salǵan súwreti - Gúl.Gúldi súwretshi salǵan.Bul-birinshisi.Ekinshisi-Gúl, biraq skulptor tastan qashaǵan, úshinshisi - Gúl tuwralı kompozitordıń magnit lentasınan jazılǵan muzıkası, tórtinshisi - Gúl temasına jazılgan lirikalıq qosıq, besinshisi - kórkem foto.Fotograf gúldiń súwretin túsirgen.Oqıtıwshı kórkem ádebiyat haqqında awızeki túsinik berip bolǵan soń oqıwshılardıń dıqqatın ózi alıp kelgen kórgizbeli qurallarǵa qaratadı hám olardan logikalıq pikir juwmaǵın shıǵarıwına múmkinshilik jaratıp beredi.Kórgizbe qurallarǵa qosımsha klass (auditoriya) ishinde oqıtıwdıń texnikalıq quralları bolǵan noutbook, videoproektor, kompyuter úskeneleri bolsa sabaqtıń nátiyjeliligi ósedi. Muǵallim oqıwshılardıń ortasına sorawlar taslaydı: ne ushın jivopis, skulptura, muzıka, kórkem ádebiyat, kórkem foto kórkem óner (iskusstvo) túrleri dep ataladı? Olardıń tiykarǵı uqsaslıǵı nede?Olardıń negizgi ózgesheligi nelerde?Oqıwshılar bul sorawlardı sheshiw ushın logikalıq pikirlew tárezisine salıwǵa májbúr boladı.Bul metod ortaǵa taslanǵan problemanı kollektivlesken halda emes, al jeke óz aldına sheshiwge baǵdarlanǵanı durıs boladı.

Biziń pikirimizshe, sabaq ótiwdiń interaktiv metodlarında qanday da bir tema ótilgende oqıtıwdıń tek bir usılına baylanıp qalıwǵa bolmaydı, yaǵnıy sabaq barısında eki úsh metodtı birlestirip ótiw haqıyqıy interaktiv metodtıń

[49]Akademiyalıq liceyler ushın Ádebiyat qaǵıydaları páninen úlgi oqıw baǵdarlaması. Nókis, 2013-jıl, 3-bet. Dúziwshiler: Q.Orazımbetov, M.Qudaynazarov, G.Asenbaeva. (Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi orta arnawlı, kásiplik bilimlendiriw basqarması tárepinen tastıyıqlanǵan).

qollanılǵanınan derek beredi. Biz óz kózqarasımızdı ataqlı metodist, ilimpaz, prof. Qazaqbay Yóldashevtiń "...hár qanday ádebiy shıǵarmanı (temanı - A.P.) úyreniw barısında oqıtıwshı ham oqıwshı birgelikte iskerlik kórsetkeni menen olar birdey iskerlik etedi, degen durıs emes. Bunnan baslı sebebi, ádebiyat sabaǵı dóretiwshilik.Dóretiwshilikte bolsa, hámme nárseni aldınnan tolıq rejelestirip bolmaydı. Tolıq rejege túrsken iskerlik - dóretiwshilik bola almaydı,"[50] - degen pikiri menen tasıyıqlaǵımız keledi. Bul demeklik, oqıtıwdıń interaktiv usıllarında qatıp qalǵan qatal qaǵıyda joq."Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha temalar ótilgende oqıwshılardıń dóretiwshilik jantasıwına úlken pikir salıw kerek.Oqıwshılar ótilip atırǵan temanı ózlestiriwge dóretiwshilik qatnas jasawları ushın ózlerin erkin seziniwlerine múmkinshilik jaratılıp beriliwi aqılǵa muwapıq boladı, yaǵnıy ortaǵa qoyılǵan problemanı birgelikte sheshiwde muǵallim yáki oqıwshılar arasında teń huquqlılıq atmosferası zárúr.

Teńlik sxeması:

Oqıwshı = Muǵallim = Oqıwshı = Oqıwshı

Pikirlesiwde oqıwshı muǵallimge, muǵallim oqıwshıǵa, oqıwshı oqıwshıǵa teń.Bul nárse sabaq barısındaǵı aktivlikti kúsheytedi.

"Ádebiyat qaǵıydaları" páni oqıtıwshısı akademiyalıq liceyde "Kórkem ádebiyat haqqında túsinik" degen temanı ótkende J.Sagidullaeva hám J.Kaniyazovalardıń "Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar" dep atalǵan metodikalıq qollanbasındaǵı "Ádebiyattanıw haqqında túsinik" degen atamadaǵı 1-temanıń oqıtıw texnologiyasınan paydalansa boladı. Avtorlar metodikalıq qollanbanı Ózbekistandaǵı belgili metodist-ilimpazlar R.Ishmuxammedov, A.Abduqadirov, A.Pardaevlardıń kitabın[51] basshılıqqa alıp islep shıqqan, metodikalıq qollanbada "Assesment" texnologiyası hám keyingi betlerdegi keltiriletuǵın texnologiyalardıń mazmunı boyınsha maǵlıwmatlar usı kitaptan awdarmalap alınǵanlıǵı[52] eskertip ótiledi. Avtorlardıń metodikalıq qollanbanı islep shıǵıwda ilimiy etiketti saqlap islep shıqqanlıǵı olarǵa degen húrmet sezimin oyatadı.

Metodikalıq qollanbada "Assesment" texnikasınan qısqasha túsinik beriledi: Assesement (Assesment)- ózin-ózi prezentaciya islew, málim bar sabaqtan ótiw ekenligi, bul qanday da bir mekemeniń xızmetkerleriniń jumıs islew uqıbın bayanlaw, attestaciyalaw usılı ekenligi aytıladı. Olardı sınaqtan ótkeriw ushın oyınlar shólkemlestiredi, test sınawları beriledi, ózin-ózi prezentaciya qıldıradı, jazba jumıslar alınadı.Negizinen qandayda bir

[50] Юлдашев Қ. Адабиёт ўқитишнинг илмий-назарий асослари. Тошкент, Ўқитувчи, 1996, 112-бет.
[51] Ишмухаммедов Р., Абдикодиров А., Пардаев А. "Таълимда инновацион технологиялар (Таълим муассасалари педагоги ўқитувчилари учун амалий тавсиялар)" (Тошкент Ўзбекистон Республикаси Президентининг "Истеъдод" жамғармаси, 2008).
[52] Сонда, 4-бет

mekemedegi orta hám joqarı buwın basshılardıń iskerlik uqıbın bahalawda qollanıladı. "Assesment" texnikasın joqarı oqıw ornının 1-kursına qollanǵan studenti sıyaqlı akademiyalıq liceydiń "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen bilim alatuǵın 2-kurs oqıwshılarınıń bilim dárejesin anıqlawda da qollanılıwı múmkin, degen pikirdemiz.

Ádettegidey "Ádebiyat qaǵıydaları" pániniń birinshi teması pánge kirisiw mazmunında bolǵanlıqtan ol leciya formasında alıp barılıp, kórkem ádebiyat haqqında, kórkem ádebiyat kórkem-ónerdiń (iskusstvonıń) bir túri ekenligi tuwralı túsinik beriledi.Oqıtıwshı temanı ótip bolǵannan soń oqıwshınıń ótilgen temanıń mazmunın qanday darejede ózlestiriw ushın hár qıylı kestelerden, vizual materiallardan paydalanıwı múmkin. Áne, usı máselede J.Sagidullaeva hám J.Kaniyazova islep shıqqan "Assesment" texnikasınan, "Blic soraw" usılınan, vizual materiallardan paydalanıp, atı aytılǵan metodikalıq qollanbadan interaktiv metodlardı basshılıqqa alsań aqılga muwapıq boladı.

Oqıtıwshı aldın ala 2-kursta neshe oqıwshı bolsa, solarǵa sáykes sonsha dana keste tayarlap alıp keledi (keste forsasın metodikalıq qollanbanıń 5-6 betlerinde anıq ráwishte kórsetilgen). Lekin, "Ádebiyat qaǵıydaları" páni oqıtıwshısı kestedegi sorawlardı ótilgen temaǵa negizlep dúzedi.

N.T.Omonov, N.X.Xojaev, S.A.Madiyarova, E.U.Esjonovlardıń "Pedagogik texnologiyalar va pedagogik maxorat"[53] degen atamadaǵı miynetinde **tarmaqlar metodı** menen bir qatarda "3x4" metodı, "Blic oyın" metodı, "Intervyu" texnikası, "Ierarxiya" texnikası, "Bumerang" texnikası, "Student" treningi, "Baylanıs" texnikasına ayrıqsha dıqqat awdarılǵan.

Olar tómendegishe bir birinen ózgeshelenedi:

**"3x4" metodı -** oqıwshılardıń erkin pikirlesiwine keń kólemdegi hár túrli ideyalardı bere alıwına, bilimdi ózlestiriw procesinde jeke halında yáki kishi toparlarǵa bólinip analiz ete alıwına, juwmaq shıǵara alıwına, túsiniklerin aytıp bere alıwına qaratılǵan.

**"Blic oyın" metodı -** pikirlew izbe-izligin tuwrı shólkemlestiriwge, logikalıq pikirlewge, úyrenilip atırǵan pánge tiyisli hár qıylı pikirlerden, maǵlıwmatlardan eń kereklerin tańlap alıwdı úyretiwge qaratılǵan.

**"Intervyu" texnikası** - oqıwshılarǵa soraw beriw, dıqqat penen esite alıw, tuwrı juwap beriw, sorawdı durıs dúziwge qaratılǵan.

**"Ierarxiya" texnikası** - ápiwayıdan quramalıǵa, quramalıdan ápiwayıǵa ótiw usılların qollanıw arqalı olardı aqılǵa muwapıq, kritikalıq, dóretiwshilik pikirlewge úyretiwge qaratılǵan.

[53]Omonov X.T., Xójaev N.X., Madiyarova S.A., Eschonov E.U. "Pedagogiktexnologiyalarvapedagogikmahorat" Toshkent, 2009.

**"Bumerang" metodı** - oqıwshılardı sabaq barısında, sabaqtan tısqarı waqıtlarda hár túrli ádebiyatlar, tekstler menen islesiwge, úyrenilgen materialdı yadta saqlap qalıwǵa, sóylep bere alıwǵa, óz pikirin erkin túrde bayarn ete alıwǵa hám bir sabaqtın ózinde hámme oqıwshılardı bahalay alıwǵa qaratılǵan.

**"Student treningi"** - oqıwshılar menen individual jaǵdayda islesiw, oqıtıwshı hám oqıwshı arasındaǵı tosqınlıqtı joq etiw, birgelikte islesiw jolların úyretiwge qaratılǵan.

**"Baylanıs texnikası"** - auditoriyadaǵı oqıwshılardan dıqqatın ózine qaratıw, sabaq barısında birgelikte islesiwde aktivlik etiwge, yáki shólkemlestiriwge qaratılǵan.

Interaktiv usıllardıń ishinde keń qollanılatuǵın metodlardıń biri "Pikirler hújimi", geyde bul termindi "Aqılıy hújim" dep te ataydı. J.Sagidullaeva hám J.Kaniyazova birgelikte islep shıqqan "Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar" metodikalıq qollanbasında "Aqılıw hújim" texnologiyası járdeminde "Kórkem shıǵarma haqqında túsinik" degen temanı sabaqtıń ámeliy[54] túrinde ótiw usınıladı. Belgili ózbek metodist alımlardıń pikirinshe "Pikirler hújimi" (Aqılıy hújim) usılı úlken kólemdegi ideyalardı jıynaw, studentlerdi bir túrdegi pikirler tendenciyasınan qutqarıw, dóretiwshilik wazıypalardı sheshiw procesinde dáslepki payda bolǵan pikirlerdi jeńiw.[55]

"Ádebiyat qaǵıydaları" páninen "Syujet hám kompoziciya" degen temanı ótkende "Aqılıy hújim" metodınan paydalanıw nátiyjeli boladı. Bunıń ushın dáslep sabaqtıń jobası dúziledi.

"Aqılıy hújim" metodında sabaq alıp barıw.

Jobası:

**Pán**: "Ádebiyat qaǵıydaları"

**Sabaq teması:** "Syujet hám kompoziciya"

**Sabaq túri:** "Aqılıy hújim metodı"

**Sabaqtıń maqseti:** 1) Ádebiya teoriyalıq bilim beriw
2) Tárbiya beriw
3) Rawajlandırıw

**Sabaqtı qurallandırıw:** K.Mambetovtıń "Ádebiyat teoriyası", Q.Járimbetovtiń "Ádebiyattanıwdan sabaqlar", S.Axmetov, J.Esenov, Q.Járimbetovtiń "Ádebiyattanıw terminleriniń russha-qaraqalpaqsha túsindirme

[54] Сагидуллаева Ж., Каниязова Ж. Әдебият теориясын оқытыўда инновациялық технологиялар. Нөкис. "Қарақалпақстан", 2016, 17-18-бетлер.

[55]Omonov X.T., Xójaev N.X., Madiyarova S.A., Eschonov E.U. "Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat" Toshkent, 2009.

sózligi" hám basqa da kitaplar, tarqatpa materiallar, kompyuter, proektor hám tağı basqa.

**Sabaq barısı:** 1. Shólkemlestiriw
2. Úyge tapsırma soraw
3. Taza temanı ótiw
4. Sabaqtı bekkemlew
5. Úyde orınlaw ushın tapsırma beriw

**Sarıplanǵan waqıt - 80 minut**

**Sabaq barısı:**

Ádebiyattanıwda "Syujet" degen termindi XVII ásirde jasaǵan klassicizm ağımı wákilleri P.Kornel hám N.Bualo qollanǵanlıǵı tuwralı mağlıwmatlar bar. Olar bul túsinikti áyyemgi greklerdiń ańızlarǵa aylanǵan qaharmanları tuwralı sóz etken Aristotelden ózlestirgen.**Syujet** (fransuzsha sujet - zat) - epikalıq hám dramalıq shıǵarmalardaǵı waqıyalardıń barısı, hádiyselerdiń rawajlanıw jaǵdayı. Geyde bul termin lirikalıq shıǵarmalardı analizlegende de paydalanıladı. Kúta erte dáwirderde Rim jazıwshıları "Syujet" degen sózdi emes, latınsha "**fabula**"degen termindi qollanǵan. Fabula degen sóziń maǵanası - aytıp beriw, bayanlaw. XX ásir Keńes dáwiri ádebiyattanıwında syujet hám fabula terminlerine sinonim tárizinde qaraldı, yaǵnıy shıǵarmadaǵı bárshe waqıyalardıń barısı - syujet, al, shıǵarmadaǵı tiykarǵı rawajlanıwshı konflikt - fabula dep ataldı.

Epikanıń ertedegi rawajlanıw basqıshlarında epizodlar waqıtlıq, xronikalıq principlerge tiykarlanıp qurıldı (ertekler, dástanlar, ricarlıq romanlar). Bunnan keyin Evropa ádebiyatında jalǵız bir konfliktke tiykarlanıp orayǵa biriktirilgen (konsentriklik) syujet payda boldı.Orayǵa biriktirilgen (konsentriklik) syujette epika ham dramadaǵı konflikt tiykarınan birew boladı ham waqıyanıń baslanıwı túyin, kulminatsiya, sheshim sol bir konflikttiń átirapındı qurıladı.

Syujet (fransuzsha syujet-zat, tema, mazmun mánisinde)- kórkem shıǵarma mazmunın shólkemlestirip, shıǵarma qaharmanlarınıń háreketleriniń rawajlanıw tariyxin kórsetetuǵın waqıyalar sisteması.

Insaniyattıń ómiri qarama-qarsılıqlarsız bolıwı múmkin emes. Adam turmısı súwretlengen shıǵarmalarda da konfliktler bolmasa ol kórkem bolıwı múmkin emes. Syujettiń negizi, júregi-konflikt. Bul jaǵdayda konflikt degeniń ózi ne, degen soraw tuwıladı. **Konflikt** (latınsha-conflictus, qaraqalpaqsha mánisi- soqlıǵısıw, qarama-qarsılıqsız)- kórkem shıǵarma personajlar arasındaǵı qarama-qarsılıq. Konflikt termini, tiykarınan, ádebiyattıń epika hám drama túrlerinde, teatr kinoda, sonday-aq, waqıyalardı súwretlewshi iskusstvonıń basqa da tarawlarında qollanıladı.

Syujettiń ekspoziciya (prolog dep aytılsa da boladı), waqıyanıń baslanıwı, túyin, waqıyalardıń rawajlanıwı, kulminaciya, sheshim, epilog dep atalıwshı tiykarǵı bólimleri bar. Bul bólimler shıǵarma syujetin tartımlı formaǵa keltiriwde áhmiyetke iye.

**Ekspoziciya** (latınsha-exposito, qaraqalpaqsha mánisi-bayanlaw, túsindiriw)-syujettiń bir komponenti bolıp, onda kórkem shıǵarmada waqıyalar dúnyaǵa keletuǵın orın, ortalıq jaǵday súwretlenedi. Bunda shıǵarma qaharmanlarınıń bazı birewlerine minezlemeler, yáki sol dáwirdegi yáki geografiyalıq yamasa tariyxıy orınǵa, mákánǵa sıpatlama, ulıwma yáki konkret jáǵdayǵa túsinik beriledi. Túyin hám konflikttń aldında qaharmannıń ótmishi hám onıń xarakterindegi bazı bir qásiyetler bayan etiliwi mumkin.

Súwretlew arqalı gónergen, adamlar isenimin aqlamay qalǵan jámiyetlik dáwir menen jańa zamanniń almasıw procesin súwretleydi.

Ekspoziciya shıǵarmanıń bası, ortası, aqırında da qollanıla beredi. Ekspoziciya arqalı birinshiden, waqıyaniń, hárekettiń, personajlardıń qaysı sháráyatta háreket etiwi anıqlanadi; ekinshiden, shıǵarma qaharmanlarınıń tiykarǵı sıpatları súwretlew ushın qollanıladı; úshinshiden, shıǵarmadaǵı konflikt hám syujettiń "jasırın tuqımların" ózinde jetilistiredi.

Syujettiń bunnan keyingi bólegi **waqiyanıń baslanıwı** (túyin).

**Túyin** – kórkem shıǵarma syujettegi konflikt hám hárekettiń payda bolıwına, baslanıwına sebepshi bolatuǵın waqıya. Túyin shıǵarmanıń basında yáki basqa orınlarda keliwi de múmkin.

Túyin-waqıyalardıń shiyelenisiwi, keskinlesiwi bolıp, bunda kórkem shıǵarmadaǵı waqıyalardıń baslanıwına túrtki bolǵan halat súwretlenedi, bayanlanadı. Shıǵarma syujetindegi waqıyanıń baslanıwına túrtki bolatuǵın halat konflikt arqalı jaratıladı. Shıǵarmadaǵı konflikttiń baslanıwı-waqıyanıń baslanıwı bolıp tabıladı. Waqıyanıń baslanıwı tikkeley ekspoziciyadan ósip shıǵadı hám konfliktke jol ashıp beredi, nátiyjede syujettiń jáne bir áhmiyetli bólimi waqıyalardıń, hárekettiń rawajlanıwı qáliplesedi.

Syujet túyininen soń shıǵarmada waqıyalardıń kúsheyip, keńeyip hám keskinlesip barıwı - **waqıyanıń rawajlanıwı,** dep ataladı. Shıǵarmadaǵı waqıyalar túyinnen kulminaciyaǵa shekem basqıshpa-basqısh rawajlanıp, ósip bara beredi. Waqıyanıń rawajlanıw qubılısında personajlardıń óz-ara múnásebetleri, gúresleri, jek kóriw yáki jaqsı kóriwleri súwretlenedi, qaharmanlardıń minezleri anıqlanadı, obrazlardıń eń ayrıqsha belgileri ashıladı. Syujetlik rawajlanıw adamlardıń óz-ara qarım-qatnasınan, is-háreketinen payda bolǵan hár túrli jaǵdaylarǵa (fransuzsha-situs), shiyelenislerge (latınsha-intrigare) baylanıslı júzege keledi. Shıǵarmanıń syujeti birinen –biri payda bolatuǵın hár qiyli jaǵdaydan, intrigadan quraladı. Bular joq jerde syujetlik

waqıya da joq. Al sheber órbip, ósip baratırǵan syujet oqıwshını da qızıqtırıp, alǵa qaray jetelep otıradı.

**Kulminaciya** (grekshe-culmen, qaraqalpaqsha mánisi - shıń, eń biyik shoqqı) - shıǵarmadaǵı waqıyalardıń keskinlesiwiniń eń joqarǵı shıń, bunda waqıyalar konflikt júdá anıq kózge taslanadı, personajlardıń niyetleri hám olardıń ishki dúnyası ayqın kórinip qaladı. Kulminaciyadan soń shıǵarma konflikttiń rawajlanıwı sheshimge qarap baǵdar aladı. Kulminaciyadan keyin waqıya sheshim tabadı hám juwmaqlanadı. Onı bunnan arı qaray rawajlandırıw múmkin bolmaydı. Kulminaciyada obrazlarda da ayrıqsha tanılıp, personajlardıń xarakteri jan-jaqlama ashıladı. Shıǵarma syujetin barlıq burılısları menen baylanıstırıp, belgili bir pútinlikke, únleslikke ákeletúgın syujettiń eń tiykarǵı bólegi - usı. Óytkeni, syujettiń rawajlanıw shıńı - shıǵarmada súwretlengen barlıq waqıyalardıń shoǵırlanıw ornı bolıp tabıladı.

**Sheshim-** dep shıǵarmada súwretlengen waqıyalardıń rawajlanıwı hám shıńına jetiwi nátiyjesinde júzege asatuǵın qaharmanlardıń ahwalına, jaǵdayına aytıladı. Sheshimde epikalıq yáki dramalıq shıǵarmadaǵı intrigalar yáki konfliktlerdiń rawajlanıw juwmaqlanıwı jaǵdayına keledi, personajlar arasındaǵi konfliktler tamamlanadi, waqiyalar – túyinler óz sheshimin tabadi. Sheshim (orissha-развязка)- shıǵarma syujetiń sheshiwhi komponentleriniń biri; jaziwshiniń ózi súwretlegen ómir shinliǵina shıǵarǵan húkimi. Personajlar arasindaǵI qarama-qarsiliqlardiń sheshim tabiwi, wqiya qatnasiwshilarinińeń sońǵi kewil keshirmeleri yáki xalati, barliq qubilis hám háreketlerdiń sońǵI saxnasi. Shiǵamaniń sheshimi kútilmegen juwmagi menen qiziqli túyiledi. Folklorliq shıǵarmalrda sheshim hámme waqitta barliq pesonajlardiń murat-maqsetiwine jetisiwi, barliq tliklerdiń orinlaniwi menen ámelge asadi. Al, jazba ádebiyatta kórkem shıǵarmarda syujetlik sheshim ózinińkútlimegenligi, geyde juwmaqlanbaǵaniǵi menen qiziqli hám ózgeshelenedi.shıǵarmaniń sheshimi onda súwretlengen waqiyalardiń rawajlaniw baǵdarlarin, personajlardiń háreketlerinen tikkeley ǵárezli boaldi. Hár bir shıǵarma personajlardiń hám syujettiń rawajlaniw sheńberinen kelip shiǵip sheshimge iye boladi. Biz diqqat qaratqan syujettiń komponentleri epikali, dramaliq sipatqa iye kórkem shıǵarmalarǵa kóbirek tán ózgeshelik bolip tabiladi.

**Epilog –** (grekshe- epilog, qaraqalpaqsha mánisi –sońǵi sóz)- shıǵarma qaharmanlarinińtáǵdiri keyininde nelerden ibarat boldi, usilar tuwrali sońgi sóz. Epilog – kórkem shıǵarmaniń tiykarǵi waqiyalariniń, kórkem teksttiń neǵizgi bóliminen basqa bólekshesi, kórkem shıǵarmaniń juwmaqlaniwshi komponenti.

Syujetli shıǵarmadaǵi waqiya baǵitin, adamlardiń qarim qatnasin, obrazlar sistemasin qáliplestiriwde heshqanday standat talaplar joq. Hár bir dóretiwshi

óz shıǵarmasiniń syujetin óz qálewinshe quradi. Usiǵan qaray otirip syujettiń kompoziciyaliq pútinligi de hár bir shıǵarma da hár túrli boliwi múmkin. Syujet komponentlerin tartimli jaylastiriw waziypasin kompoziciya orinlaydi. Konflikt syujettiń jani menen júregi bolsa, sol konfliktten syujet qurap, qáliplestiretuǵin ádebiy ámel – kompoziciya.

Kórkem shıǵarma kompoziciyasi forma elemenlerin biri-birine biriktiredi hám oni jaziwshi ideyasin baǵindiradi. **Kompoziciya** – (latinsha- composition, qaraqalpaqsha mánisi – qurastiriw, biriktiriw,)-kórkem shıǵarmaniń mazmuni hám janirinan kelip shiqqan xalda onińkórkem forma komponetleriniń jaylastirliwi (montajlaniwi). Kompoziciya nizamliliqlari jaziwshiniń estetikaliq sanasinan, dúnyataniminiń rawajlaniwi nátiyjesinde qáliplesedi. Kompoziciya terminiń ornina geyde "arxitektonika" degen sózler qollaniladi.

Kompoziciya – kórkem shıǵarmadaǵi elementlerdiń quralamas komponentlerdiń, obrazlardiń belgili bir tártip penen, pet-peti menen sistemali ornalasiwi. Ol shıǵarma mazmuni menen tikkeley baylanisli bolip, kórkem shıǵarmaniń sirtqi formasinniń simmetriyasi gána emes, soniń menen Qatar ishki siriniń da garmoniyasi, shólkemlesiwi. Jetik kompoziciysız jaqsi shıǵarma tuwiliwi múmkin emes. Kompoziciya kórkem shıǵarmanıń formalıq qurılısın ǵana shólkemletirip qoymay, ishki áleminde de biriktiredi. "Naǵız jetilisken shıǵarmada,- deydi L.N.Tolostoy,- bir kórinisti, bir sóz dizbegin, bir bólshekti shıǵarmanıń tutaslıǵına, pútin formasına nuqsan keltirmey, óz orninan basqa jerge almastıra almaysız". Oyshılardıń bul pikiri, eń aldı menen, shıǵarma kompoziciyasina, onıń pútinlik sıpatına qatnaslı.

Kompozciya júdá keń túsinik bolıp, ulıwmalıq baǵdarda kópshilik kórkem óner shıǵarmalarında gezlesedi. Muzıka, súwretshilik óneri, arxitektura, bezew óneri, kórkem kórkemlik shıǵarmalarındaǵI kompozicyanıń atqaratuǵın wazıypaları bir-birine jaqın hám sonıń menen birge hár bir kórkem óner janırınıń janırlıq ózgesheliginen kelip shiǵıp, ózine tánlikeleri menen ajralip turadi. **Arxitekura**[56] ónerinde kompoziciya idealiq-kórkemlik principlerdiń birligine qurılıslar menen imaratlardıń funkciyalıq maqsetine, jobalıq ózgeshelikelerine, olardıń qurılısındaǵı mazmunına qaray qurıladı. Kompoziciya qalanıń ulıwma kelbeti menen qurılısın, arxitekturalıq úylesimliligin, jobadaǵı kólemlik, keńislik dúzilisin belgileydi. Súwretlew ónerindegi kompoziciya shıǵarmanıń ideyalıq hám syujetlik-tematikalıq negizin zatlar menen figuralar keńislikke ornalastırıw tártibin , shıǵarma kólemin tıyanaqlaw hám jarıqlıq penen kóylenkege sáykesligin qadaǵalaw arqali kórinedi. Kompoziciya usılları kórkem ónerdiń ózinshelik

[56] Толостой Л.Н.Полн.собр.соч.:В 90 т.-Т.30.-С.131.

ayrıqshalıqlarına, shıǵarmanıń ideyasına, avtorlıq fantaziyasına sáykes payda boladiı Kompoziciya shıǵarmanińishki qurlısı menen birge onıń sırtqı ortalıq penen tamashagóyler (oqıwshı, kórermen) arasındaǵı qatnasın belgileydi. Estetikalıq kózqarastan qaraǵanda qáliplesken kompoziciya nızamları kórkem ónerdiń ulıwmalıq nızamlıqlarınıń real ómir qubılılarındaǵı ózara baylanıslılıqlarınıń belgili mólsherindegi sáwleleniwi hám jıyıntıǵı bolıp tabıladı. Kompoziciya termininiń ornına geyde " arxitektonika", "struktura" degen sózler qollanıladı.

Arxitektonika - (latınsha - structura, qaraqalpaqsha mánisi - qurastırıw, jaylastırıw) kórkem tekst elementleriniń óz ara qatnası, olardıń jaylastırılıwı, bunda olardıń birewindegi ózgeriske baylanıslı onıń sońındaǵı elementler de ózgeriske ushıraydı. Kórkem shıǵarmanıń strukturası tuuralı túsinik áyyemgi dáwirlerde-aq qáliplesken. Áyyemgi dáwir estetikası sáykeslikke, simmetriyaǵa, ırǵaq teńligine, bólimlerdiń óz ara baylanısına ayrıqsha dıqqat awdarǵan (Литературный энциклопедический словарь. Москва, "Советская энциклопедия", 1987, стр. 426.)
Syujet penen kompoziciya óz ara tıǵız baylanısta boladı. Syujet tiykarınan mazmun menen baylanıslı bolıp, ol - personaj xarakterin ayqınlandırıp kórsetiwshi waqıyalardıń sisteması. Kompoziciya syujetten keńirek nárse. Syujet degende bir syujettiń liniyasın, kompoziciya degende barlıq syujettiń óz ara jámlestiriliwin, jazıwshı tárepinen syujetlerdiń shıǵarmada jaylastırılıwın (montajlanıwın) túsinemiz. Syujet penen kompoziciya, negizinen, bir maqsetke - personajdıń xarakterin ashıwǵa, onıń ózgeshe obrazın jasawǵa, shıǵarmanıń ideyasın ayqın sáwlelendiriwge xızmet qıladı.

Ulıwma, kompoziciya elementlerin hám syujet bóliminiń shıǵarmada qalay paydalanıw, qanday izbe-izlikte jaylastırıw jazıwshınıń sheberligine baylanıslı. Onıń qatıp qalǵan úlgisi joq.

Akademiyalıq liceylerde "Aqılıy hújim" usılına tiykarlanıp "Syujet hám kompoziciya" dep atalǵan tema ótkerilgende bul metod oqıwshılardı óz bilgenlerinen hám dóretiushilik uquıbınan paydalaanıwǵa baǵdarlaydı hám ortaǵa qoyılǵan hár bir problemaǵa kóp sanlı sheshimler tabıwǵa járdem beredi (Máselen, syujet hám kompoziciya degen ne? Syujet hám kompoziciya tuwralı túsinigin rawajlandırıw ushın men ne islewim kerek. "Aqılıy hújim" metodı durıs pikirlewge hám anıq, tereń túsinikke iye bolıwǵa járdem beredi.

Aqılıy hújim metodı menen sabaq ótiw qaǵıydaları hám paydalanıw usılları:

1. Sorawlarǵa juwap beriwge oqıwshılardıń oylanıw procesinde bahalawlarǵa hesh qanday jol qoyılmawı kerek. Eger oylaw procesinde pikirlerdi bahalaytuǵın bolsaq, oqıwshılar dıqqatın óziniń pikirin hám

túsiniklerin qorǵap islewine qaratıp, syujet hám kompoziciyanıń kórkem shıǵarmadaǵı poetikalıq funciyasına kewil awdara almay qaladı. Sonlıqtan bayanlawshınıń tendetsiyası bolıwı kerek.

2. Oqıwshılardıń barlıǵın túrli-twúrli kútilmegen kózqaraslar sheńberinde oylawǵa shaqırıw kerek. SHınında da, aqılıy hújim metodında kútilmegen pikirler júzege keliwi kerek, sol jaǵdayda ǵa aqılıy hújim óz nátiyjesin kórsetken boladı.

3. Kózqaraslardıń muǵdarı qansha kóp bolǵan sayın, ol sapaǵa aylanadı. Jıldam (tez) túrdegi izbe-izlikte kóp muǵdardaǵı (sanlı) kózqaraslar payda bolǵanda, álbette, onı bayanlap otırıwǵa waqıt qalmaydı.

4. Hár bir oqıwgı ózgelerdiń kózqarassına tiykarlarıwı hám olardı ózgertiwi múmkin. Aldın ala usınılǵan kózqaraslardı biriktiriwge yamasa ózgertiwge, kóbinshe, olarǵa sebep bolǵan pikirlerden kóre jaqsıraq kózqaraslardı keltirip shıǵaradı.

"Aqılıy hújim" metodınan nátiyjeli paydalanıw ushın tómendegiler usınıs etiledi:

- topar oqıwshıları arqayın otıratuǵnı etip jaylastırıladı;
- pikir hám kózqarasların jazıw ushın doska, qaǵazlar, por, plomaster h.t.b. tayarlap qoyıladı;
- syujet hám kompoziciya teması boyınsha prroblema anıqlanadı;
- oqıwshılardıń birge islesiw qaǵıydaları belgilenedi;
- kózqaraslardıń hesh qaysısı bayanlanbaydı;
- oqıwshılardıń pikirlesiwine tolıq erkinlik beriledi;
- oqıwshılar múmkin bolǵanınsha kóp pikirlilikke umtılıwı kerek;
- pikirlerin oqıw, qayttan ózgertiw h.t.b;
- puqaralar tuwralı soraw yáki juwap berilgende dárhal jazıp alıw;
- qaǵaz betleri tolǵanda, olardı diywallarǵa ildirip shıǵıw;
- óziniń burınǵı pikirinen shetlep, jańa kózqaraslardı rawajlandırıw,
- óz isin dawam ettiriw hám ózgelerdiń ideyalarına aralaspaw.

"Aqılıy hújim" metodınıń paydalılıǵı sonda, bul metod ázine tán qásiyetke iye. Bundaǵı maqset licey oqıwshısı qısqa waqıt ishinde belgili bir problemanıń sheshimin tabıwǵa qaratılǵanlıǵında. Máselen, "Ádebiyat qaǵıydaları" páninde ótilip atırǵan "Syujet hám kompoziciya" teması boyınsha oqıwshılarǵa soraw beriledi; "Shıǵarmanıń kompoziciyası, qırılısı. dúzilisi, strukturası degende siz neni túsinesiz?" degen soraw qoyıw múmkin. "Aqılıy hújim" metodın psixotexnikalıq oyın dep atasaqta boladı. Bul metodtaǵı shınıǵıwlar procesi oqıwshıda máselege dóretiwshilik hám dástúriy emes pikirlewdi oyatadı. Bir yáki bir neshe ádebiyat qaǵıydaları boyınsha sorawlar shólkemlestiriledi hám oqıwshılardıń aldına qoyǵan problemanı sheshiw ushın ózleriniń hár qıylı

pikirlerin bildiredi. Problemanı sheshiw variantları qansha kóp bolsa, solardıń ishinen durısın tańlap alıw ańsat boladı. Oqıwshılardıń hár biri bildirilgen aldıngı planǵa alıp shıqqan túsinik hár tárepleme úyrenilip, keńeytiriledi hám olardıń arasınan eń durıs dep tabılǵan kózqarasproblemanıń sheshimi retinde qabıl etiledi. Problemanı sheshiw waqtın aldın ala belgilep qoyıladı hám oǵan qatań túrde ámel qılınadı. "Aqılıy hújim" oyını quramalı sorawlardıń sheshimin tez tabıwǵa, problemanıń ne ekenligin kóre biliw maydanın keńeytiwge, pikir bildiriwdiń tarlıǵına joq etiwge hám keń maydanda pikir júrgiziwge imkaniyat jaratadı. Sonday-aq, oqıwshılar arasında syujet hám kompoziciya tuwralı túsinikler boyınsha múnásiybetler ózgeredi, pikirler jarısı keypiyatınıń birge islesiw atmosferasına ótiledi, oqıwshılar arasında syujet hám kompoziciyanı túsinip alıwǵa birlesiw payda boladı.

"Aqılıy hújim" metodınıń nátiyjeliligi tuwralı J.Sagidullaeva hám J.Kaniyazovanıń miynetinde "Aqılıy hújim" (breynstorming - "aqıllar tozańı") - ámeliy yáki problemalardı sheshiw ideyasıe jámáát bolıp júzege shıǵarıw ekenligi..., kórkem shıǵarma haqqında kompliktler jetilistiriletuǵın..., studentler (oqıwshılar. A.P) temaǵa baylanıslı óz betinshe vizual material tayarlawı, ámeliy shınıǵıwlar islewi múmkinligi, bul usıl tema átirapında pikirlewge, tapsırmaǵa baylanıslı tiykarǵı túsiniklerdi tańlap alıwǵa járdemlesetuǵınlıǵı[57] na ayrıqsha dıqqat awdarılǵan.

Interaktiv usıllardıń eń paydalı hám qızıqlı texnologiyalarınan biri - "Jelpigish" (Veer) metodı. "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha ótiletuǵın metodlardıń barlıǵında da qollanılıwı múmkin. Pán muǵallimi "Tildiń kórkemlew quralları" degen temanı ótkende "Jelpigish" usılın qollansa boladı.

"Jelpigish" usılı quramalı, kóp terminli shiyelenisken problemalı qásiyettegi temalardı úyreniwge qaratılǵan. Bul texnologiyanıń ózgesheligi sonda, bunda tildiń kórkemlew quralları bolǵan teńew, epitet. metafora, metonimiya, sinekdoxa, inversiya, parallelizm h.t.basqalar tuwralı hár qıylı maǵlıwmatlar yáki anıqlamalar beriledi hám olardıń hár biri óz aldına analiz etiledi. Máselen, epikalıq, dramalıq yáki lirikalıq shıǵarmalardaǵı metafora hám onıń kórkemlik xızmeti úyreniledi. "Jelpigish" metodı sınap minew, analizlew, anıw hám aqılǵa muwapıq pikirlerdi rawajlandırıwǵa jáne óz ideyaların hám kózqarasların jazba yáki awızeki formada bayan etiwge, óz pikirlerin qorǵawǵa múmkinshilik jaratadı.

"Jelpigish" metodı "Tildiń kórkemlew quralları" dep atalgan temanı úyretiwdegi hám túrli basqıshlarda úyreniliwi múmkin;

---

[57] Сагидуллаева Ж. Каниязова Ж. әдебият теориясын оқытыўда инновациялық технологиялар. Нөкис, "Қарақалпақстан", 2016, 17-19-бетлер.

- temanı úyreniwdiń dáslepki basqıshında bilimdi qabıl etiw iskerligin aktivlestiriw;

- Temanı ózlestiriw procesinle onıń tiykarınan tereń túsinip hám aqlap beriw;

- juwmaqlaw basqıshında ózlestirilgen bilimlerdi tártipke túsiriw.

"Jelpigish" metodındaǵı priinsipler tómendegiler;

1. Aspekt (kózqaras) penen predmet, juwmaq hám túsinik tekserilip kóriledi. Máselen, metafora hám tetonimiya biri-birine jaqın kórkemlew quralları, úyrenilip atırǵan predmeti sıpatında túrli juwmaqlar bolıwı múmkin, úsı juwmaqlar ilimiy tekseriledi.

2. Tildiń kórkemlew qualların bir-biri menen salıstırǵanda olardıń poetikalıq ózgesheligi, xızmeti ashıladı.

3. Ózlestiriw sapası joqarı boladı.

4. Juwmaǵında, begilis bir pikirge, logikalıq qaǵıydalar boyınsha dálillewler, unamlı nátiyjeshe alıp keledi.

"Jelpigish" usılıs oqıwshılarǵa bilim beriwden tısqarı tárbiyalıq qásiyettegi bir qansha wazıypalardı iske asırıwda da múmkinshilik ashıp beredi. Olar tómendegiler:

- jámlesip, topar menen islesiw sheberligi;
- problemalardı, jaǵdaydı hár túrli kózqarastan talqılaw sheberlishi;
- kelisimli buwmaqlarǵa kele alıw sheberligi;
- ózgelerdiń pikirin húrmetlew;
- pikirlesiw mádeniyatın jetilistiriw;
- aktivlik;
- problemanı sheshiwge dóretiwshilik qatnas;
- problemaǵa dıqqatın jámley alıw sheberligi.

"Ádebiyat qaǵıydaları" pánin ótiwde joqarı nátiyjelerge erisiw ushın "Skarey", "Blic oyın", "SHarxpalek", "Problemalap texnologiyası", "Bumenang", "Klaster" sıyaqlı metodlardan da paydalanıw múmkin.

"Interaktiv metod" shıǵıp sóylegen tek bir adamnıń jetekshiligin, bir pikirdiń ústemligin, monopoliyasın shekleydi. Bilim alıw barısında hár kim óz pikiriin sap sóz benen aytıwǵa hám tıyımlı maǵlıwmatlardı analiz etiw tiykarındaquramalı máselelerdi sheshiwge, qáte pikirlerdi saplastırıwǵa, tereń oylap kórilgen sheshimlerdi qabıl etiwge, diskussiyalarǵa qatnasıwǵa hám basqa adamlar menen mádeniyatlı pikirlesiwge úyretedi. Bul ushın "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha ótilgen sabaqlarda jeke, jup yáki topar jumısları shólkemlestiriledi.[58]

[58] Караманова Г.К. Тарийхшы оқытыў методикасы. Нөкис, "Қарақалпақстан", 2016, 114-бет.

Hár qanday ádebiy shıǵarma kórkem, turmıslıq hám tásinli bolıwı kerek.Shıǵarmadaǵı bunday qásiyetler jazıwshınıń sheberligine baylanıslı júzege asadı. Poetikalıq dárejesi joqarı shıǵarmalar kórkem súwretlew quralları hám usıllarına bay bolıp keledi. Joqarı estetikalıq talǵam menen jazılǵan shıǵarmalardıń kórkemlik sapasın eń birinshilerden bolıp úyretetuǵın pán - "Ádebiyat qaǵıydaları" páni.Bul pándi oqıtatuǵın muǵallimniń ózi de jazıwshı hám shayırlar óz shıǵarmalarına qanday dóretiwshilik qatnas jasasa, ádebiyat páni muǵallimide hár bir ótetuǵın sabaǵına, sabaq temasına dóretiwshilik qatnas jasawı kerek.Sebebi, "ádebiyat sabaǵı - oqıtıwshınıń kórkem pedagogikalıq dóretiwshiligi"[59]Liceydiń "Ádebiyat qaǵıydaları" páni muǵallimi oqıwshılarǵa kórkem shıǵarmanı analizlewdi, túsiniwdi úyreniwge taǵdarlawı kerek.Sonlıqtan da belgili metodist ilimpaz Q.Yuldashevtiń aytqanınday, "... kórkem talqılaw jolları tolıq ózlestirilmegenshi oqıwshılar haqıyqıy ádebiyattıń jeńil-jelpi, ǵalabalıq "ádebiyat"tan ayıra almaydı.Bul jaǵday daltonrizmge (zawıqlanbawshılıq), talǵamsızlıqqa alıp keledi.Estetikalıq tárepten zawıqlanbaw, talǵamsızlıq insanlı ruwxıy taqtan pisentsizlikke, ádep-ikramlılıq máselelerine itibarsızlıqqa jeteklewi múmkin. Ádebiy shıǵarmanı analizley almaǵan, anıǵıraq aytqanda onnan tásirlenbeytuǵın bala ruwxıy qádiriyatlarǵa mensinbey qaraytuǵın boladı... Haqıyqıy ádebiyat úlgilerin ańlamaytuǵın, sezinbeytuǵın, kórkem obrazlardıń keshirmelerin qabıl etpeytuǵın, kórkem sózdiń ráńbáreńliginen tásirlenbeytuǵın oqıwshılar úlkeygende.... sezimsiz, júreksiz insanlarǵa aylanıp qalıwı múmkin"[60]

Kórkem shıǵarmanı talqılawǵa, analizlewge úyretetuǵın pánlerdiń biri "Ádebiyat qaǵıydaları" ekenligin jáne bir dıqqatqa alatuǵın bolsaq, oqıwshılardıń ádebiy túsiniklerin tereńsetiriwde interaktiv metodlardıń xızmeti, álbette joqarı.

Sabaq procesinde oqıwshılardın ańsat qabıl etetuǵıntexnologiyalardıń biri - "Skirbey texnologiyası", "Skorbey" oqıwshılardıń pikirlewge úyretiwin kúsheytedi, logikalıq oylaw hám este saqlaw uqıbın rawajlandırıwǵa imkaniyat jaratadı. Oqıwshıda óz pikirin ashıq-aydın hám erkin aytıp beriw sheberligin qáliplestiredi.Bul texnologiya bilimniń sapasın hám dárejesin halıs bahalawǵa, úyrenilip atırǵan tema tuwralı túsiniklerdi hám bilimlerdi anıqlaw múmkinshiligin beredi.

---

[59]Кан-Калик. В.А., Хазан В.И. Психолого-педагогические преподавания литературы в школе. Учебно пособие для студентов педагогический институтов. Москва, Просвещения, 1988, стр, 19-26.

[60] Юлдашев Қ. Педагогик тафаккур ва умутаълим мактабларида адабиёт ўқитишнинг илмий-методик асослари: Пед.фан.док.дисс.Тошкент, 1997, 148 бет.

"Skarbey" texnologiyası oqıwshılardıń ózlestirgen tájiriybelerinen paydalanıwdı kózde tutqan.Bul texnologiyadan oqıw materiallarınıń hár túrli basqıshların úyretiwde paydalanıladı. Máselen:

- oqıwprocesiniń basında oqıwshılardıń temaǵa qızıǵıwshılıǵın, aktivligin kúsheytiw maqsetinde ("Muz jarǵısh" metodı);

- temanı úyreniw procesinde onıń mazmunın, qurılısın hám áhmiyetin belgilew, olardıń arasındaǵı tiykarǵı uqsaslıqlar hám ózgeshelikler, baylanıslardı anıqlaw, temanı jáne de tereńirek úyreniw;

- sońında - alınǵan bilimlerdi bekkemlew hám juwmaqlaw maqsetinde ("Danıshpanlar miyrası" yáki "Gúllengen terek" metodları).

Bul texnologiyada temanı oqıwshılardın qabıllawın jeńillestiriwshi sızılmalardan, slaydlardan, kórgizbeli qurallar hám taǵı basqalardan paydalanıw múmkin."Skarbey" texnologiyasına tiykarlanǵan oqıtıwshı "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha temalar ótse nátiyjeli boladı.

Máselen, solardan biri: "Tema hám ideya".

Pán: Ádebiyat qaǵıydaları

Sabaq teması: Tema hám ideya

Sabaq túri: Dástúriy emes. Aralas sabaq.

Sabaq metodı: "Skerbey", "Muz jarǵısh", "Danıshpanlar miyrası", "Gúllengen terek".

Sabaqtı qurallandırıw: K.Mámbetovtıń "Ádebiyat teoriyası", S.Axmetov hám Q.Sultanovtıń "Ádebiyattanıw", S.Axmetov, J.Esenov hám Q.Jarimbetovtıń "Ádebiyattanıw terminleriniń orıssha-qaraqalpaqsha túsindirme sózligi", Q.Járimbetovtıń "Ádebiyattanıwdan sabaqlar" kitapları, jazıwshı hám shayırlardıń toplamları, kespe qaǵazlar, plakat, marker, stiker qaǵaz, internet materialları hám taǵı basqalar.

Sabaqtıń maqseti:

1. Bilim beriwshilik: a) Oqıwshılarǵa kórkem shıǵarmanıń teması hám ideyası haqqında teoriyalıq hám ámeliy túsiniklerdi beriw; b) Oqıwshılardı kórkem shıǵarmalar menen tanıstırıw;

2. Tárbiyalıq áhmiyeti: 1) Oqıwshılardı ádep-ikramlılıqqa hám ilim-bilimge úyretiw;

3. Rawajlandırıw: a) Kórkem shıǵarmalardıń teması hám ideyası boyınsha oqıwshılardıń erkin pikirlewin qáliplestiriw; b) Kórkem shıǵarmanıń teması hám ideyası boyınsha ilimiy kózqarasın tereńlestiriw.

4. Kútiletuǵın nátiyje: Kórkem shıǵarmanıń teması hám ideyası haqqında túsinikke iye boladı, kórkem shıǵarmalardıń teması hám ideyası boyınsha jeke kózqaraslarıń bildiriw hám erkin pikirlewge uqıplılıǵın qáliplestiriw.

Sabaq barısı:

SHólkemlestiriw: (1-2 minut) Oqıwshılardıń sabaqqa qatkası qadaǵalanadı.

Úyge tapsırma soraw: 10-15 minut

Oqıwshılar ótken sabaqta "Forma hám mazmun haqqında túsinik" degen temanı ótken.

Usıgan baylanıslı muǵallim "Muz jarǵısh" metodınan paydalanadı.yaǵnıy toparǵa soraw taslaydı: Kórkem shıǵarmanıń forması degen ne? Ádebiy shıǵarmanıń mazmunı degen ne? Lirikalıq mazmun hám forma degende neni túsinesiz? Epikalıq mazmun hám forma degen ne? Dramalıq shıǵarmanıń mazmunı hám forması degenimiz ne?degen sorawlar beriledi. Bul metodta toparlardaǵı qálewshi oqıwshılar erkin túrde toptı jarıp shıǵıp óz pikirin aytadı.Basqa oqıwshılar da sorawlarǵa juwap qaytaradı, nátiyjede toptı jarıp, yaǵnıy "Muz jarǵısh" metodınan paydalanıp, oqıwshılardı sabaqqa qızıqtıramız.

Taza tema: (25-30 minut)

Oqıtıwshı kórkem shıǵarmanıń teması hám ideyası boyınsha islengen slaydı jardeminde temanı túsindiredi.Mısal retinde I.Yusupovtıń "Joldas muǵallim" poemasın tańlaydı.Poema xalıqtı bilimlendiriw temasına arnap jazılǵan, al ideyası xalıqtı sawatlandırıw islerinde xızmet etken adamlardıń pedagogikalıq miynetin ulıǵlaw, ilim-bilimge qarsı jawız niyetli adamlardı qaralaw.

Muǵallim slaydtan yákilekciya tekstinen konspekt jazdıradı.

"Tema hám ideya" boyınsha licey oqıwshılarına tómendegishe túsinik beriu múmkin:

Jámiyetshishikte qanday da bir kórkem sóz ustasın, yaǵnıy jazıwshı yáki shayırdı tolǵandırǵan, júrek hám sanasına qozǵaw salǵan, nátiyjede qolına qálem uslawǵa májbúrlegen, ózgeler ańlaǵan yáki ańlamaǵan qubılıslar boladı.Jazıwshı kórkem shıǵarmanı dóretpesten aldın insan táǵdirindegi yamasa jámiyetlik ómirdegi ózin tolǵandırgan máseleler, mashqalalarústinde tınımsız oylanadı hám onı kórkem tuwındı sıpatında bezep, qurallandırıp oqıwshı qáwimine usınadı.Kórkem shıǵarmadaǵı jazıwshını tolǵanısqa túsirgen turmıslıq material tiykarında belgili bir ádebiy konsepsiya payda boladı.Ol kórkem obrazlarǵa sińdiriliwi arqalı shıǵarmanıń mazmunı dóreledi.Mine, usı shıǵarma mazmunına tiykar bolǵan turmıslıq material - tema (grekshe thema - bir nárse, predmet sózinen alınǵan) - dep ataladı. Tema (grekshe - thema, qaraqalpaqsha hárip, qoyılǵan belgi degendi ańlatadı) - epikalıq, dramalıq, lirikalıq, sonday-aq filosofiyalıq, sociallıq, etikalıq h.t.basqa da problemalardı, turmıstıń tiykarǵı máselelerin payda etiwshi waqıyalardıń jıynaǵı.

Jazıwshı dóretiwshiliginde ulıwma temalar bolıwı múmkin, máselen, tariyxıy tema, detektiv tema, fantastikalıq tema, ekologiyazıq tema, siyasıy tema

h.t.basqa.Kórkem sóz sheberi óz shıǵarmasınıń teması ústinde qálem terbete otırıp, onıń qanday ruxta, qanday ideyalıq kózqarastan súwretleniwin baǵdarǵa alıp otıradı.Jazıwshı qaysı bir temanı tańlar eken, onıń dóretiwshiliginiń barlıq táreplerin basında tolıǵı menen kóz aldına keltire almaydı.Shıǵarma jazıwshıdan burın tema shıǵarmanıń barlıq mazmunın emes, al usı mazmundı anıqlawǵa hám onı kórkem súwretlewge baǵdarlawshı xızmet atqaradı. M.Gorkiy tema tuwralı mınaday túsinik bergen edi: "Tema avtordıń tájiriybesinde tuwıladı, turmıs onı jazıwshınıń sanasına quyadı, biraq ol jazıwshınıń oy-qıyal ǵáziynesinde tulgalanbaǵan túrde uya salıp jatadı hám obrazlardı súwretlewdi talap etip, jazıwshıda onı formaǵa túsiriw ushın umtılıw tuwdıradı" (Gorkiy M. Sobranie sochinenii v  tridsati tomax. t.27,str, 124). Demek, tema degenimiz kórkem sóz ustasınıń dóretiwshilik sanasında kórkem formaǵa túsiriwdi talap etip jatıwshı turmıslıq material hám zárúrlikten payda bolatuǵın másele eken. Tema degende biz kórkem shıǵarmada súwretlew ushın jazıwshınıń turmıslıq qubılıslardan tańlap alǵan waqıyaların túsinsek te boladı.

Tema tuwralı orıs ádebiyatshısı Valentin Kataev "Tema hámmesinen burın payda boladı.Tema payda boladı da jazıwshını azapqa sala baslaydı. Tema sanaǵa sińip, jazıwshınıń oy-qıyalına bekkem ornalasqan sayın, adamlardıń, zatlardıń obrazları, peyzaj elesleri tuwılıp, rawajlana beredi" (Jurnal "Voprosı literaturı", 1961, №9, str. 130), degen edi. Iskusstvo, sonıń ishinde ádebiyat turmıstıń ózinen twwıladı.Kórkem sóz ustasınıń usı turmıstan izlep tabatuǵını - ózi jazatuǵın shıǵarmasınıń teması.Daǵıstan xalqınıń shayırı Rasul Gamzatoı "tema suwdaǵı uyqılap jatırǵan balıq sıyaqlı qarnın joqarı qaratıp, turmıstıń - ómirdiń betinde qalqıp júreydi.Tema - tereńde, qaynawıt aǵıstıń ortasında, pátli iyrimlerdiń tuńǵıyıǵında, onıń sol jerden izlep tawıp al, asaw tolqınlardıń arasınan, sarqırama - tasqınlardıń astınan alıp shıǵa bir", dep jazǵan edi tema tuwralı.Tema jazıwshınıń pútkil ómiriniń kólemine tiyisli boladı.

Tema - korkem óner tuwındısınıń irgetası, olsız shıǵarma mazmunı tolıq bolmaydı.Biraq tema pútin mazmunnıń ózi bola almaydı.Tek ǵana mazsun ayqınlastırıwǵa hám kórkem sáwlelendiriwge járdem beretuǵın tiykar. "Tema jazıwshı sanası hám qálbinde ele kórkem qáliplestiriwdi talap etip atırǵan turmıslıq material hám sociallıq, ádep-ikramlıq máselesi bolıp tabıladı"[61]

Hár bir ádebiy shıǵarma bir neshe tema hám olar arqalı alǵa súrilgen ideyalar boladı. Jazıwshı termıstı súwretlewi menen ózara baylanıslı bolgan bir neshe máselelerdi kóterip shıǵadı hám olardıń hár birine óz bahasın beredi: onda jazıwshınıń dunyaǵa kozqarası, ideyası jatadı. Sebebi, jazıwshı óz shıǵarması menen ómirge kúsh qosadı, óz niyetinen kelip shıǵıp ún qosadı.Mine, usınnan

[61]Izzat Sulton. Adabiyot nazariyasi. "O'qituvchi" nashriyot - matbaa ijodiy uyi. Toshkent. 2005. 96-b.

hár bir jazıwshınıń shıǵarmasınıń ideyası payda boladı.Mısalı, SHSeytov "Jaman shıǵanaqtaǵı Aqtuba" romanında tiykarınan qaraqalpaq xalqınıń burıngı awqamınıń qayta qurıw siyasatı ústemlik etken jıllarındaǵı waqıyalardı súwretlew menen birge Ámirxan, Jerdash obrazlarında ruwhıy jarlı insanlardıń xarakerin jaratalı, olarǵa óz qatnasın bildiredi, oqıwshınıń da dıqqatın usı personajlar arqalı máselelerge qaratadı.

Sóz sheberi óz shıǵarması arqalı ómir ándiysheleri tuwralı pikirin oqıwshıǵa jetkermekshi boladı.Sol shıǵarmanı oqıǵan oqıwshı bolsa, shıǵarmanı tereńirek túsiniw barısında onıń ideyasın tawıp aladı. Jazıwshınıń óz shıǵarmasında súwretlep atırgan waqıyaları tuwralı aytqası kelgen pikiri, jámiyetlik qubılıslarǵa bergen bahası, olardıń ústinen shıǵarǵanhúkimi shıǵarmanıń ideyası dep ataladı.

Kórkem shıǵarma ideyalıq-tematikalıq jaqtan kishi bóleklerden quralıwına qaramastan, onda bir pútinlik bar bolıp, shıǵarmanıń usınday dúziliwi kórkemlik talapı.Tiykarında turmıs bir-biri menen ózara baylanısqan, ózara tásir etip turatuǵın hádiyselerden ibarat bolıp, bul hadiyselerdiń hár biri ózine tán belgili qatnasıqta bolıwın talap etedi.Mısalı, "Qaraqalpaq dástanı" romanındaǵı qoyılǵan barlıq máseleler bir orayǵa - xalıq azatlıq gúresleri máselelerine birlestiriledi hám bul oraylıq, tiykarǵı másele jazıwshı tarepinen bahalanadı.Bul bahada, xalıqtıń erkinlik ushın gúresiwinde xalıq awızbirshilik penen birlesse, bir-birin qollap-quwatlasa ǵana jeńiske erisetuǵını haqqındaǵı ideya óz sáwleleniwin tabadı.

Demek, jazıwshınıń shıǵarmada súwretlengen tiykarǵı turmıslıq waqıya-hádiyseler haqqındaǵı húkimi - jetekshi pikiri shıǵarmanıń tiykarǵı ideyası esaplanadı.Jazıwshı turmısqa, turmıslıq hádiyselerge qanday qatnasta bolsa, olardı ksı túrde súwretlep, kitap oqıwshılarǵa da óz súwretlegen waqıya-hádiyselerge usınday qatnas tuwdıradı.Sonıń ushın tiykarǵı ideya da, tiykarǵı tema sıyaqlı shıǵarmadaǵı obrazlarda, olardıń is-háreketinde jámlengen hám waqıya-hádiyselerde sáwlelengen ideyalardan quraladı hám de jazıwshınıń usı obraz hám hádiyselerge, yaǵnıy turmısqa bolǵan baylanıslılıǵın ańlatadı.Temanıń qanday kórkemlik sheshim tabatuǵını shıǵarmanıń ideyası menen tıǵız baylanıslı.

Hár qanday kórkem shıǵarmanı turmıstaǵı problemalarsız kóz aldımızga keltire almaymız.Tema syujet arqalı ashıladı.Tema maǵanasınıń tereńirek ashılıwında syujet ayrqısha áhmiyetke iye.Tema kórkem shıǵarma bólimlerin bir pútinlikke jámlestiredi.Tema ne tuwralı jazıwdı anıqlawdan, neler tuwralı kórkem pikir júrgiziwden ibarat.Tema hám ideya ózara baylanıslı boladı.

Adamzat turmısındaǵı ayrıqsha kubılıslar bárqulla kórkem pikirlewdiń negizgi ob'ekti boladı. Degen menen kórkem oy-pikir turmıstaǵı sol

qubılıslardıń aynadağı sáwleleniwi emes. Ol sol waqıyalardıń eń tereń túpkirine shekem kirip baradı, ol kútá aktiv ideyalıq bağdarğa iye boladı.Kórkem shığarmadağı ideya jazıwshınıń kóp qatlamlı turmıs hádiyselerine bolgan emotsional qatnasınan ósip shığadı.Kórkem shığarmanıń negizgi ózeginde jatırğan emotsional obrazlı oylardı jamlestiriwshi pikirdi kórkem ideya deymiz.Kórkem ideya jazıwshınıń dúnyatanımı arqalı anıqlanadı.

Obrazlı pikir júrgiziw kórkem ideya boladı.Dúnya qubılısların obrazlı qabıllaw hám súwretlew bar jerde ideya boladı.Turmıs haqıyqatlığı, obrazlılıq kórkem shığarma ideyasınıń júdá áhmiyetli belgileri bolıp tabıladı.Óz shığarmasında obrazlılıqtı támiynley almağan jazıwshı alga qoyğan wazıypasın orınlay alıwı múmkin emes, onıń shığarmasındağı ideya kórkem daliyllenbegen, qurğaq hám jansız ideya bolıp qala beredi."Kórkem ideya obrazlı pikir.Ol tek ob'ektiv súwretlengen ómir kórinisi, insanlar tağdiri, waqıyalardıń logikalıq mazmunınan kelip shığadı."[62]

Sabaqtı bekkemlew: (10-15-minut)

Bekkemlewde "Danıshpanlar miyrası" metodınan paydalanıwğa boladı.Aldın ala 2-3 plakat tayarlanğan boladı.Olardıń hár qaysısında sarı, jasıl, qızıl reńlerdegi sanlıqlardıń súwretleri salınğan. Oqıtıwshı ótilgen temanı bekkemlew ushın sorawlar hám tapsırmalar beredi: "Tema hám ideya tuwralı ataqlı ádebiyatshılar ne degen", "Óziń oqığan shığarmanıń teması hám ideyası ne?" Oqıwshılar úsh toparğa (komandağa) bólinedi. Komandasına at qoyıp aladı (Máselen: "Talant", "Zeyin", "Ilxam" h.t.b.) Plakatlar olarğa tarqatıladı.Oqıwshılar sandıqlardağı keteksheleгge tema hám ideya boyınsha anıqlama hám olardıń atamaları, oqıgan shığarmalardıń ataması, teması hám ideyası tuwralı hár túrli reńlerdegi flomasterler menen jazadı.Komandalardıń aktivligine hám oqıwshılardın jeke kózqarasların bildiriwine dıqqat awdarıladıyu Sorawlarğa anıq hám kóp juwap bergenligi boyınsha komandalar bahalanadı. Eń kóp ball toplağan komanda "Danıshpanlar miyrası"na iye boladı. Sandıqlardıń súwretin múmkin bolğanınsha kózge jartımlı bolıwı kerek.

[62]Izzat Sulton. Adabiyot nazariyasi. "O'qituvchi" nashriyot - matbaa ijodiy uyi. Toshkent. 2005. 98-b.

Máselen:




Oqıwshılar sandıqlardaǵı bosorınlarǵa ózpikirlerin jazıw ushın keteksheler salıp alıwına boladı.

Óz betinshe jumıs islew: (10-15-minut)

Mugallim sabaqtıń bul procesinde "Gúllengen terek" usılın qollansa boladı.Taxtaǵa terek sızıladı.Óresine "Ibrayım YUsupov" dep jazıladı. Óreniń úlken úlken shaqalarına shayırdıń poemaları hám lirikalıq qosıqlarınan atamalar, al kishkentay shaqalarına teması ham ideyası  tuwralı oqıwshılar óz bilgenin stiker qaǵazǵa jazıp jabıstıradı.

Oqıwshılardıń aktivligi menen terek gúllenedi.



Úygetapsırmaberiwhámsabaqtı juwmaqlaw: 3-5 minut

"Skarbey", "Muz jarǵısh", "Danıshpanlar miyrası", "Gúllengen terek" metodlarınan bilim beriwden tısqarı tárbiya beriwshilik xarakterdegi bir qansha wazıypalardı da ámelge asırıw imkaniyatın beredi. Bul usıllardı qollaǵan mugallim oqıwshılarda:

- ózgelerdiń pikirine húrmet penen qarawdı;
- kópshilik penen jámlesip islew sheberligin;
- ózinde bar uqıp hám imkaniyattı kórsetiwge umtılıwın;
- unamlı mine-qulıq sezimlerin;
- temanı úyreniwge dóretiwshilik jantasıwın;
- óziniń kanday uqıpqa iye ekenligin tekseriwge járdem beredi;
- jeke shaxıs sıpatında "men"ligin kórsetiwge imkaniyat beredi;
- óz iskerliginiń nátiyjelerine juwapkershilik hám qızıǵıwshılıq sezimlerin oyatadı.

Juwmaqlap aytqanda, "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin interaktiv metodlardı qollap ótiw akademiyalıq licey oqıwshıların estetikalıq tárbiyalanǵan, tereń bilim alǵan, ádebiya-teoriyalıq sawatlılıǵı hám tayarlıǵı zaman talaplarına juwap beretuǵın, ádebiy kózqarası ham sanası joqarı, hár tárepleme bárkamal insanlar etip tárbiyalawda úlken xızmet atqaradı. Bilim beriw wazıypaların konkretlestiriw, oqıtıw hám ózlestiriw proceslerinde qollanılatuǵın usıllardı, metodlardı hám qurallardı jáne de kóbeytiw, bilim beriw hám tárbiyalaw procesiniń mazmunın tereńlestiriw - bulardıń bári de bilim beriw orınlarınıń aktivligin jetilistiriw degen sóz. Solay eken, jetilistiriwdiń shegarası, yaǵnıy onıń aqırı joq - ol máńgi dawam ete beredi. Sonlıqtan pedagogikalıq texnologiyalar da, pedagogikalıq sheerlik te teshi-shegarası joq túsinikler. Bul tarawda qansha kóp izlenisler hám qansha kóp baslamalar bolsa - báribir, sonsha azday bolıp sezile beredi. Oqıtıwshınıń eń ápiwayı hám baslı haqıyqatı da usında.Oqıtıwshınıń usı taqilettegi hesh toqtamaytuǵın aktiv iskerligi mámleketimiz tarepinen tapsırılǵan joqarı kórsetpelerdiń orınlanıwına alıp keledi.

## III BAP. «Ádebiyat qaǵıydaları» páninde sabaqtan tıs jumıslar

Házirgi zamandaǵı hár bir qanige, sonıń ishinde ádebiyat pánlerinen sabaq beriwshi oqıtıwshı hár tárepleme joqarı dárejede rawajlanǵan intellekte iye, ilimniń tiykarların tereń úyrengen, bilimli, ziyrek uqıplı, ruwxıy dúnyası jetilisken maǵripatlı insan bolıwı kerek. «Ádebiyat bir pútin, ózine tán ózgeshelikke iye hadiyse; janlı qubılıs. Onı usınday tárizde úyrenseń, súyseń onıń tásiri teńi-tayı joq gózzal dunyaǵa, dana másláhátshige, adamgershilikli tuyǵılardıń ullı tarbiyashısına aylanadı.»[63] Ádebiyattıń gumanistlik ideyaları menen suwǵarılǵan tereń mazmunın ańlawǵa úyretetuǵın «Ádebiyat qaǵıydaları» páninen sabaq ótetuǵın oqıtıwshılardıń jámiyetshilik yáki xalıq aldındaǵı juwapkershiligi úlken. Olar oqıwshıda bilim kónlikpelerin qáliplestiriwde hám rawajlandırıwda okıtıwdıń dástúriy usıllarınan baslap, búgingi zaman talaplrına juwap beretuǵın interaktiv metodlardıń eń jetilisken texnologiyaların paydalanadı. Oqıtıwshılar licey oqıwshılarına tek oqıw zallarında yáki auditoriyalarda emes, al sabaqtan tısqarı waqıtlarda da tálim hám tárbiya beredi. Oqıtıwshınıń bull iskerligin pedagogika iliminde «Sabaqtan tısqarı jumıslar» dep ataytuǵınlıǵı málim. Belgili ádebiyatshı ilimpaz, tájriybeli pedagok hám metodist qánige, prof, Á.Paxratdinov sabaqtan tıs jumıslar tuwralı, …klastan yáki mektepten tısqarı islenetuǵın jumıslar mektep ómirdegi eń áhmiyetli máselelerden biri bolıp esaplanadı,[64] dep sabaqtan tısqarı jumıslardın áhmiyetin joqarı bahalaydı.

Xár bir okıwshıda ondaǵı bar dóretiwshilik uqıptı oyatıw, ózin-ózi ańlawına jārdem beriw, onıń ómirin baxıtlı mazmun menen toltıratuǵın dóretiwshilik qádemler ushın múmkinshilikler jaratıp beriw bárshe sanalı okıtıwshılardıń ádiwli yaazıypalarınıń birinen esaplanadı. Belgili rus jazıwshısı Vasiliy Belov «Ońısıq» dep atalǵan kitabında: «…hár bir bala oynawdı, yaǵnıy dóretip jasawdı qáleydi. Negedur jıllardıń ótiwi menen biziń ómirimizdegi dóretiwshilik áste-aqırın joǵala baslaydı, biraq nelikten usı dóretiwshilik bárimizde de saqlanbaydı yáki rawajlanbay qalıp qoyadı? Qopalıraq bolsa da aytayıq, ya bizler óz isimiz benen shuǵıllanbaymız, ózligimizdi, óz kelbetimiz, óz talantımızdı taba almaymız, ya bolmasa jasawdı hám miynet etiwdi wyrenbedik, talantımızdı rawajlandırmadıq[65]» degen edi.

Oqıwshılardıń bilim kónlipelerin tereńlestiriw hám rawajlandırıw, doretiwshilik iskerligin jáne jetilistirip barıwı ushın óz betinshe doretken dóretiwshilik jemisleri bolıwı kerek. Oqıwshınıń liceydegi dóretiwshilik islerine

---

63 Умуров Ҳ. Адабиёт қоидалари . Тошкент, Ўқитувчи, 2002, 204-бет

64 Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, Билим, 2004, 217-бет

65 Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, Билим, 2004, 217-бет

jazǵan shıǵarmaları, qosıqları, belgili bir sánege arnap jazǵan sahnalık korinisleri, tayarlaǵan diywalıy gazetaları jatadı. Bulardın barlıǵı muǵállimniń basshılıǵında júzege asadı. «Ádebiyat qaǵıydaları» pánin oqıwshınıń nátiyjeli ózlestiriwine puxta islep shıǵılǵan sabaqtan tıs jumıslardın ámelge asırılıwı járdem beredi. Sabaqtan tıs jumıslarda muǵállim óz oqıwshılarınıń bilim dárejesiniń qanday ekenligin kóbirek úyrenedi, mádeniy-estetikalıq oy-órisiniń ósiwine úlken tásirin tiygizedi, kórkemlik sanasın rawajlandıradı.

Mekteplerde, akademiyalık licey hám kollejlerde sabaqtan tıs jumıslar, negizinen eki túrge bólinedi. Birinshisi- hár qıylı dogerekler, ekinshisi- hárqıylı epizodlıq xarakterge iye máresimler: tematikalıq kesheler, konkurslar, olimpiadalar, turnirler, oyınlar, sayaxatlar h.t basqalar. Sabaqtan tıs jumıslardıń nátiyjeliligi oqıwshılardıń olarǵa degen qızıǵıwshılıǵı menen anıqlanadı. Oqıwshı ádebiyattanıw boyınsha jańa pikirlerge iye bolatuǵınlıǵın, muǵállim hám basqalar menen birge islenetuǵınlıǵın biliwi hám olardıń zawıqlanıwı oqıtıwshınıń pedogogikalıq sheberligine baylanıslı boladı.

Oqıtıwshı yáki oqıwshılar qandayda bir adebiy kesheni ótkeriwge tayarlıq kóriya onı ótkeriwdiń áhmiyeti kemis emesligin ańlawları kerek. Eger, oqıwshılar «Ádebiyat qaǵıydaları» páni muǵállimi óz jumısın súyetuǵının hám átiraptaǵılardı óz entuziazmi menen máresimlerge qulshındıra alatuǵının bilse, onda hár qanday sabaqtan tıs jumıslar nátiyjeli boladı, muǵállim oqıwshılardıń qollap-quwatlawına erisedi.

Belgili metodist alım, prof. Á.Paxratdinov sabaqtan tısqarı jumıslardıń, tiykarınan, altı túri bar ekenligin belgilep beredi:

1. Klastan tısqarı jumıslar, klastan tıs oqıw.
2. Ádebiy dógerekler.
3. Hár qıylı oqıw konferensiyaları.
4. Metkepte ótkeriletuǵın kesheler hám ertelikler.
5. Hár qıylı sayaxatlar.
6. Diywalı gazetalar hám jurnallar jáne t.b.lar[66]

Biz magistrlik dissertaciya jumısımızda "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha oqıwshılar tereń bilim kónlikpelerin jáne de tereńlestiriw yáki rawajlandırıwları ushın olarǵa sabaqtan tısqarı jumıslardıń kútá zárúrligin esapqa alǵan halda usı máseleni usı baptıń eki bóliminde arnawlı úyreniwdi wazıypa etip belgiledik.

[66] Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, Билим, 2004, 217-бет

## III.1. Dógerek jumısların shólkemlestiriw

Házirgi dáwirde, bárimizge málim, jazıwshı hám shayırlarda, olardıń dóretiwshilik jolın, shıǵarmalarınıń poetikalıq dárejesin, ádebiy teoriyalıq máselelerdi, kórkemlik sırların oqıwshılar tek sabaqlıqlar yáki oqıwlıqlardan hám basqa da baspa sóz materialların oqıp ǵana biledi. Al, dóretiwshilik awqamınıń kishigirim bir forması bolǵan ádebiy dógerekler oqıwshılarǵa kórkem shıǵarmanı basqasha bahalawǵa, olardı joqarı poetikalıq kózqaraslar tárezisi menen ólshewge úyretedi. Oqıw maydanınıń keńeyiwi, oqıw sapasınıń joqarılawı, kórkem teksttiń mazmunına tereń kirip barıw hám onıń astarında qanday ullı ideyalar bar, áne solardı anıqlawda ádebiy dógereklerdiń xızmeti ayrıqsha. "... ádebiy dógerekler tómendegidey bolıp bir neshe túrlerge bólinedi:

1. Ádebiy tvorchestvolıq dógerek
2. Dramalıq dógerek
3. Kórkem oqıw yáki kórkemlep sóylep beriw dógerekleri...

**Ádebiy tvorchestvolıq dógerek**: ... ádebiy krujok (dógerek) tek ádebiyat páni ushın emes, al ol hámme pánler ushın tásir qılatuǵın dógerek, ádebiy dóretiwshilik dógerek ..., hámme pán pıdayıları ushın dóretiwshilik háreket, iskerlik kerek....

Bul dógerektiń óz aldına qoyǵan tiykarǵı eki wazıypası boladı:

Birinshi wazıypası, ... qaraqalpaq ádebiyatı muǵallimshiligi boyınsha tereń úyreniw.

Ekinshisi, oqıwshılar ózlerinshe ádebiy tvorchestvolıq isti barınsha rawajlandırıw kerek.

**Dramalıq dógerekler:** dramalıq dógerekler ... klastaǵı hám klastan tısqarı ótkeriletuǵın ádebiy materiallardıń tiykarında alıp barıladı. Dógerektiń islerin rawajlandırıw máselesinde oqıwshılarǵa keńnen belgili bolǵan tuwısqa xalıqlar shet el progressiı ádebiyatı, mádeniyatı materiallarınıń tiykarında, qaraqalpaq klassikalıq ádebiyatınan házirgi zaman qaraqalpaq ádebiyatı wákilleriniń shıǵarmalarınan, xalıq awızeki tvorchestvası boyınsha inssenirovkalar shólkemlestiriliwi oqıwshılardıń ádebiy jaqtan ósiwine járdem etiwine ótedi, oqıwshılar oqıwshılar dógereginiń jumısı arqalı kórkem ádebiyattıń ómir menen baylanıslı ekenin kóredi.[67]

Akademiyalıq liceylerde "Ádebiyat qaǵıydaları" páni ádebiyat pánleriniń barlıǵına tiyisli boyınsha oqıwshılardıń ózlestirgen bilimlerin rawajlandırıw ushın dógerek jumısların shólkemlestiriw kútá zárúr máselelerdiń biri.

---

[67] Сонда, 220-224-бетлер

Ádebiy dógerek jumısların shólkemlestiriwdıń áhmiyeti: "Oqıw-mine, eń jaqsı sabaq" degen edi ullı rus shayırı A.S.Pushkin. Jaslardı kitap oqıwǵa qızıqtırıw ushın ne islewimiz kerek? Oqıwshınıń oy-órisinde hám ruwxıy dúnyasında oqıwǵa degen qızıǵıwshılıqtı oyatıw ushın ádebiy dógerektegi qatnasıwshılarımızdıń emotsional qabıllawın rawajlandırıw kerek, oqıwǵa kitapqa bolǵan talabın ósiriw kerek. Oqıǵanların tereń túsiniw ádebiy dógerek aǵzaları ushın áne usı nárse áhmiyetli.

Ádebiy dógerekti dóretiwshilik awqam, dóretiwshilik birlespe assotsiatsiya dep biymálel aytıwımız múmkin. Pedagogikalıqkózkarastan qaraǵanda, bunday dóretiwshilik awqam. yaǵnıy ádebiy dógerek akademiyalıq liceyler ushın kútá kerek, sebebi, ol birinshiden, oqıwshılardı ádebiyatta ózlestiriwine unamlı tasir jasaydı, ekinshiden, kórkem shıǵarmada súwretlengen dáwir ruwxın ańlawǵa úyretedi.

"Ádebiyat qaǵıydaları" páninen ádebiy dógerek dúziwdiń wazıypaları bar:

- licey oqıwshıların "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha bilim tiykarları menen qurallandırıw;

- oqıwshıdaǵı ózlestirgen bilim bazasın rawajlandırıw uqıplılıǵın qáliplestiriw;

- oqıwshılardıń mádeniy-estetikalıq bilimlerin rawajlandırıw.

Ádebiy dógerektiń maqseti hám wazıypaları.

Ádebiy dógerektiń maqseti - belgili kórkem sóz sheberiniń ómiri hám dóretiwshiligi menen tanıstırıw, eń baslısı tiykarǵı ádebiyattanıw terminleri tereńlew úyreniw.

Wazıypaları - akademiyalıq liceyde ótilip atırǵan ádebiyat pánlerindegi jazıwshı hám shayırlardıń shıǵarmalarınan poetikalıq ózgesheligin úyreniw.

Bilim beriw.

- dúnyaǵa belgili hám ru, ózbek, qaraqalpaq, sonday-aq túrkiy tilles xalıqlar ádebiyatı wakilleriniń ómiri hám dóretiwshiligin úyretiw;

- qorkem shıǵarma maqsetlerin ádebiyat qaǵıydaları kózqarasınan izertlewge wyretiw;

- hár qıylı ádebiy sánelerdi ótkeriw ssenariyasın dúze alıw qábiletin qáliplestiriw.

Rawajlandırıw:

- oqıwshıda dúnyaǵa belgili jazıwshılardıń biografiyasın úyreniwge qızıǵıwshılıǵın rawajlandırıw;

- oqıwshıda shıǵarmalardı salıstırmalı úyreniw tájiriybesin rawajlandırıw;

- oqıwshınıń ssenalıq tájiriybelerin rawajlandırıw.

Tárbiya beriw:

- oqıwshıda ádebiy shıǵarman úyreniwde qızıǵıw sezimlerin tárbiyalaw;

- oqıwshıda kitaptı qásterlew tuyǵıların tárbiyalaw.

Kórkem shıǵarma teksti kóbinese avtordıń ómirbayanı menen baylanıslı boladı, sonlıqtan jazıwshı yáki shayırdıń úy muzeylerine barıw oqıwshılardıń ádebiy bilimniń tereńlesiwine ayrıqsha rol oynaydı. jazıwshı yáki shayırdıń, máselen T.Qayıpbergenov hám I.YUsupov ya bolmasa T.Jumamuratovtıń ómirindegi ayrıqsha waqıyalar tuwralı eske túsiriwler, úy muzeyindegi eksponatlar menen tanısıw, jazıwshı jasaǵan dáwirdiń mazmunın ańlatatuǵın zatlar oqıwshınıń jazıwshı shıǵarmalarındaǵı tekstke qaytadan janasa jantasıwǵa imkaniyat jaratadı. Máselen, I.YUsupovtın foto albomındaǵı súwretlerdi kóriw shayırdıń lirikalıq qosıqlarındaǵı teńewlerdi, epitetlerdi yamasa metaforalardı keńirek mazmunda túsiniwlerine jol ashıp beriwi múmkin, kitaplarında qozǵalǵan tematikaǵa hám súwretlengen ideyaǵa elede tereńirek názer salıwǵa úyretedi.

Ádebiy dógerekke aǵza oqıwshılardıń jazıwshınıń ómiri hám shıǵarmaları menen jaqınnan tanısıwı olardıń óz pikirleri menen saxnalastırılǵan kórinisler hám ádebiy viktorinalar tayarlawına úlken múmkinshilikler tuwdıradı.

Ádebiy dógerektiń pritsipleri.

Dógerektiń prinsiplerin tómendegiler quraydı:

- oqıwshılardı burınnan ózlestirilgen bilim qábiletke tiykarlanadı;
- oqıwshılardan individual ózgeshelikleri esapqa aladı;
- bilimlerdi ózlestiriw ushın qolaylı jaǵday jaratadı;
- sabaqtan tıs bilim beriw procesinde óz ara isenim hám adamgershilikli qatnastıń formaları hám metodları qollanıladı.

Rossiyalı metodist pedagoglardan biri N.V.SHevsovo ádebiy ádebiy dógereklerdiń wazıypaların tómendegishe altı túrde kórsetedi:

1. Oqıwshılardıń úyrenip atırǵan pánge qızıǵıwshılıǵın tereńlestiriw hám rawajlandırıw.
2. Oqıwshılardıń jeke psixologiyalıq minez-qulıqlardaǵı unamlı qásiyetlerin jetilistiriw hám rawajlandırıw.
3. Bilim xorın boyınsha
4. Tómen úlgeriwshi oqıwshılardan óz kúshine hám múmkinshiligin, isenimin tárbiyalaw
5. Ayrıqsha talantlı oqıwshılardı tabıw hám olardıń dóretiwshilik, individual wkıbın rawajlandırıw.
6. Oqıwshılardı kópshilik ushın islengen jumıslarına juwapkerilikli qatnas jasaw sezimlerin tárbiyalaw.[68]

---

[68] Шевцова Н.В. Рол внеклассной работá в формировании предметнáх компетенции учащихся и мотивации у изучению русского язáка и литературá. http://www.Подмосковье.рф/projects/18502

"Ádebiyat qağıydaları" pánine tiykarınan dúzilgen ádebiy dógerekke qızığıwshı akademiyalıq liceydiń qálegen oqıwshısı qatnasıwı múmkin.

"Ádebiyat qağıydaları" páninen dúzilgen ádebiy dógerektiń bilimlendiriw procesindegi ázine tánligin belgilep alamız.

Akademiyalıq licey ádebiy dógerekti shólkemlestiriwde ózbek metodist alımları X.Baltabaev, A.Kattabekov, W.Xayrullaev, D.Farmonov, B.Qasimov, H.YUldashevlar dúzgen "Adabiyot qoidalari fanidan tajribaviy wquv dasturi", H.Boboev islep shıqqan akademiyalıq liceyler ushın "Adabiyot qoidalari" oqıw qollanbası, B.Tóxlievtiń "Adabiyot wqitish metodikasi" qollanbası Q.Orazımbetov, M.Xudaynazarov hám G.Asenbaeva dúzgen "Akademiyalıq liceyler ushın "Ádebiyat qağıydaları" páninen úlgi alıw bağdarlaması" Á.Paxratdinovtıń "Pedtexnologiya tiykarları", J.Sagidullaeva hám J.Qaniyazova islep shıqqan "Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovacion texnologiyalar" oqıw qollanbası, N.Mambetovtıń "Ádebiyat teoriyası", Q.Járimbetovtıń "Ádebiyattanıwdan sabaqlar" miynetleri hám tağı basqalar basshılıqqa alınadı.

Ádebiy dógerektiń iskerlik xızmeti liceydegi 2-3-kurs oqıwshılardıń psixologiyalıq-fiziologiyalıq hám jas ózgesheliklerine sáykes dúziliwi talap etiledi. Ádebiy dógerektiń iskerligi jeke intellektual pikirlewshi oqıwshılardı tárbiyalawğa bağdarlanadı, hár bir oqıwshınıń uqıbı hám qábiletinen kelip shığıp, olardan ádebiy túsiniklerin rawajlandırıwda wazıypa etip belgileydi

Ádebiy dógerektńi jumısı basqıshlı, yağnıy ápiwayıdan quramalığa ótiw jolı menen alıp barıladı.Ádebiy dógerektiń jmus islew barısı dawamında júrgiziledi.Sonlıqtan tıs jumıstar menen shuğıllanıw hár háptede bir márte ótkeriledi, oğan 1 saat ájıratılıwı múmkin.Ádebiy dógerekte ótilgen kurslar oqıwshılardan jazıwshı hám shayırlardıń ómiri, olardıń shığarmalarınıń kórkemlik bayanı tuwralı bilimlerdiń jámlestiredi hám terńlestiredi, qaraqalpaq ádebiyatına bolğan súyispenshiligin arttıradı.Ádebiy dógerektiń jumısı oqıw-saatınıń kóleminen kelip shığadı.Hár temağa baylanıslı saat sanları anıqlanadı.Ádebiyatqa uqıbı bar, intellektual darejesi joqarı oqıwshılardan uqıbı yağnıy qábiletine qarap temağa tiyisli sorawlar kóbeyiwi yáki azayıwı múmkin.

Ádebiy dógerekte bilim beriwdiń forma hám metodları.

Ádebiy dógerek jumısların nátiyjeli júrgiziwdiń hár qıylı formaları bar.Barinen burın, toparlar menen alıp baratuğın usı dóretiwshilik jumıslar licey oqıwshılarınıń ádebiy teoriyalıq meteriallardı ózlestiriwine, ámeliy jumıs islew uqıbın hám kónlikpelerin qáliplestiriwde úlken járdem beredi. Sabaqtan tısqarı alıp baratuğın bilim beriwdegi bul pedagogikalıq process hár bir oqıwshığa individual qatnas jasaw prinsibine tiykarlanadı. Individual qatnastıń wazıypası - hár bir oqıwshınıń individual múmkinshiligin anıqlawdan, onıń ózgesheligin qáliplestiriwden ibarat.Individual qatnas oqıwshınıń ádebiyat qağıydasına tiyisli

teoriyalıq materiallardı nátiyjeli ózlestiriwine hám onıń dóretiwshilik uqıbınıń joqarı órlewine járdemin tiygizedi.

Ádebiy dógerek jumıslarınıń maqseti hám wazıypaların Rossiyalı metodist-pedagog N.A.Sitnikova tómendegishe bólip qarastıradı:

- jazıwshı hám shayrlardıń ómiri hám dóretiwshiligi menen tanıstırıw;
- dóretiwshishik jumıslar;
- ádebiy oyınlar, viktorinalar, KVN lar;
- ádebiy mazmunlı shıǵarmalar[69] kesheleri

Ádebiy dógerek jumıslarındaǵı forma hám metodlardıń báride biri-birine tásir jasaaydı hám kompleksli qollanıladı. Sáwbetlesiw, teoriyalıq túsinik beriw qusaǵan metodlar menen birge kórgizbeli-illyustrativli metodlar, muzey hám teatrlarǵa barıw, spektakl hám kinofilmlerdi tamashalaw, olardı analizlew usılları qollanıladı.

Ádebiy dógerektiń eń baslı maqsetleriniń biri - miflerdiń folklorǵa shekemgi, folklordan ertedegi túrkiy xalıqlar ádebiyatına shekemgi basqıshlardı, bul bashqıshlardıń tariyxıń, kórkemlik dárejesin, izbe-iz sistemalılıǵın úyreniw bolıp tabıladı. Hár qıylı dáwirlerdegi ádebiyatımızdıń gorizontal izbe-izligin úyreniw licey oqıwshılarınıń "Ádebiyat qaǵıydaları" boyınsha ózlestirgen bilimlerin tereńlestiredi. Ádebiy dógerektegi usı ayrıqsha atap ótilgen maqset hám wazıypalar "Ádebiyat qaǵıydaları" boyınsha bilim alıp atırǵan oqıwshılardı óz dóretiwshilik stiline iye jazıwshılardıń shıǵarmaların tereń túsiniwine hám pútin bir ádebiy procestegi, poetikadaǵı, ádebiy jonelislerdegi nızamlılıqlardı analizlew uqıbınıń qáliplesiwine, rawajlanıwına unamlı tiykar jasap beredi.

Akademiyalıq liceylerde gi "ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıwshı muǵallim ádebiy dógerekte alıp baratuǵın jumıslarınıń kalendarlıq-tematikalıq jobasın islep shıǵıwı hám onı licey direksiyası tarepinen tastıyıqlap alǵanı maqul boladı. (Biz úlgi sapıtanda ádebiy dógerektin atın "Altın qálem" dep qoydıq). Ol tómendegishe kóriniste bolıwı múmkin:

[69] Ситникова Н.А. Рабочая программа литературного программа. https://www.google.com/search?g

**Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti qasındağı №1-sanlı akademiyalıq licey**

| **"Kelisildi"** | **"Tastıyıqlayman"** |
|---|---|
| Berdaq atındağı QMU qasındağı №1-sanlı akademiyalıq liceydiń oqıw - metodikalıq keńesiniń baslığı: ______________ "05" avgust 2018-jıl | Berdaq atındağı QMU qasındağı №1-sanlı akademiyalıq liceydiń direktorı: ______________ "05" avgust 2018-jıl |

**"Altın qálem" ádebiy dógereginiń kalendarlıq-tematikalıq jobası**

**Dúrgen**: "Ádebiyat qağıydaları" páni oqıtıwshısı Paxratdinova Aruxan

| № | Ádebiy dógerekte orınlanatuğın jumıslardıń ataması | Saat sanı | Sáneleri | Ańlatpa |
|---|---|---|---|---|
| 1 | Kirisiw. Ádebiy dógerektiń maqset hám wazıypaları menen tanısıw. "Ádebiyat qağıydaları" pánine baylanıslı miynetler menen tanısıw | 2 | 07.09<br>04.09 | |
| 2 | "Miflar atawına sayaxat" oyını | 1 | 21.09 | |
| 3 | Qaraqalpaq awızeki ádebiyatı janrları | 1 | 28.09 | |
| 4 | "Dilwar qızlar hám sheshen jigitler" oyını | 2 | 10.10 | |
| 5 | Qaraqalpaq jıraw hám baqsıları tuwralı hújjetli film tamashalaw | 1 | 17.10 | |
| 6 | "Troplar" temasına "SHayır hám teoretik" oyını | 1 | 24.10 | |
| 7 | Berdaq hám Ájiniyaz poeziyasına arnalğan ádebiy keshe | 1 | 31.10 | |
| 8 | Poeziya bağına sayaxat | 1 | 07.11 | |
| 9 | XX ásir qaraqalpaq ádebiyatına ekskursiya | 1 | 14.11 | |
| 10 | XXI ásir qaraqalpaq ádebiyatında kórkemlik izlenisler | 1 | 21.11 | |
| 11 | Teńew hám epitet. "Portret hám peyzaj mısallarında dáslepki | 1 | 28.11 | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | qádemler" | | | |
| 12 | Metonimiya hám sinekdoxa "Lirika pasılları" oyını | 1 | 04.12 | |
| 13 | Metafora. "Aysberg sirlari" oyını | 1 | 11.12 | |
| 14 | I.YUsupov tuwralı filmdi tamashalaw | 1 | 18.12 | |
| 15 | T.Qayıpbergenov haqqında film tamashalaw | 1 | 09.01 | |
| 16 | Kórkem súwretlew usılları. Ritorika tuwralı oyın | 1 | 16.01 | |
| 17 | Poetika tuwralı oyın | 1 | 23.01 | |
| 18 | Jazıwshılardıń ómiri hám dóretiwshiligi tuwralı "Kim? Ne? Qashan? Qay jerde?" viktorinası | 2 | 30.01 | |
| 19 | Teatrda spekttakl koriw hám analizlew | 2 | 06.02 | |
| 20 | "Báhár tamshıları" jurnalın dúziw | 4 | 13.02 | |
| 21 | Licey jas talanlarınıń qosıqların analizlew | 2 | 20.02 | |
| 22 | Gúrrińlerin analizlew | 2 | 27.02 | |
| 23 | Ssenariylerin talqılaw | 2 | 07.03 | |
| 24 | SHayırlar menen ádebiy keshe ótkeriw | 2 | 14.03 | |
| 25 | Jazıwshılar menen ádebiy keshe ótkeriw | 2 | 21.03 | |
| 26 | Dramaturgler menen ushırasıw | 2 | 05.04 | |
| 27 | Xudojnikler, kompozitorlar, qosıqshı hám aktyorlar menen ushırasıw | 3 | 12.04 | |
| 28 | Qaraqalpaqstan Jaslar awqamındaǵı dóretiwshiler seksiyası jumıslarına qatnasıw | 2 | 19.04 | |
| 29 | Qaraqalpaqstan Jaslar awqamı dóretiwshileri menen ushırasıw | 2 | 26.04 | |
| 30 | Kórkem oqıw | 3 | 06.05 | |
| 31 | Men súygen shıǵarma. Poetikalıq saat. Belsendi oqıwshılarǵa maqtaw jarlıqların tapsırıw. Juwmaq. Kelesi oqıw jılına tayarlıq | 4 | 13.05 | |

**Kalendarlıq-tematikalıq jobanıń mazmunı.**

Tema 1. Kirisiw.

"Ádebiyat qaǵıydaları" páni - kórkem shıǵarmanıń koetikasın úyrenetuǵın pán. "Altın qálem" ádebiy dógeregi - jaslardıń doretiwshilik awqamı. Evropa, Rossiya, Ózbekistan Ádebiyatshılarınıń miynetleri - ruwxıy mádeniy ǵáziyneleriniń úlken bir tarawı.

Tema 2."Mifler atawına sayaxat" oyını.

Mif.Mifler tuwralı túsinik.Mifologiya.Áyyemgi Gretsiya qudayları.Áyyemgi Gretsiya mifleri hám legendaları.

Tema 3.Qaraqalpaq áwızeki ádebiyatı janrları.

Folklor.Awızeki ádebiyat tuwralı túsinik.Folkloristika.Qaraqalpaq folklorı.Awızeki ádebiyattıń kishi, ortasha hám úlken janrları.

Tema 4."Dilwar qızlar hám sheshen jigitler" oyını.

Aytıs.Aytıslar hám olardıń túrleri.Aytıslardın kórkemlik hám tárbiyalıq áhmiyeti.

Tema 5.Qaraqalpaq jıraw hám baqsıları.

Jıraw - ǵobız benen jırlaydı.Baqsı - qosıq hám dástanlardı duwtar menen atqaradı.Telekórsetiw, dástanlar haqqında.Hújjetli film kóriw.

Tema 6. "Troplor" temasına "SHayır hám teoretik oyını"

"SHayır hám teorekit" temasına ssenariy jazıw hám analizlew.

Tema 7.Berdaq hám Ájiniyaz poeziyasına arnalǵan ádebiy keshe.

Berdaq hám Ájiniyaz shıǵarmaların kórkem oqıw.Nama qosıqların atqarıw, analizlew.

Tema 8. "Poeziya baǵına sayaxat" Ádebiy viktorina

Poeziya.Poeziya tuwralı túsinik.Lirika, lirikalıq poema, liroepikalıq poema, lirodramalıq poema.

Tema 9.XX ásip qaraqalpaq ádebiyatına ekskurs.

XX ásir qaraqalpaq ádebiyatı: lirika, epika, drama. Ádebiyattanıw: ádebiyat tariyxı, teoriyalıq, kritikası.

Tema 10.XXI ásir qaraqalpaq ádebiyatında kórkemlik izlenisler.

Ǵárezsizlik: ekonomika, siyasat, mádeniyat, tariyx, ádebiy jónelistegi jańa kózqaraslar. Lirika, epika, drama, ádebiyattanıw ilimi.

Tema 11.Teńew hám epitet.Portret hám peyzaj mısallarında daslepki qádemler.

Teńew hám epitet haqqında túsinik.Kórkem súwretlew quralları.Poziya hám proza tili."Ózim dóretemen.Ózim portret hám peyzajdı súwretleymen".Oqıwshı ózi dóretedi.

Tema 12.Metonimiya hám sinendoxa."Lirika pasılları" oyını.

Metonomiya hám sinendoxa.Belgili shayırlar poeziyasında kórkem súwretlew quralları.Dástúriy metonomiya hám sinendoxa.Dártúr hám jańashıllıq.

Tema 13.Metafora."Aysberg sırları" oyını.

Metafora tuwralı túsinik. Klassikalıq ádebiyat hám dástúriy metafora.Jazba ádebiyattıń rawajlanıwı.Metafora - shayır doretiwshiliginiń ózgesheligin belgileydi.Aysbergtiń tiykarǵısırlı mazmunı - suw astında.Kózge kórinbeytuǵın mazmun.

Tema 14.I.YUsupovtuwralı filmdi tamashalaw.

I.YUsupovtıń úy muzeyi. Arxiv materialları: radio, televidenie, konyuktura, ilimpazlardıń jazıwları. Film kóriw, analizlew.

Tema 15.T.Qayıpbergenov haqqında film tamashalaw.

T.Qayıpbergenovtıń úy muzeyi.Arxiv materialları.Filmdi tamashalaw hám analizlew.

Tema 16.Kórkem súwretlew usılları. Ritorika tuwralı oyın.

Figuralar: inversiya, parallelizm, gradaciya, qaytalaw, tuwralı túsinik. Poeziyalıq, prozalıq, dramalıq shıǵarmalarda qollanılıwı. Ritorika - sheshenlik ilimi. "Men oratorman" oyını.

Tema 17.Poetika tuwralı oyın.

Poetika tuwralı túsinik.Poetika, teoriya hám ámeliyat.Awızeki sóz sheberi hám jazba sóz sheberi tuwralı túsinik.Kórkem sóz sheberi tuwralı."Men jazba kórkem sóz sheberimen" oyını.

Tema 18.Jazıwshılardıń ómiri hám dóretiwshiligi tuwralı. "Kim? Ne?Qashan?Qay jerde?" viktorinası.

Jazıwshı biografiyası.Jazıwshı dóretiwshiligi. Talant, bilim, ómirlik tájiriybe: poeziya, proza, spektakl.

Tema 19.Teatrda spektakl kóriw hám analizlew.

Teatr hám dramaturgiya tuwralı túsinik.Drama, teledrama, radiodrama.Esitiw, kóriw, esitiw hám kóriw.Monolog, dialog, háreket.Dramalıq shıǵarmanı analizlew.

Tema 20."Báhár tamshıları" jurnalın dúziw.

Gazeta, jurnal, kitap tuwralı túsinik.Material jıynaw, oqıp analizlew, redaktorlaw.Rediolllogiya, redaktor, poeziya, proza, drama bólimleri, korrektor.Internet jurnalı h.t.b.

Tema 21.Licey jas talantlarınıń qosıqların analizlew.

Jas talant.Originallıq, kórkemlik.Qosıq qurılısı, mazmunı hám forma, tema hám ideya, kórkemlik.

Tema 22.Gúrrińlerin analizlew.

Epikalıq kishi janr.Mazmun hám forma.Tema hám ideya.Syujet hám kompoziciya.Konfliment hám xarakter.Obraz.

Tema 23.Ssenariylerin talqılaw.

Ssenariya tuwralı túsinik.Licey oqıwshılarınıń jazıwshı hám dramaturglardıń shıǵarmaları boyınsha jazǵan ssenariyleri menen tanısıw. Jane óz qálemine tiyisli bolǵan ǵárezsizlik, nawrız, 8-mart, jańa jıl qusaǵan sánelerge jazǵan ssenariylerin analizlew.

Tema 24.SHayırlar menen ádebiy keshe ótkeriw.

J.Izbasqanov, S.Ibragimov, M.Jumanazarova, P.Mırzabaeva doretiwshiligi.Stal.Ádebiy keshe.Soraw hám juwapler.Sáwbetlesiw.

Tema 25.Jazıwshılar menen ádebiy keshe ótkeriw.

K.Allambergenov, O.Ábdiraxmanov, A.Ábdiev, M.Tawmuratov, A.Sultanov, K.Allambergenov dóretiwshiligi.Gúrriń, novella, povest, roman.

Tema 26.Dramaturgler menen ushırasıw.

O.Ábdiraxmanov, M.Nızanov, S.Jumagulov, Q.Mámbetmuratov, K.Allambergenovtıń dramalıq shıǵarmaları.Diskussiya, kózqaraslar, pikirler.Dramaturgiyanıń házirgi jaǵdayı.

Tema 27.Xudojnikler, kompozitorlar, qosıqshı hám aktyorlar menen ushırasıw.

Súwretlew óneri: Muzıka. Teatr akterı.Kino aktyor.h.t.b. Músinshilik óneri.

Tema 28.Qaraqalpaqstan jaslar awqamındaǵı dóretiwshiler seksiya jumıslarına qatnasıw.

"Biz jaslar ullı keleshekti qurıwshılarmız" súreni astında ushırasıw ótkeriw.Dóretiwshi jaslar menen sáwbetlesiw.

Tema 29.Qaraqalpaqstan Jaslar awqamı dóretiwshileri menen ushırasıw.

Poeziya, proza, dramaturgiya hám ádebiyattanıw seksiyalarınıń jumıslarına qatnasıw.

Tema 30.Kórkem oqıw.

Kórkem oqıw ttuwralı túsinik.Tásirli oqıw haqqında.Poeziyalıq shıǵarmanı kórkem oqıw.Prozalıq shıǵarmanı oqıw.Dramalıq shıǵarmanı oqıw.

Tema 31.Men súygen shıǵarma.Poetikalıq saat.Belsendi oqıwshılarǵa maqtaw jarlıqların tapsırıw.Jwwmaq.Kelesi oqıw jılına tayarlıq.

Kútiletuǵın nátiyje.

Sabaqtan tısqarı jumıslardıń biri "Altın qálem" ádebiy dógeregine qatnasıwshılar.

- tiykarǵı ádebiyattanıw terminlerin tereń ózlestiriwi;
- jazıwshı hám shayırlardıń ómiri hám dóretiwshiligi tiykarǵı basqıshlardı bilip aladı (oqıw jılı dawamında úyrenilgen);
- kórkem shıǵarma jazıwdıń tiykarǵı prinsiplerin úyreniwi;

jıl dawamında úyrenilgen ádebiy shıǵarmalardıń mazmunın bilip alıwı kerek.

Ádebiy dógerekke qatnasıwshılar:

- ádebiy shıǵarma tekserilip analizley alıwı;
- kórkemlik sırları boyınsha referat jumısların, maqalalar jaza alıwı, ssenariyler islep biliwi;
- úyrenilip atırgan teması boyınsha ádebiy hám ilimiy material tańlay biliwi kerek.

"Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha Ádebiy dógerek shólkemlestirilip kalendarlıq-tematikalıq jobası sol pán ótiletuǵın akademiyalıq liceyde islep shıǵılıwı zárúr.Jobanı dúzgende belgili dúnya júzlik rus, ózbek, sonday-aq qaraqalpaq metodistleriniń, ádebiyatshı teoretikleriniń ilimiy miynetlerindegi kózqaraslar basshılıqqa alınǵanı maqul boladı.

Juwmaqlap aytqanda, akademiyalıq liceylerde ádebiy dógereklerdi shólkemlestiriw hám oǵan interaktiv usıllardı engiziwde eń daslep hár tárepleme oylanılǵan, puxta kalendarlıq-tematikalıq joba islep shıǵılıwı aqılga muwapıq boladı. Sapalı dúzilgen tematikalıq joba ádebiy dogerek jumıslarınıń nátiyjeli bolıwın támiynleydi.Bul óz gezeginde "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha ótiletuǵın temalardıń nátiyjeliligine kúshli tásirin tiygizedi.

## III.2. Konferensiyalar, kitapxanalarǵa, muzeylerge hám teatrlarǵa sayaxatlar shólkemlestiriwdiń áhmiyeti

Akademiyalıq liceylerde sabaqtan tısqarı jumıslarǵa ádebiy dógerek penen birge konferensiyalar ótkeriw, oqıwshılardı kitapxanalarǵa, muzeyler hám teatrlarǵa sayaxatlarǵa alıp barıwda kiredi. Sabaqtan tıs jumıslardıń bul túrleri de "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıwshılardıń ózlestiriwin belgileydi.

Konferensiya degen sóz latın tilinen (cconfero - bir jerge jıynayman) kirip belgen bolıp, izertlewshi alımlardıń, studentlerdiń óz ilimiy jumısların kópshiliktiń dıqqatına usınıwı hám talqılawı. Konferensiya degen sózdiń hújjetlerdegi eń dáslepki kórinisi biziń eramızǵa shekemgi 416-jıllarǵa tiyisli. Afinalı tragik Agafonnıń báziminde oǵan qatnasqan doslarınıń hár qaysısı muxabbat qudayı Erotqa baǵıshlap monolog formasında sóz sóylegen. Áyyemgi konferensiyalarǵa qalanıń abıroylı adamları qatnasqan. Konferensiyanıń, tiykarınan úsh túri bar: birinshisi: ilimiy-teoriyalıq, bunda pitken jańa jumıslar, izertlewler, ashılıwlar hám statistikalıq maǵlıwmatlar h.t.basqaralr dodalanılǵan. Ekinshisi - ilimiy-praktikalıq, bunda sózge shıqqanlar óz bayanatların talqılanıp atırǵan ulıwma temaǵa ya bolmasa óz kásiplesiniń izertlewine óziniń jeke kózkaraslarına tiykarlanǵan halda islep shıǵardı. Úshinshiden - ilimiy texnikalıq,

bunda studentler hám oqıtıwshılar belgili bir óndiris kompaniyanıń wákilleri menen isbilermenlik sóylesiwler ótkergen.

Al, akademiyalıq liceylerde ótkeriletuǵın konferensiyalar bunday quramalı wazıypalardı moynına alalmaydı. Orta oqıw orınlarındaǵı konferensiyalardıń tiykarǵı maqseti - oqıwshılardıń "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen alǵan bilimlerin jáne de tereńlestiriwden ibarat.

Pán muǵallimi konferensiya shólkemlestiriw ushın liceydegi ádeyuiyat muǵallimleri hám licey oqıwshıları menen oylasqan halda dáslep konferensiya ótkeretuǵın orında, formatta hám reglamentti belgilep alıwları zárúr. Bunnan soń konferensiyaǵa qatnasıwshılarınıń keliwin soraǵan miratnama tayarlanıwı kerek, bul xatqa konferensiyanıń ulıwma mazmunı boyınsha maǵlıwmatlar keltiriledi. Tayarlanǵan xat tiyisli orınlarǵa jiberiledi.

Prof. Á.Paxratdinovtıń miynetinde "Biziń Qaraqalpaqstan Respublikasında mektepler turmısında (licey hám kolledjlerde - A.P.) jazıwshılardıń shıǵarmaları boyınsha oqıw konferensiyaların ótkeriw dástúrge aynalǵan[70]lıǵına dıqqat awdaradı hám múmkin bolǵanınsha konferensiyalarda kóbirek oqıwshılar jámiyetshiligine keńnen belgili bolǵan jazıwshı-shayırlardıń shıǵarmaları menen ótkergen jaqsı boladı" degen tilek bildiredi. Sonıń menen birge, bunday jazıwshılarjıń úlgisi sıpatında M.Aymurzaevtiń, K.Sultanovtıń, A.Bekimbetovtıń romanların, G.Esemuratova, SH.Seytov, Á.Paxratlinovtıń povestlerin, Abbaz Dabılovtıń, Sadıq Nurımbetovtıń dástanlıq shıǵarmaları boyınsha oqıw konferensiya ótkeriwge boladı, dep tilge aladı. Biziń oyımızsha, bulardıń qatarında Ózbekstan qaharmanları, shayır I.YUsupov hám T.Qayıpbergenovtıń poeziyalıq hám prozalıq dóretpeleri orın alsa, kútá maqul boar edi. Sebebi, bul eki ullı kórkem sóz sheberiniń shıǵarmaları tek ǵana Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan emes, al pútkil Oraylıq Aziya jane túrkiy tilles, sonday-aq burıngı awqam kólemindegi xalıqlar ádebiyatı maydanında abıroylı orınǵa iye ekenligi málim.

Usıǵan qosımsha ádebiyat teoriyasına tiyisli miynetler boyınsha da oqıw konferensiyalar ótkerilse aqılga muwapıq keledi. Bunday pikirge keliwimizdiń sebebi sonda, konferensiya "Ádebiyat qaǵıydaları" paninde ótilgen temalarǵa baylanıslı ótkeriledi.

Dáslep konferensiyaǵa tayarlıq kóriledi. tayarlıq liceydin oqıwshıları menen birge ámelge asırıladı. Oqıwshılardıń konferensiyanı shólkemlestiriwge qatnasıwı olarjıń kollektiv bolıp islew uqıbın jetilistiredi. Konferensiyaǵa tayarlıq máselesi kútá aktual basqıshlardan esaplanadı.

Konferensiyaǵa tayarlıq birneshe basqıshlardı óz ishine aladı:

---

[70] Пахратдинов Ә. Қарақалпақ әдебияты оқытыў методикасы. Нөкис, Билим, 2004, 226-бет.

- Konferensiyanıń jobasın dúziw;
- Ǵárejet máselelerin kelisip alıw;
- Konferensiya otkeretuǵın orındı tańlaw;
- Konferensiya ótkeriw tártibin islep shıǵıw;
- Konferensiyaǵa jazıwshı hám alımlardı shaqırıw.

Konferensiya degenniń ózi, bárinen burın belgili bir tıńlawshılar toparına qanday da bir problemanı alıp shıǵıw hám onı ilimiy tiykarlap sheship beriw bolıp tabıladı.Eger "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha konferensiya ótkeriletuǵın bolsa, álbette onıń tiykarǵı tıńlawshılar toparın licey oqıwshıları boladı.Licey oqıwshıların konferensiyaǵa qatnastırıwǵa tartıw massalıq xarakterge iye bolıwı kerek.Konferensiya tuwralı xabarlar basqa liceyyáki kolledjdlerge pán ótiletuǵın akademiyalıq liceyden tarqatılıwı lazım.

Akademiyalıq liceyde sabaqtan tısqarı konferensiya sapalı ótiwi ushın konferensiyanı shólkemlestiriwshiler, konferensiyanıń iskerlik kólemi, ótkeriliw ornı anıq belgileniwi talap etiledi.

Konferensiyanı shólkemlestiriwshileri "Ádebiyat qaǵıydaları" páni oqıtıwshısı hám licey oqıwshıları, liceydiń oqıw-metodikalıq kenesi, ádebiyat kafedrası bolıwı múmkin, biraq eń baslısı konferensiyanı shólkemlestiriwdiń basında tájiriybeli metodist muǵallim jetekshilik etiwi kerek.

Konferensiya formaları.

Ilim hám bilim texnologiyası rawajlanǵan dáwirde konferensiyaótkeriwdiń túrleri kóbeymekte.XXI ásirde solardıń, kóbinshe, eki forması: kúndizgi hám sırtqı forması ámelde qollanıladı. Olardıń hár qaysısınıń jetiskenligi de kemshiligi de bar.Kúndizgi format barlıq qálewshi adamlardıń bir jerde jıynalıp ortaǵa qoyılǵan temanı tıńlawǵa hám rawajlandırıwına imkaniyat jaratadı.Olar biri-biri menen tanısıwı, sorawlar beriwi hám ózara pikirlse aladı.Biraq, konferensiyaǵa hár qıylı ob'ektiv hám sub'ektiv sebeplerge baylanıslı olardıń bazı birewleri kele almawı múmkin.

Sırtqı konferensiyanıń ulıwma tárepi - bul máresimge onlayn rejimi arqalı qatnasıw múmkinshiligi boladı, yaǵnıy qatnasıwshılardıń bayanatları qaysı jerde ótiwi yáki jasawına qaramastan arnawlı saytta járiyalanadı.Sırtqı konferensiyada bul máresimniń ótkeriliwine kóp qarejet jumsalmaydı, basqa akademiyalıq liceyyáki mekteplerden qálewshilerdiń viza alıwında problemalar bolmaydı.Qala ishindegi basqa liceylerdiń oqıwshıları oqıw ornındaǵı sabaqtı mekemedegiler jumısların taslap kete almaw qıyınshılıqlarına duwshar bolmaydı.

Konferensiya ótkeriletuǵın orın.

Konferensiya otkeriw tártibi dúzilgende oǵan keletuǵın tıńlawshılardıń sanın anıqlaw zárúr.Akademiyalıq liceyde ótkeriletuǵın konferensiyaǵa rayon yáki qala ishindegi mekteplerdiń, licey hám kolledjlerdiń pán muǵallimleri hám ádebiyatqa qızıǵatuǵın ásirese, ádebiy dóretiwshilik penen shuǵıllanatuǵın oqıwshılar shaqırıladı.Konferensiyaǵa qatnasıwshılardıń sanı dál anıqlanǵan soń, ótkeriletuǵın suditoriya yáki zal belgilenedi. Hár bir oqıwshı hám onıń menen kelgen adam otıratuǵın orınlıq penen támiynleniwi zárúr.

Konferensiya ótkeriletuǵın zaldıń yáki auditoriyanıń akustikası jaqsı bolıwı talap etiledi, sebebi, konferensiyanıń tiykarǵı maqseti jazıwshı hám shayırlardıń poetikalıq sheberlik sırların "Ádebiyat qaǵıydaları" pánine tiykarlana otırıp, qatnasıwshılarga anıq jetkeriw bolıp tabıladı. Minrofonda sóze shıqqan oqıwshınıń dawısı aldıngı qatarlar sıyaqlı keyingi qatarlarǵa da anıq esitiliwi kerek.

Konferensiya ótkeriletuǵın auditoriyanıń jaǵdayı:

- ishi keń bolıwı;
- jaqtılıq dárejesi jaqsı;
- sapalı dizaynda remontlenǵan;
- eden hám diywallarında jarılǵan jerler bolmawı;
- elektr lampaları kewildegidey;
- taza hám azada bolıwı;
- saxnası bar bolıwı hám ses beriwshi texnikalar, kompyuter hám noutbukler, videoproektorlar ushın razetkalar sanı jetkilikli bolıwı lazım.

Konferensiya reglamentin hám informatsiyalıq hám konferensiya shólkemlestiriwshilerdiń eń tiykarǵı hújjetlerinen esaplanadı.Reglamentte knferensiya ótkeriwdiń tiykarǵı tártip hám shártleri, onıń etapları, shıǵıp sóylewshi oqıwshılardıń jaylastırıw tartibi, arza beriwlerdiń múddeti kórsetiledi.

Reglamentte konferensiyaǵa qatnasıwshı oqıwshılardan tańlap alınǵanlarınıń dizimi jazıladı.

Informatsiyalıq xat licey oqıwshılarına, sonday-aq, qala ishindegi geypara ádebiyatqa qızıǵıwshı mektep, licey hám kolledj oqıwshılarına da tarqatılıwı múmkin.xátteki konferensiyalıq tematikası, ótkeriw tártibi kórsetiledi.

Informatsiyalıq xatta kórsetiliwi tiyis nárseler:

- konferensiyanıń maqseti hám wazıypaları;
-konferensiyada analizlenetuǵın másele (mıs: "I.YUsupovtıń poeziyasında dóretiwshilik fantaziyanıń kórkemlik áhmiyetin úyreniw" teması);
- konferensiya ótkeriwde qollanılatuǵın til (ózbek hám qaraqalpaq yáki rus tilinde h.t.b.);
- konferensiya forması (kúndizgi yáki sırtqı);
- konferensiyaǵa qatnasıwshılardıń arzasınıń shablonı (úlgisi)

"Ádebiyat qağıydaları" paninde ótilgen temalardı oqıwshılardıń ózlestiriwin rawajlandırıwda konferensiyağa qosımsha licey oqıwshıların kitapxanalarğa, muzeylerge hám teatrlarğa sayaxatqa alıp barıwlardı shólkemlestiriw úlken xızmet atqaradı.Bunday sayaxatlardı shólkemlestiriwde pán oqıwshısı ózi oqıtatuğın topar oqıwshılarınıń hámmesin aktiv qatnastırıwğa erisiwi kerek. Oqıwshılar bunnan burın ótilgen temalar boyınsha ózlerinshe jeke planda mağlıwmatlar jıynap, 5-7 minut átirapında bayanat jasawğa tayarlanadı. Mağlıwmat jıynawshı oqıwshılar óz bayanatların qızıqlı hám tereń mazmunlı etip ótiwde zamanagóy texnikalıq úskenelerden, kórgizbeli qurallardan, kitaplardan, gazeta hám jurnallardan, súwretler hám plakatlardan, videoroliklerden, videofilmlerden, internet mağlıwmatlarınan paydalanıwları múmkin.Sayaxatqa shıǵıulardan burın islenetuğın bunday jumıslar olarğa qatnasıwshı licey oqıwshılarına berilip atırğan informatsiyalarğa qızığıwshılıq arttıradı hám olardı aktiv qatnasıwshılarğa aylandıradı. Bunnan soń jazıwshı yáki shayırlardıń úy kitapxanalarına, qalalıq, respublikalıq ya bolmasa joqarı oqıw orınnları bolğan universitet hám institut, sonday-aq Ózbekstan Ilimler Akademiyasınıń Qaraqalpaqstan bólimi bibliotekalarına, Qaraqalpaqstan úlke tanıw, Savitskiy atındağı mámleketlik kórkem óner muzeylerine, Jas tamashagóyler teartına, Berdaq atındağı Qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzıka teatrına, quwırshaq teratrına sayaxatqa barğanı maqsetke muwapıq boladı. Pán oqıtıwshısı topar oqıwshılarınıń hámmesin sayaxatlardı shólkemlestiriw islerine tartıwı kerek.SHólkemlestiriw islerin ózi basqarıp baradı, kitapxana, muzey hám teatr xızmetkerleri menen tığız dóretiwshilik baylanıs jasawı talap etiledi.SHólkemlestiriw jumıslarında licey oqıwshıları atqaratuğın wazıypalar aqılğa muwapıq bólistiriledi.Bunday sayaxatlarğa oqıwshılardıń ata-anaları da mirát etilip qatnastırılsa onıń nátiyjeliligin arttıradı.Kitapxana, muzey hám teatrlarğa barıwlardan soń topar oqıwshıları menen alğan tásirleri boyınsha sáwbetlesiwler ótkeriledi.Sáwbetlesiwdiń derekleri kitapxana, teatr hám muzeylerden alğan ádebiy shığarmağa hám onıń teoriyalıq máselelerine tiyisli oqıwshılardıń óz kúshi menen toplağan materialları boladı.Olar anıq, dáliylli ham nızamlı bolıwı kerek.Sáwbetlesiwge materiallardı tayarlawda tema boyınsha beriletuğın sorawlardı puxta oylap, tayarlap qoyıw kerek. Sorawlardıń bazı birewleri dálillerge hám faktlerge, geyparaları salıstırıwlarğa, al bazıları bolsa, anıq pikir bildiriwge qaratılgan bolıwı maqsetke muwapıq boladı. Sáwbetlesiwdi "Ádebiyat qağıydaları" páni oqıtıwshısı hám topardağı eń ziyrek oqıwshılar ishinen saylap alınğan 1-2 járdemshiler birlikte alıp barğanı maqul boladı.Olar sáwbetlesiw procesinde soraw beriwler arqalı oqıwshılardı aktivlestiriwge háreket qıladı.Oqıwshılarğa soraw beriwler sáwbetlesiwge sebep bolğan tema boyınsha olardıń jáne qanday

túsiniklerge iye ekenin anıqlaydı.Kitapxanalarǵa, muzeylerge, teatrlarǵa sayaxat etiw nátiyjesinde álınǵan ádebiy teoriyalıq maǵlıwmatlar, júzege shıqqan kózqaraslar hám pikirler oqıwshılar menen birgelikte ulıwmalastırıp juwmaqlanadı.

Juwmaqlap aytqanda "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha sabaqtan tıs jumıslardıń aktivlesken izbe-izligi oqıtıwdıń teoriyalıq hám ámeliy dawamıylıǵın tolıqtıradı.Onıń tiykarǵı wazıypası licey oqıwshılarınıń sabaqtan tısqarı waqıt dawamında ózin-ózi tárbiyalaw hám jámiyetlik paydalı dóretiwshilik jumıs penen shuǵıllanıwı ushın aqılǵa muwapıq bólistiriwge járdem beredi. Oqıwshılaardıń sabaqtan tısqarı jumıslardaǵı aktivligi olardıń ádebiy teoriyalıq kóz qaraslarınıń rawajlanıwına, keleshekte alatuǵın qánigeligi boyınsha uqıplılıq qásiyetleriniń qaliplesiwine, óz betinshe bilim alıw kónlikpelerin iyelewine, hár bir oqıwshınıń uqıbı, qızıǵıwı hám umtılıslarınıń rawajlanıwına, oqıwshılardıń bos waqıtların ónimli paydalaanıwına, mádeniy dem alıw jumısların shólkemlestiriw uqıbın tereńlestiriwge járdemin tiygizedi.

## Juwmaqlaw

Házirgi waqıtta úzliksiz bilim beriw sistemasında jeke insannıń ilim hám bilim jağınan qáliplesiwi máseleleri boyınsha sorawlarğa juwap beriw, úzliksiz bilim beriw sistemasında iskerlik qılıp atırğan pedagoglardıń usı bağdardağı kónlikpe hám kásiplik dárejesin joqarılatıwğa qaratılğan ámeliy kórsetpeler beriw, bilimlendiriw ham tárbiya procesinde jańa pedtexnologiyalardan paydalanıw metodların prezentaciya qılıw, olarda treningler hám ashıq sáwbetlesiwler ótkeriw, sonday-aq, sabaqlardı jeke, juplıq, kishi toparlar hám kollektivlik túrde shólkemlestiriw hám ótkeriw, sonday-aq, oqıwshılardı tárbiyalıq islerge tartıw máselelerine arnalğan metodikalıq usıllardı, ilimiy juwmaqlardı hám másláhátlerdi pedagog kadrlarğa jetkeriw kún tártibindegi áhmiyetli máseleleriniń birinen esaplanadı.

Qaraqalpaq akademiyalıq liceylerinde ádebiyat pánleri qatarında "Ádebiyat qağıydaları" pani de ótilmekte.Biraq, bilimlendiriw tarawındğı sońğı ózgerislerge baylanıslı bul pánge bolğan dıqqat azayıp baratırğanı sezilmekte.Sebebi, pútkil elimizde Orta arnawlı, kásip-óner bilimlendiriw tarawındağı akademiyalıq liceyler hám kolledjlerdiń iskerliginde elewli qısqartıwlar ámelge asırılmaqta.Usınday ózgerislerge baylanıslı "Ádebiyat qağıydaları" páni akademiyalıq liceylerde gi sabaq kestelerinen ulıwma alıp taslanıw qáwpi payda bolmaqta.Barimizge belgili, ádebiyat hár qanday insannıń ruwxıy dúnyasın joqarı kamillekte tárbiyalaydı."Kámillikti árman etpegen, bárkamal áwladlardı tárbiyalaw haqqında qayğırmağan xalıqtıń, millettiń keleshegi joq.Bunday xalıq hám millet kriziske ushıraydı.[71]"

Kórkem ádebiyattı, ádebiyattanıw iliminiń ulıwma qağıydaların oqıwshılarına úyretiw procesinde olardı turmıstıń mazmunına gózzallıqqa umtıldıradı, gózzallıqtı júzege asırıwshı adamlardı súyiwge, ardaqlawğa, qádirlewge úyretedi.Ádebiyattı túsiniwge úyretetuğın "Ádebiyat qağıydaları" pánin tereń ózlestirgen oqıwshı ózligin tanıytuğın, ózgelerge sırlas bolatuğın insanğa aylanadı. Biz, ""Ádebiyat qağıydaları" pánin akademiyalıq liceylerde oqıtıw usılları" dep atalgan magistrlik dissertaciya jumısın jazıw barısında ilimiy metodikalıq, ádebiy teoriyalıq miynetlerdei kóz qaraslarğa súyengen haldja bir qatar ilimiy sheshim hám juwmaqlar jasawğa háreket qıldıq.

Ulıwma Ózbekstan bilimlendiriw tarawında bilim beriwdiń innovaciyalıq texnologiyalar boyınsha ózbek metodist alımları prof. Q.YUldashevtiń, W.M. Suyunovtiń, R.Ishmuxammedov, A.Abduqodirov, A.Pardaev, M.YUldashevalardıń, B.Twxlievtiń oqıtıw qollanbaları bar. Ásirese, prof.

[71] Миллий истиқлол ғояси: Асосий тушунча ва тамойилар. Тошкент, Ўзбекистон, 2000.

Hotam Umurovtıń akademiyalıq liceyler ushın arnalǵan "Adabiyot qoidalari" oqıw qollanbası ayrıqsha atap ótiwge turarlıq miynet.Sońǵı jallarda qaraqalpaq ilimpazları da bunday iygilikli islerde daslepki qádemlerdi baslap atır. Olardan K.Palımbetov, I.Pirniyazov hám R.Berdimuratovlardıń, Á.Paxratdinovtıń, SH.Allaniyazova hám J.Táńirbergenovtiń, N.V.Pirniyazovanıń, A.Tobanazarovtıń jumısların atap otsek boladı. Olar mekteple, akademiyalıq licey kolledjler ushın jazılǵanlıǵı jaǵınan áhmiyetli. Házirgi waqıtta akademiyalıq liceylerdiń "Ádebiyat qaǵıydaları" pani muǵallimleri tiykarınan K.Mambetovtıń "Ádebiyat teoriyası" hám Q.Járimbetovtın "Ádebiyattanıwdan sabaqlar" kitaplarınan paydalanadı. J.Sagidullaeva hám J.Qaniyazovanıń "Ádebiyat teoriyasın oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar" oqıw qollanbası Qaraqalpaqstan joqarı oqıw orınlarındaǵı pedagogikalıq iskerlik tarawındaǵı jańalıqlardıń biri boldı.Lekin, tilekke qarsı, bul metodikalıq qollanba akademiılq liceydiń emes, al universitettiń ádebiyat teoriyası páni boyınsha úlgi oqıw baǵdarlamaǵa negizlenip islep shıǵılǵan. H.Umurovtıń "Adabiyot qoialari" metodikalıq qollanbası Ózbekistan Respublikası "Tálim tuwralı" nızamı, kadrlar tayarlaw milliy programmasınıń talapları tiykarında joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi, Orta arnawlı, kásip-óner tálim orayınıń ilimiy-metodikalıq keńesi tárepinen akademiyalıq liceyler ushın "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen oqıw baǵdarlamasına tiykarlanıp (1999-jıl, dúziwshiler: H.Boltaboev, A.Kattabekov, U.Júraqulov, D.Farmonov, B.Qosimov, Q.YUldashev) islep shıǵılǵan.

Biz, dissertaciya jumısımızdıń birinshi babında akademiyalıq liceylerde "Ádebiyat qaǵıydaları" pánin oqıtıwdıń teoriyalıq hám ámeliy áhmiyetin kórip shıqtıq, 2013-jıl Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler keńesi Orta arnawlı, kásiplik bilimlendiriw basqarması tárepinen tastıyıqlanǵan, dúziwshileri prof. Q.Járimbetov hám Berdaq atındaǵı QMU akademiyalıq liceydiń ádebiyat oqıtıwshıları bolǵan M.Xuydanazarov hám G.Asenbaevalar dúzgen Akademiyalıq liceyler ushın "Ádebiyat qaǵıydaları" páninen úlgi oqıw baǵdarlamasında bir qatar kemshiliklerdi ańlawǵa eristik. "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha úlgi oqıw baǵdarlamanıń jańa variantın prof. Q.Orazımbetovtıń ózindey kvalifikatsiyaǵa iye universtite hám instituttıń, Respublikalıq pedagog kadrlardı qayta tayarlaw hám qánigeligin arttırıw institutınıń metodist alımları, sonday-aq, respublikanıń tájiriybeli ádebiyat páni oqıtıwshıları tolıqtırıp, jetilistirip, zaman talaplarına say ráwishte qayta islep shıǵıwı kerek, degen sheshimge keldik. Sapalı dúzilgen úlgi oqıw baǵdarlama keleshekte akademiyalıq liceyler ushın arnalǵan "Ádebiyat qaǵıydaları" dep atalǵan sapalı oqıw qollanbanıń jazılıwına tiykar bolıwı múmkin.

Jumısımızdıń ekinshi babında "Ádebiyat qağıydaları" pánin ótiwde dástúriy oqıtıw usıllarınıń áhmiyeti hám interaktiv usıllardı qollanıp ótiw máseleleri ilimiy jaqtan kórip shığıldı. Bárimizge málim, házirgi waqıtta akademiyalıq liceylerdiń "Ádebiyat qağıydaları" páni muǵallimleri temalardı, kóbinshe dástúriy usıllar menen ótip atırǵanlıǵı sır emes. tek ashıq sabaqlar ótiw zárúrligi payda bolǵanda ǵana interaktiv metodlarǵa negizlenip ótiwge urınadı. Biraq, usı pán boyınsha liceyler ushın arnawlı shıǵarılǵan metodikalıq kórsetpeler bolmaǵanlıqtan oqıtıwshılarda sheshiwi qıyın problemalar payda bolmaqta.Álbette, ádebiyattı oqıtıw boyınsha geypara metodikalıq usıllar usınıs etiledi. Degen menen, "Ádebiyat qağıydaları" pániniń basqa ádebiyat pánlerine salıstırǵanda ózine tán spetsifikalıq ózgeshelikleri bar. Akademiyalıq liceylerde pándi dástúriy metodtıń birlesken sabaq túrinde ótiliwi oqıwshılaradıń intellektual sana-sezimin, ruwhıy dúnyasınıń rawajlanıwına tásir tiygizedi. Degen menen, birlesken sabaq túri oqıtıw procesindegi eń jaqsı usıl, dep qarawǵa bolmaydı. Sonday-aq, oqıtıw usıllarınıń hesh qaysısınıń da paydasızı joq, degen pikirge keldik. Qaysı metod qolanılsa da oqıtıwshıdan ayrıqsha bilim, izleniwsheńlik, pedagogikalıq talant, sheberlik talap etiledi.

Jumısımızdıń bul babında "Ádebiyat qağıydaları" pánin oqıtıw procesindegi qollanılıwı múmkin bolǵan geypara treninglerdiń, yaǵnıy interaktiv metodlardıń paydalanıw nátiyjeliligin ilimiy úyrenip shıqtıq. Oqıtıwdıń interaktiv metodları bolǵan "Tarmaqlar", "3x4", "Blic oyın", "Ierarxiya", "Aqılıy hújim", "Jelpigish", "Sinkveyn" h.t.basqada túrlerin úyreniw barısında bul usıllar akademiyalıq licey oqıwshılarında ádebiy túsinikleriniń tereńlesiwine, ózlestirgen bilimleriniń rawajlanıwına úlken tásir jasaytuǵınlıǵına isenim payda boldı. "Ádebiyat qağıydaları" pánin interaktiv texnologiya usıllarına tiykarlanıp ótetuǵın muǵallim óz oqıwshıların ádebiy sawatlılıǵı joqarı, bilim dárejesi zaman talaplarına juwap beretuǵın, teoriyalıq kózqarasları tereń, patriotlıq sanası jetilisken, hár tárepleme gormonikalıq rawajlanǵan, ruwxıy jaqtan kúshli insan etip tárbiyalaw múmkinshiligine iye pedagog, degen sheshimge keliwimizge tiykar boldı.

Dissertaciyanıń úshinshi babında "Ádebiyat qağıydaları" páninde sabaqtan tısqarı jumıslar bolǵan dógerek jumısların shólkemlestiriw, jáne konferensiyalar, kitapxanalar, muzeyler hám teatrlarǵa sayaxatlar shólkemlestiriw máselelerin izertlew ob'ekti etip aldıq."Ádebiyat qağıydaları" páni boyına sabaqtan tıs jumıslardıń izbe-izligi oqıtıwdıń teoriyalıq hám ámeliy dawamıylıǵın bekkemleydi.Onıń negizgi prinsipleri licey oqıwshılarınıń sabaqtan tısqarı waqıtlarda ózin-ózi bilimlendiriw, tárbiyalaw hám jámiyetlik paydalı dóretiwshilik jumıs penen shuǵıllanıwın rawajlandırıwǵa baǵdarlanadı. Oqıwshılardı sabaqtan tısqarı jumıslardaǵı aktivligi olardıń ádebiy teoriyalıq

kózkaras hám túsinikleriniń rawajlanıwına óz betinshe bilim alıw kónlikpelerin iyelewine, hár bir licey oqıwshısınıń wqıbınıń, qızıǵıwshılıǵınıń, progressiv umtılıslarınıń gúlleniwine, bos waqıtlarınan jemisli paydalanıwına, mádeniy dem alıw jumısların shólkemlestiriw uqıbın qáliplestiriwge úlken jardemin tiygizedi degen juwmaqqa keldim.

Qullası, ulıwmalastırıp aytatuǵın bolsaq, "Ádebiyat qaǵıydaları" páni boyınsha oqıtıwshı akademiyalıq liceydiń bilimlendiriw hám tárbiyalaw mazmunınıń ózine tánligin, sonday-aq, bul oqıw ornındaǵı hár qıylı dárejedegi pedagogikalıq hám psixologiyalıq jaǵdayların esapqa alıp, teoriyalıq bilim beriwdiń metodikasın óziniń pedagogikalıq usılları hám sheberligi arqalı rawajlandırıp, onı ayrıqsha shólkemlestirgen formada oqıwshılardıń sanasında bekkem ornalastıra alsa, bilim alıwshılar joqarı estetikalıq talǵam menen jazılǵan kórkemligi joqarı ádebiy shıǵarmalardıń mazmunın tereń túsinetuǵın, emotsiyalıq ańlay alatuǵın, onıń ruwxıy tásirinen zawıqlana alatuǵın dárejede jetisedi. Bunday jaslar ádebiy miyraslarımızdı tereń úyrenetuǵın, qásterleytuǵın, dóretiwshilik pikirlew uqıbına iye, óz kózqarasların erkin qorǵay alatuǵın, hár qanday jaǵdaylarǵa ádil baha bere alatuǵın, ózinshe durıs qarar qabıl ete alatuǵın, ruwxıy bárkamal insan, hár qanday problemalarǵa tolı dáwirde keleshekte óz kásibiniń professional mamanı bolıp jetilisedi degen juwmaqqa keldik.

# PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:

## I. Normativ hu'jjetler


1. O'zbekistan  Respublikasiniń « Bilimlendiriw haqqindag'ı nizami » T. 1998.
2. O'zbekistan Respublikasınıń « Kadrlar tayarlaw milliy dástúri » T.1998.
3. O'zbekistan Respublikası konstitutsiyasi. T. O'zbekistan. 2014.
4. O'zbekistan Respublikasınıń  « Magistratura haqqındaǵı nızamı » T. 2015.


## II. Siyasiy ádebiyatlar:


1. Мирзиёев Ш.М. Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини биргаликда барпо этамиз. – Т.: Ўзбекистон, 2016. – 56 б.
2. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. – Т.: Ўзбекистон, 2017. – 488 б.
3. Мирзиёев Ш.М. Танқидий таҳлил, қатъий тартиб-интизам ва шахсий жавобгарлик − ҳар бир раҳбар фаолиятининг кундалик қоидаси бўлиши керак. − Т.: Ўзбекистон, 2017. – 104 б.
4. Мирзиёев Ш.М. Китап өнимлерин басып шығарыў ҳәм тарқатыў системасын раўажландырыў, китап оқыўды ҳәм китапқумарлық мәдениятын арттырыў жәнe үгит-нәсиятлаў бойынша комиссия дүзиў ҳаққында.  «Еркин Қарақалпақстан» №7, 14-январь, 2017-жыл
5. Mirziyoyev SH.M. « Erkin va farovon demokratik Ozbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz »  .Toshkent. « Ozbekiston » NMIU. 2017. 29-b.
6. Mirziyoyev SH.M. « Qonun ustuvorligi va inson mamanfaatlarini taminlash yurt taraqqiyoti va xalq farvonligining garovi ». «Ozbekiston » NMIU  2017. 47-b.
7. Mirziyoyev SH.M. «Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz nilan birga quramiz ».  « Ozbekiston » NMIU. 2017. 485-b.
8. Ozbekiston Respublikasi Prezidentining 2017-yil 7-fevraldagi Ozbekiston Respublikasini yanada rivojlantirish boyicha harakatlar strategiyasi tog'risidagi PF-4947-sonli farmoni. Ozbekiston Respublikasi qonun hujjatlar toplami . 2017-y. 6-son. 70-modda.

9. Ozbekiston Respublikasi Prezidentining 2017-yil 20-apreldagi « Oliy talim tizimini yanada takomillashtirish chora-tadbirlari tog'risida »gi №2909-sonli qarori.

## III. Tiykarǵi ádebiyatlar:

1. Akademiyalıq liceyler ushın Ádebiyat qaǵıydaları páninen úlgi oqıw baǵdarlaması. Nókis, 2013-jıl, 3-bet. Dúziwshiler: Q.Orazımbetov, M.Qudaynazarov, G.Asenbaeva. (Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi orta arnawlı, kásiplik bilimlendiriw basqarması tárepinen tastıyıqlanǵan).
2. Izzat Sulton. Adabiyot nazariyasi. "O'qituvchi" nashriyot - matbaa ijodiy uyi. Toshkent. 2005. 98-b.
3. Xusanbaev K. Adabiy ta'lim jarayonida o'quvchilarni mustaqil fikrlashga o'rgatishning ilmiy-metodik asoslari. Ped.fak.dok.diss. Tashkent, 2006, 66-bet.
4. Mámbetov K , Ayjanova Z,Daniyarova T .Qaraqalpaq ádebiyatı .Ulıwma bilim beretuǵın mekteplerdiń 8-klassı ushın sabaqlıq. Nókis, Bilim, 2006
5. Palımbetov K., Pirniyazov K., Berdimuratova R. Ádebiyattı oqıtıw metodikası (8-klass ushın metodikalıq qollanba). Nókis. K.Ubaydullaev atındaǵı Respublikalıq pedagog kadrlardı qayta tayarlaw hám qánigeligin arttırıw institutı, 2009.
6. Omonov X.T., Xójaev N.X., Madiyarova S.A., Eschonov E.U. "Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat" Toshkent, 2009.
7. Yóldashev. K. Pedadodik tafakkur va umumta'lim maktablarida adabiyot o'qitishning ilmiy-metodik asoslari. Ped.fak.dok.diss. Tashkent, 1997, 131-bet.
8. Айжанова З. Әдебият сабағында И.Юсуповтың шығармаларын үйрениў. Нөкис, «Билим», 1993.
9. Айжанова З. Әдебият сабағында айырым прозалык шығармаларды үйрениў. Нөкис, «Билим», 1991.
10. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ., Әдебияттаныў атамаларының орысшы-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. "Билим", Нөкис 1994, 4-5-бетлер.
11. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў, "Билим", Нөкис, 1994.
12. Голубков В.В. Методика преподавания литературы. - М.: "Учпедгиз", Рез З.Я Методика преподавания литературы. М.: "Просвещение", 1985. 1962. Кудряшев Н.И. Теоритическое основы методики

литературы: Дис. ... д-ра пед. наук. - М., 1970 Кан-Калик А. В,Хазан В.И. Психолого-педагогическое основы преподавания литературы в школе. - М.:

13. Жәримбетов Қ. Әдебияттаныўдан сабақлар. «Қарақалпақстан», Нөкис,2012
14. Ишмухаммедов Р., Абдикодиров А., Пардаев А. "Таълимда инновацион технологиялар (Таълим муассасалари педагоги ўқитувчилари учун амалий тавсиялар)" (Тошкент Ўзбекистон Республикаси Президентининг "Истеъдод" жамғармаси, 2008).
15. Кан-Калик. В.А., Хазан В.И. Психолого-педагогические преподавания литературы в школе. Учебно пособие для студентов педагогический институтов. Москва, Просвещения, 1988, стр, 19-26.
16. Караманова Г.К. Тарийхшы оқытыў методикасы. Нөкис, "Қарақалпақстан", 2016, 114-бет.
17. Көшімбаев А.Казақ әдебиетін оқыту методикасы.Алматы : «Мектеп» ,1969. Ақшолақов Т.Көркем шығарманың эстетикалық тәбиғатин таныту.Алматы. : «Мектеп»,1975 . Язымов О,Мырадурдыев А. Әдебияты оқытмак методикасы.Ашгабат : «Магариф»,1963. Язымов О.Түркмен мектеплериниң 4-7-классларында әдебияттан сапақлар. Ашгабат : «Магариф»,1983. Язымов О. А́дебияты окатмак методикасының меселери хақында. Ашгабат:«Магариф»,1975. Аһмедов А. Азербайчан әдебиjатиниң тедриси тарихинден. Баки: Маариф, 1971. Бабаев. А. IX синифда әдебеjат дэрслэри. -Баку: Маариф, 1976
18. Мақсетов Қ., Ә.Тәжимуратов, Қарақалпақ фольклоры.Нөкис, Қарақалпақстан. 1979-жыл.
19. Манзура В.А. Методика преподавания литературы в школе. Учебник для студентов педвузов. Горловка, 2010
20. Миллий истиқлол ғояси: Асосий тушунча ва тамойилар. Тошкент, Ўзбекистон, 2000.
21. Мәмбетов К. Әдебият теориясы ."Билим", Нөкис 1995.
22. Пахратдинов Ә. Педтехнология тийкарлары. "Қарақалпақстан", Нөкис, 2009, 37-бет
23. Пахратдинов Ә.Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Нөкис, «Билим»,2004
24. Сагидуллаева Ж, Каниязова Ж. Әдебият теориясын оқытыўда инновацион технологиялар. "Қарақалпақстан", Нөкис, 2016.
25. Ситникова Н.А. Рабочая программа литературного программа. https://www.google.com/search?g

26. Тобаназаров А. Кәсип-өнер колледжлеринде қарақалрақ әдебиятын оқытыўдың базы бир мәселелери. "Билим", Нөкис, 2015
27. Толостой Л.Н.Полн.собр.соч.:В 90 т.-Т.30.-С.131.
28. Умуров Ҳ. "Адабиёт қоидалари". "Ўқитувчи" нашриёти, Ташкент, 2002.
29. Шевцова Н.В. Рол внеклассной работá в формировании предметнáх компетенции учащихся и мотивации у изучению русского язáка и литературá. http://www.Подмосковье.рф/projects/18502
30. Юлдашев Қ. Педагогик тафаккур ва умутаълим мактабларида адабиёт ўқитишнинг илмий-методик асослари: Пед.фан.док.дисс.Тошкент, 1997, 148 бет.
31. Юлдашев Ж. "Янги педагогикалық технология". "Халқ таълими" журналы, 1999 й. №4.

**Internet saytlar:**

1.www.ziyonet.uz
2.www.edu.uz
3.www.gov.uz
4.www.tdpu.uz
5.www.karsu.uz